


# Byenvini Ozetazini

*Yon gid pou nouvo imigran*



**U.S. Citizenship  
and Immigration  
Services**





# **Byenvini Ozetazini**

*Yon gid pou nouvo imigran*



**U.S. Citizenship  
and Immigration  
Services**



# U.S. GOVERNMENT OFFICIAL EDITION NOTICE



## Use of ISBN Prefix

This is the Official U.S. Government edition of this publication and is herein identified to certify its authenticity. Use of the 0-16 ISBN prefix is for U.S. Government Publishing Office Official Editions only. The Superintendent of Documents of the U.S. Government Publishing Office requests that any reprinted edition clearly be labeled as a copy of the authentic work with a new ISBN.

The information presented in *Welcome to the United States: A Guide for New Immigrants* is considered public information and may be distributed or copied without alteration unless otherwise specified. The citation should be:

U.S. Department of Homeland Security, U.S. Citizenship and Immigration Services, Office of Citizenship, *Welcome to the United States: A Guide for New Immigrants*, Washington, DC, 2015.

U.S. Citizenship and Immigration Services (USCIS) has purchased the right to use many of the images in *Welcome to the United States: A Guide for New Immigrants*. USCIS is licensed to use these images on a non-exclusive and non-transferable basis. All other rights to the images, including without limitation and copyright, are retained by the owner of the images. These images are not in the public domain and may not be used except as they appear as part of this guide.

This guide contains information on a variety of topics that are not within the jurisdiction of U.S. Department of Homeland Security (DHS)/USCIS. If you have a question about a non-DHS/USCIS issue, please refer directly to the responsible agency or organization for the most current information. This information is correct at the time of printing, however, it may change in the future.

# Lis sijè yo

<b>Byenvini Ozetazini: Yon gid pou nouvo imigran.</b> . . . . .	<b>1</b>
Depatman ak ajans federal . . . . .	2
Peyi Etazini jounen jodi a . . . . .	3
Jou konje federal yo . . . . .	4
Kontakte USCIS . . . . .	5
<b>Enfòmasyon sou gid sa</b> . . . . .	<b>7</b>
Kote pou w jwenn èd . . . . .	8
Resous USCIS sou Entènèt . . . . .	10
<b>Dwa w ak responsabilite w antanke rezidan pèmanan</b> . . . . .	<b>13</b>
Dwa w ak responsabilite w . . . . .	14
Konsève estati rezidans pèmanan w lan . . . . .	16
Si w se yon rezidan pèmanan kondisyonèl . . . . .	19
Jwenn asistans legal. . . . .	21
Konsekans aksyon kriminel pou rezidan pèmanan . . . . .	24
<b>Etabli w Ozetazini.</b> . . . . .	<b>27</b>
Jwenn yon nimewo Sekirite Sosyal . . . . .	28
Jwenn yon kote pou w rete . . . . .	30
Chèche yon travay . . . . .	35
Gadri pou timoun . . . . .	41
Transpò . . . . .	43
<b>Jere lajan w</b> . . . . .	<b>47</b>
Finans pèsònèl ou . . . . .	48
Peye enpo . . . . .	51
Pwoteje tèt ou ak lajan w . . . . .	53
<b>Konprann edikasyon ak swen sante</b> . . . . .	<b>57</b>
Edikasyon Ozetazini . . . . .	58
Edikasyon siperyè: kolèj ak inivèsite . . . . .	65
Lekòl pou granmoun. . . . .	67
Aprann anglè . . . . .	68
Swen sante . . . . .	69
Lòt pwogram asistans federal . . . . .	72

<b>Kenbe kay ou ak fanmi w an sekirite</b> .....	<b>75</b>
Prepare w .....	76
Rete enfòmè .....	78
Fè fas a yon ijans .....	79
<b>Aprann konnen peyi Etazini</b> .....	<b>83</b>
Nou menm pèp la: Wòl yon sitwayen ameriken .....	84
Kòman peyi Etazini te kòmanse .....	85
Kreye “yon inyon ki pi pafè” .....	87
Kòman gouvènman federal la fonksyone .....	90
Pouvwa Lejislatif la: Palman an .....	91
Pouvwa Egzekitif la: Prezidan an .....	93
Pouvwa Jidisyè a: Lakou Siprèm .....	93
Gouvènman eta ak otorite lokal .....	94
Viv Ozetazini .....	95
<b>Pou w vini yon sitwayen ameriken</b> .....	<b>97</b>
Poukisa pou w vin yon sitwayen ameriken? .....	98
Natiralizasyon: Pou w vini yon sitwayen ameriken .....	100
Ou sou bon wout la .....	107

# Byenvini Ozetazini

## *Yon gid pou nouvo imigran*

Konpliman dèske ou se yon rezidan pèmanan Ozetazini kounye a! Nan non Prezidan peyi Etazini an ak pèp ameriken an, nou swete w byenvini e nou swete w anpil siksè isit.

Sa fè lontan depi peyi Etazini ap akeyi imigran ki soti tout kote nan lemond. Peyi Etazini apresye kontribisyon imigran yo ki kontinye anrichi peyi sa a epi prezève eritaj li a antanke yon peyi ki bay libète ak opòtinite.

Antanke yon rezidan pèmanan Ozetazini, ou pran desizyon pou w rele peyi sa a peyi pa w. Pandan w ap travay pou reyisi rive nan objektif ou genyen yo, pran tan pou w rive konnen peyi sa a, istwa li ak pèp li a. Kounye a se alafwa dwa w e responsabilite w pou kreye lavni peyi Etazini epi asire siksè li nètale.

Gen anpil opòtinite enteresan k ap tann ou pandan w ap kòmanse lavi w antanke rezidan pèmanan gran peyi sa a. Byenvini Ozetazini!

Sèvis Sitwayènte ak Imigrasyon Ameriken

# Depatman ak ajans federal

Si w gen kesyon e ou pa konnen ki depatman ki kapab reponn ou, rele 1-800-FED-INFO (oswa 1-800-333-4636). Si w gen pwoblèm tande, rele 1-800-326-2996.

Ou kapab vizite [www.usa.gov](http://www.usa.gov) tou pou w jwenn enfòmasyon jeneral sou depatman ak ajans federal yo.

## **Depatman Edikasyon Ameriken (Department of Education [ED])**

Telefòn: 1-800-USA-LEARN  
Telefòn: 1-800-872-5327  
Pou moun ki gen pwoblèm tande: 1-800-437-0833  
[www.ed.gov](http://www.ed.gov)

## **Komisyon pou Opòtinite Anplwa Egal Ameriken (Equal Employment Opportunity Commission, EEOC)**

Telefòn: 1-800-669-4000  
Pou moun ki gen pwoblèm tande: 1-800-669-6820  
[www.eeoc.gov](http://www.eeoc.gov)

## **Depatman Sante ak Sèvis Imen (Department of Health and Human Services [HHS])**

Telefòn: 1-877-696-6775  
[www.hhs.gov](http://www.hhs.gov)

## **Depatman Sekirite Enteryè Ameriken (U.S. Department of Homeland Security, DHS)**

Telefòn: 202-282-8000  
[www.dhs.gov](http://www.dhs.gov)

## **Sèvis Sitwayènte ak Imigrasyon Ameriken (U.S. Citizenship and Immigration Services, USCIS)**

Telefòn: 1-800-375-5283  
Pou moun ki gen pwoblèm tande: 1-800-767-1833  
[www.uscis.gov](http://www.uscis.gov)

## **Pwoteksyon Dwàn ak Fwontyè Ameriken (U.S. Customs and Border Protection, CBP)**

Telefòn: 202-354-1000  
[www.cbp.gov](http://www.cbp.gov)

## **Ranfösman Imigrasyon ak Dwàn Ameriken (U.S. Immigration and Customs Enforcement (ICE))**

[www.ice.gov](http://www.ice.gov)

## **Depatman Lojman ak Devlopman Iben (Department of Housing and Urban Development [HUD])**

Telefòn: 202-708-1112  
Pou moun ki gen pwoblèm tande: 202-708-1455  
[www.hud.gov](http://www.hud.gov)

## **Depatman Jistis (Department of Justice [DOJ])**

Telefòn: 202-514-2000  
[www.justice.gov](http://www.justice.gov)

## **Depatman Trezò Ameriken (U.S. Department of the Treasury)**

Depatman Enpo sou Revni Entèn (Internal Revenue Service (IRS))  
Telefòn: 1-800-829-1040  
Pou moun ki gen pwoblèm tande: 1-800-829-4059  
[www.irs.gov](http://www.irs.gov)

## **Sistèm Sèvis Selektif (Selective Service System, SSS)**

Telefòn: 1-888-655-1825  
Telefòn: 847-688-6888  
Pou moun ki gen pwoblèm tande: 847-688-2567  
[www.sss.gov](http://www.sss.gov)

## **Administrasyon Sekirite Sosyal (Social Security Administration, SSA)**

Telefòn: 1-800-772-1213  
Pou moun ki gen pwoblèm tande: 1-800-325-0778  
[www.socialsecurity.gov](http://www.socialsecurity.gov) oswa [www.segurosocial.gov/espanol](http://www.segurosocial.gov/espanol)

## **Depatman Leta (Department of State [DOS])**

Telefòn: 202-647-4000  
Pou moun ki gen pwoblèm tande: 1-800-877-8339  
[www.state.gov](http://www.state.gov)



# Peyi Etazini jounen jodi a



Peyi Etazini gen ladan l tou tèritwa Guam, Samoa Ameriken, Zile Vyèj Ameriken yo, ak kòmmonwèlf Zile Nò Mariana yo ak Pòtoriko, ki pa parèt sou kat sa a.

# Jou konje federal yo

Pifò biwo federal yo fèmen nan jou konje ofisyèl yo. Si yon jou konje tonbe yon samdi, yo obsève jou sa a nan vandredi avan jou an. Si yon jou konje tonbe yon dimanch, yo obsève li nan lendi aprè a. Anpil anplwayè ki nan sektè prive a bay anplwaye yo konje tou nan dat sa yo. Gouvènman federal la genyen jou konje ofisyèl ann apre sa yo.

Jou nan nouvèl ane a	1ye janvye
Anivèsè Martin Luther King, Jr.	3yèm lendi nan mwa janvye
Jou Prezidan yo	3yèm lendi nan mwa fevriye
Jou memoryal	Dènye lendi nan mwa me
Jou Endepandans	4 jiyè
Jou travay (Labor Day)	Premye lendi nan mwa septanm
Jou Kristòf Kolon (Columbus Day)	2yèm lendi nan mwa oktòb
Jou pou veteran fòs lame yo	11 novanm
Jou remèsiman (Thanksgiving)	4yèm jedi nan mwa novanm
Nwèl	25 desanm

# Kontakte USCIS

Ale sou sit wèb USCIS la nan [www.uscis.gov](http://www.uscis.gov) ak [www.welcometousa.gov](http://www.welcometousa.gov), yon resous pou nouvo imigran.

Rele Sèvis Kliyantèl la nan 1-800-375-5283 oswa 1-800-767-1833 (pou moun ki gen pwoblèm tandè).

Pou jwenn fòmilè yo, vizite sit wèb USCIS la oswa rele Telefòn Fòmilè USCIS la nan 1-800-870-3676.



---

# Enfòmasyon sou gid sa

Gid sa gen enfòmasyon debaz pou ede w etabli Ozetazini e pou w jwenn sa ou menm ak fanmi w bezwen pou lavi toulejou. Li rezime tout enfòmasyon enpòtan sou stati legal ou ak sou ajans ak òganizasyon k ap bay dokiman oswa sèvis esansyèl ou ka gen bezwen.

Antanke yon rezidan pèmanan, ou ta dwe kòmanse aprann kèk bagay sou peyi sa a, popilasyon li a ak sistèm gouvènman li a. Itilize gid sa pou konnen dwa w ak responsabilite w antanke imigran e pou w konprann kòman gouvènman an fonksyone nan nivo federal, eta ak lokal. Ou kapab aprann tou sou evenman istorik enpòtan ki kreye peyi Etazini, ansanm ak enpòtans sa genyen pou w patisipe nan kominote w la ak kèk sijesyon sou fason pou w fè sa.

Gid sa a bay enfòmasyon jeneral sou dwa, responsabilite ak pwosedi ki gen rapò ak rezidan pèmanan. Pou jwenn plis enfòmasyon spesifik e detaye, ou dwe konsilte lwa, règleman, fòmilè yo ansanm ak gid Sèvis Sitwayènte ak Imigrasyon Ameriken (U.S. Citizenship and Immigration Services, USCIS). Ou dwe toujou konsilte resous pi detaye sa yo si w gen kesyon spesifik sou zafè oswa dosye imigrasyon pa w la. Ou ka jwenn enfòmasyon sa yo tou sou sit wèb USCIS la nan **www.uscis.gov**. Ou ka jwenn fòmilè USCIS sou sit wèb la oswa rele Telefòn Fòmilè USCIS la nan 1-800-870-3676. Pou jwenn plis enfòmasyon, rele Sèvis Kliyantèl nou an nan 1-800-375-5283 oswa 1-800-767-1833 (pou moun ki gen pwoblèm tande).

## Kote pou w jwenn èd

Gid sa ap ede w kòmanse, men li pa ka reponn tout kesyon ou ka genyen sou lavi Ozetazini. Pou w jwenn plis enfòmasyon, ou ka kontakte yon biwo eta, konte, oswa vil la pou jwenn enfòmasyon sou sèvis yo ofri oswa konsilte òganizasyon lokal k ap ede nouvo imigran. Ou ka jwenn biwo ak òganizasyon sa yo lè w sèvi ak resous gratis sa yo nou esplike pi ba a.

### Bibliyotèk Piblik la

Bibliyotèk piblik Ozetazini gratis epi yo louvri pou tout moun. W ap jwenn bibliyotèk yo nan prèske chak kominote. Pèsonèl nan bibliyotèk la kapab ede w jwenn enfòmasyon sou prèske nenpòt sijè e yo kapab ba w yon kat bibliyotèk ki kapab pèmèt ou prete atik tankou liv, DVD ak lòt resous, gratis. Pifò bibliyotèk yo gen jounal lokal tou ou kapab li ansanm ak òdinatè ou ka itilize pou w ale sou Entènèt.



Kèk bibliyotèk gen klas enfòmatrik, kou anglè, ak lòt pwogram gratis pou timoun ak granmoun tou. Poze anplwaye bibliyotèk yo kesyon sou sèvis yo ofri nan kominote w la. Pou w jwenn yon bibliyotèk tou pre lakay ou, vizite [www.nces.ed.gov](http://www.nces.ed.gov).

## Anyè telefonik lan

Anyè telefonik lokal ou a gen nimewo telefòn ak enfòmasyon enpòtan sou sèvis federal, sèvis eta ak sèvis kominote lokal. Anyè telefonik la gen enfòmasyon pou ka ijans, kat jeyografik lokal ak enfòmasyon sou fason pou w jwenn sèvis telefòn. Paj blanch yo gen lis nimewo telefòn moun e paj jòn yo gen lis nimewo telefòn ak adrès pou biznis ak òganizasyon. Ou kapab rele 411 tou sou telefòn ou pou w jwenn yon nimewo telefòn spesifik nenpòt kote Ozetazini. Ou kapab gen pou w peye yon pri lè w rele 411.



## Entènèt la

Entènèt la ka mete w an kontak ak plizyè sous enfòmasyon, tankou sit wèb ajans gouvènman federal, eta ak otorite lokal yo. Pifò sit wèb gouvènman an fini ak ".gov." Si w pa gen yon òdinatè lakay ou, ou kapab itilize youn nan bibliyotèk piblik yo. Ou kapab sèvi ak Entènèt pou w chèche travay, jwenn kay, chèche enfòmasyon sou lekòl pou timoun e lokalize òganizasyon kominotè ak resous ki kapab ede w. Ou kapab itilize Entènèt tou pou w jwenn enfòmasyon enpòtan ansanm ak dènye evenman e pou w dekouvri enfòmasyon enteresan sou lavi Ozetazini, istwa ak gouvènman ameriken ak kominote lokal ou a. Pou w jwenn tout resous gouvènman federal la ofri nouvo imigran yo, ale sou [www.welcometousa.gov](http://www.welcometousa.gov).



## TI KONSÈY



Antanke imigran ou dwe konnen gen moun ki malveyan ki fè fo sit wèb ki sanble ak sit wèb gouvènman an pou bay konfizyon e pou pran avantaj sou ou. Pa bliye, sit wèb ofisyèl Sèvis Sitwayènte ak Imigrasyon Ameriken an se [www.uscis.gov](http://www.uscis.gov).

## Òganizasyon Kominotè ak Òganizasyon Relijye ki ede Imigran

Gen òganizasyon nan anpil kominote ki bay asistans gratis oswa ki pa koute chè pou imigran. Òganizasyon sa yo kapab ba ou enfòmasyon sou kominote w la ak sèvis ki genyen pou ou antanke imigran. Ou kapab chèche òganizasyon sa yo sou Entènèt, nan anyè telefònik lokal ou a, lè w mande anplwaye bibliyotèk piblik la oswa lè w kontakte ajans sèvis sosyal gouvènman lokal ou a.

## Resous USCIS sou Entènèt

USCIS gen anpil resous itil ki disponib sou entènèt. Resous sa yo bay enfòmasyon sou koze imigrasyon, konbyen tan dosye yo pran, stati dosye, pri ak lòt benefis.

RESOUS SOU ENTÈNÈT	
Si w vle:	Vizite:
Tcheke stati dosye w, gade konbyen tan pwosesis yo pran, abòne pou resevwa mizajou sou stati w oswa jwenn biwo USCIS ki pi prè w la	<a href="http://www.uscis.gov">www.uscis.gov</a>
Tcheke pri aplikasyon aktyèl yo	<a href="http://www.uscis.gov/fees">www.uscis.gov/fees</a>
Pran yon randevou INFOPASS gratis ak yon Responsab USCIS	<a href="http://infopass.uscis.gov">http://infopass.uscis.gov</a>



## **Plis enfòmasyon pou nouvo imigran**

*Byenvini Ozetazini: Yon gid pou nouvo imigran disponib nan lòt lang sou [www.uscis.gov/newimmigrants](http://www.uscis.gov/newimmigrants).*



# Dwa w ak responsabilite w antanke rezidan pèmanan

Antanke rezidan pèmanan, yo atann pou w konsidere peyi Etazini kòm kay ou e pou w respekte e obeyi lwa peyi a. Lè w se yon rezidan pèmanan, sa vle di tou ou gen nouvo dwa ak responsabilite.

Estatid rezidan pèmanan an se yon privilèj, li pa yon dwa. Gouvènman ameriken an kapab retire estatid rezidans pèmanan w lan nan kèk sikonstans. Ou dwe kenbe estatid rezidans pèmanan w lan si w vle viv ak travay Ozetazini e pou w vin yon sitwayen ameriken yon jou.

Nan seksyon sa, ou pral aprann kisa sa vle di pou w se yon rezidan pèmanan ak sa w bezwen pou kenbe estatid rezidans pèmanan w lan.

## Dwa w ak responsabilite w

Konpòtman ou antanke yon rezidan pèmanan kapab afekte chans ou pou w vin yon sitwayen ameriken pita. Pwosesis pou vin yon sitwayen ameriken rele “natiralizasyon”.

Antanke yon rezidan pèmanan, ou gen dwa pou:

- Abite de fason pèmanan nenpòt kote Ozetazini.
- Travay Ozetazini.
- Gen byen Ozetazini.
- Ale nan lekòl leta.
- Aplike pou yon lisans pou kondui nan eta oswa tèritwa kote ou abite a.
- Rantre nan sèten branch nan fòs lame peyi Etazini.
- Resevwa Sekirite Sosyal, Revni Sekirite Siplemanchè ak benefis Medicare, si ou kalifye.
- Aplike pou w vin yon sitwayen ameriken lè ou kalifye.
- Mande yon viza pou konjwen ou ak timoun ou an ki pa marye pou yo vin abite Ozetazini.
- Kite e retounen Ozetazini selon sèten kondisyon.

Antanke yon rezidan pèmanan, ou dwe:

- Obeyi tout lwa federal, leta ak lokal yo.
- Peye enpo federal, eta ak lokal sou revni.
- Anrejistre nan Sèvis Selektif la (fòs lame ameriken), si w se yon gason ki gen ant laj 18 a 26 zan. Gade page 18 pou w jwenn plis espplikasyon.
- Kenbe estati imigrasyon w.
- Toujou mache ak prèv ke ou se yon rezidan pèmanan.
- Chanje adrès ou sou Entènèt oswa voye l bay USCIS pa ekri nan espas 10 jou chak fwa ou demenaje. Gade page 19 pou w jwenn plis espplikasyon.



## Men sa ou kapab fè

Antanke yon rezidan pèmanan, ou genyen anpil dwa ak libète. Anretou, ou genyen kèk responsabiltè. Youn nan responsabiltè enpòtan se patisipe nan aktivite kominote w. Ou dwe aprann konnen tou kilti, istwa e gouvènman ameriken an. Ou ka fè sa lè ou pran klas lekòl pou granmoun e lè w li jounal lokal yo.

Rezidan pèmanan resevwa yon kat rezidans pèmanan valid (Fòmilè I-551) kòm prèv stati legal yo Ozetazini. Gen kèk moun ki rele kat sa a “Kat Vèr” (Green Card). Si w ap imigre Ozetazini antanke rezidan pèmanan, fòk ou peye frè imigran USCIS la. Ou kapab peye frè sa sou entènèt atravè sistèm imigrasyon elektwonik USCIS la (USCIS ELIS) nan [www.uscis.gov/uscis-elis](http://www.uscis.gov/uscis-elis). Tanpri se pou w konnen ou pap ka resevwa kat rezidans pèmanan w lan si ou pa peye frè imigrasyon USCIS la. Si w te vin yon rezidan pèmanan pa mwayen yon ajisteman estati w pandan w te Ozetazini, w ap sèlman peye frè pou Fòmilè I-485, Aplikasyon Pou Anrejistre Rezidans Pèmanan oswa Regularize Stati a, w ap peye pri aplikasyon an men w pap peye frè imigran USCIS la.

Si w se yon rezidan pèmanan ki gen 18 an oswa plis, ou fèt pou w toujou gen avèk ou prèv stati imigrasyon ou. Ou dwe montre yon ofisye imigrasyon oswa ofisye polis kat la si yo mande w wè l. Kat Rezidans Pèmanan w lan ka valab pou 10 zan, e ou dwe renouvle l avan l ekspire oswa si ou chanje non w. Pou w ranplase oswa renouvle Kat Rezidans Pèmanan w lan, ou dwe ranpli Fòmilè I-90, Demann pou Ranplase Kat Rezidan Pèmanan. Ou dwe peye yon frè pou w depoze Fòmilè I-90 la. Ou ka jwenn Fòmilè sa a nan [www.uscis.gov](http://www.uscis.gov) oswa lè ou rele Telefòn Fòmilè USCIS yo nan 1-800-870-3676. Si w se yon rezidan pèmanan kondisyonèl (RK) atravè maryaj oswa biznis, ou te resevwa yon kat pou 2 zan. Pa itilize Fòmilè I-90 la pou aplike pou yon eskansyon oswa renouvèlman stati w. Olye de sa, ou dwe fè yon aplikasyon pou leve kondisyon an avan kat la ekspire. Gade page 19 pou esplikasyon sou kòman pou leve kondisyon sou estati rezidans pèmanan w lan.

Kat rezidans pèmanan w lan montre ou gen pèmisyon pou w viv e travay Ozetazini. Ou kapab itilize kat rezidans pèmanan w lan tou pou retounen Ozetazini apre w te vwayaje aletranje. Si w andeyò Etazini pou plis pase 12 mwa, ou pral oblije montre kèk dokiman sipleman pou w kapab retounen Etazini antanke yon rezidan pèmanan. Pou plis enfòmasyon sou dokiman sa yo, gade page 17.



# Konsève estati rezidans pèmanan w lan

Kou w fin resevwa estati rezidans pèmanan, w ap toujou rete yon rezidan pèmanan jiskaske stati w chanje jan sa prevwa nan lwa imigrasyon ameriken an. Yon fason ou kapab pèdi estati rezidans pèmanan se lè w abandone l. Ou abandone estati rezidans pèmanan w lè w kite peyi Etazini pou viv aletranje pou toutan ak entansyon pou w abandone estati rezidans pèmanan w lan. Se konduit ou ki pral montre entansyon w. Gen kèk bagay ou ka fè pou diminye posiblite pou gouvènman ameriken an ta wè w abandone stati w:

- Pa kite Etazini pandan twò lontan a mwens ke sikonstans yo montre ke se pou yon rezon tanporè ou te vwayaje (pa egzanp, ale lekòl, pran yon djòb tanporè oswa okipe yon manm fanmi w). Si w absan pandan yon ane oswa plis, ou pa kapab itilize kat rezidans pèmanan w lan pou rantre Etazini.
- Si yon bagay rive ki ba w reta sou retou w, se pou w pare pou w esplike rezon ki bay reta a.
- Ranpli deklarasyon enpo sou revni federal, ak sou revni eta ak revni lokal yo tou, si sa aplikab.
- Enskri nan Sèvis Selektif la si w se yon gason ki gen ant laj 18 ak 26 zan.
- Bay USCIS nouvo adrès ou nan entèval 10 jou chak fwa ou demenaje.



## Byen kenbe Dokiman Enpòtan



Sere dokiman enpòtan ou te pote soti nan peyi natif natal ou yo nan yon kote sekirize. Dokiman enpòtan sa yo se paspò, batistè, ak maryaj, ak divòs, diplòm ki montre ou te diplome nan lekòl segondè oswa inivèsite, epi sètifika ki montre ou genyen fòmasyon oswa talan espesyal.

## Konsève estati imigrasyon w

Kèk imigran kwè yo ka viv nan yon lòt peyi epi kenbe estati rezidans pèmanan yo depi yo tounen Ozetazini pou pi piti yon fwa chak ane, men yo twonpe yo. Vwayaje Ozetazini yon fwa nan yon ane kapab pa sifi pou kenbe stati w. Rezidan Pèmanan kapab vwayaje andeyò peyi Etazini, epi yon vwayaj ki tanporè oswa ki kout nòmalmman pap afekte estati rezidans pèmanan w. Si w kite peyi a pandan lontan oswa ou montre nan yon lòt fason ou pa gen entansyon fè peyi Etazini vin peyi pèmanan ou, gouvènman ameriken an ka detèmine w abandone estati rezidans pèmanan w lan. Sa kapab rive tou si w fè yon vwayaj ki dire ant sis mwa ak yon ane, si gen prèv ki montre ou pa te gen entansyon fè Etazini vin peyi pèmanan w.

Ou kapab itilize kat rezidans pèmanan w lan kòm yon dokiman vwayaj pou w tounen Etazini si w pa t wayaje aletranje pandan yon ane oswa plis. Si w panse ou pral rete deyò peyi Etazini pou plis pase 12 mwa, ou dwe aplike pou yon pèmi pou retounen **avan** ou kite peyi a; pou w fè sa, w ap ranpli Fòmilè I-131, Otorizasyon Vwayaj. Ou dwe peye yon frè pou w voye aplikasyon Fòmilè I-131 an. Ou ka jwenn Fòmilè I-131 an nan **www.uscis.gov** oswa lè ou rele Telefòn Fòmilè USCIS yo nan 1-800-870-3676.

Yon pèmi pou retounen valab pou 2 zan. Nan yon pò, ou kapab montre pèmi pou retounen an, nan plas yon visa oswa yon kat rezidans pèmanan. Menm si ou genyen yon pèmi pou retounen sa pa garanti y ap kite w antre Etazini lè ou tounen, men l ap pi fasil si ou monte se nan yon vizit tanporè aletranje ou soti. Si w ta renmen gen plis enfòmasyon sou vwayaj entènasyonal antanke yon rezidan pèmanan, tanpri ale sou **www.uscis.gov**.

Ou dwe konnen tou—ke w ta petèt abandone estati rezidan w ou non—yo ap fè yon enspeksyon imigrasyon konplè sou ou antanke yon kandida pou admisyon nenpòt lè w ta vwayaje aletranje pou omwen 181 jou, oswa nan lòt sitiyasyon ki ekri nan lwa imigrasyon an.

## Fè deklarasyon enpo

Antanke yon rezidan pèmanan, ou dwe fè deklarasyon enpo sou revni e rapòte valè lajan ou fè bay Depatman Enpo sou Revni Entèn nan (Internal Revenue Service, IRS) ak bay biwo enpo nan eta, vil, oswa lokal la, si yo mande sa. Si w pa fè deklarasyon enpo sou revni w pandan w abite andeyò peyi Etazini pou nenpòt ki kantite tan, oswa si w di ou pa yon imigran sou papye deklarasyon sou revni w lan, gouvènman ameriken an ka deside ou abandone estati rezidans pèmanan w lan.

## Enskri nan Sèvis Selektif la

Tout gason ki gen ant laj 18 a 26 zan dwe enskri nan Sèvis Selektif la. Gason ki te jwenn viza imigran yo oswa te regilarize estati yo nan laj sa a kapab te enskri otomatikman nan Sèvis Selektif la. Si se sa, ou ta dwe resevwa enfòmasyon nan yon lèt k ap di ou te enskri. Si w pa sèten w enskri, pale ak yon moun nan Sèvis Selektif la ki kapab tcheke dosye w. Ou ka tcheke tou sou sit wèb Sèvis Selektif la sou [www.sss.gov](http://www.sss.gov).

Lè ou anrejistre, ou di gouvènman an ou disponib pou w sèvi nan fòs lame ameriken. Peyi Etazini pa genyen yon sèvis militè obligatwa pou kounye a, men yo toujou mande gason ki gen ant 18 a 26 zan pou yo anrejistre. A mwens ke yo vle, rezidan pèmanan ak sitwayen ameriken pa oblije sèvi nan lame.

Ou kapab anrejistre nan yon biwo lapòs ameriken oswa sou Entènèt. Pou anrejistre pou Sèvis Selektif sou Entènèt, vizite sit Sistèm Sèvis Selektif la nan [www.sss.gov](http://www.sss.gov). Pou pale ak yon moun nan Sèvis Selektif la, rele 847-688-6888. Apèl sa a pa gratis.

Ou kapab jwenn enfòmasyon tou sou sit wèb USCIS la nan [www.uscis.gov](http://www.uscis.gov).





## Bay USCIS nouvo adrès ou

Ou dwe fè USCIS konnen si ou chanje adrès. Ranpli Fòmilè AR-11, Chanjman Adrès la, nan entèval 10 jou apre w demenaje. Pou w jwenn enfòmasyon sou chanjman adrès, ale sou sit wèb USCIS la nan [www.uscis.gov/addresschange](http://www.uscis.gov/addresschange) oswa rele Sèvis kliyantèl la nan 1-800-375-5283. Ou dwe fè USCIS konnen **chak fwa** ou chanje adrès.

Pou plis enfòmasyon, rele USCIS nan 1-800-375-5283 oswa vizite [www.uscis.gov](http://www.uscis.gov).

## Si w se yon rezidan pèmanan kondisyonèl

Ou kapab Ozetazini kòm yon rezidan pèmanan kondisyonèl (RK). Ou se yon RK si ou te marye pou mwens pase de ane ak konjwen ou ki se yon sitwayen ameriken oswa yon rezidan pèmanan nan jou yo te ba w estati rezidans pèmanan w lan. Si ou gen timoun, yo kapab rezidan pèmanan kondisyonèl tou. Gade Fòmilè I-751, Demann pou Retire Kondisyon sou Rezidans, pou w jwenn espikasyon sou pwosesis demann pou timoun. Gen imigran ki se rezidan pèmanan kondisyonèl tou.

Yon RK genyen menm dwa ak responsabilite avèk yon rezidan pèmanan. Rezidan pèmanan kondisyonèl yo dwe ranpli Fòmilè I-751, epi imigran investisè yo dwe ranpli Fòmilè I-829, Demann Antreprenè pou Retire Kondisyon **nan** yon delè 2 zan apre dat yo te ba yo estati rezidans pèmanan kondisyonèl la. Dat sa a lepli souvan se dat ekspirasyon kat rezidans pèmanan w lan. Ou dwe ranpli fòmilè sa yo **nan** yon delè 90 jou **avan** dezyèm anivèsè depi ou te resevwa stati rezidan kondisyonèl ou a. Si w pa fè sa, ou kapab pèdi stati imigrasyon w lan.



## Ranpli Fòmilè I-751 an ansanm ak mari w oswa madanm ou

Si w se yon rezidan kondisyonèl e ou imigre sou baz maryaj ou avèk yon sitwayen ameriken oswa yon rezidan pèmanan, alòs ou menm ak konjwen ou oblije ranpli Fòmilè I-751 an ansanm pou retire kondisyon yo sou stati rezidan w lan.

Pafwa, ou pa bezwen ranpli Fòmilè I-751 ansanm ak mari oswa madanm ou. Si ou pa marye ak mesye oswa madanm lan ankò oswa konjwen ou te abize w, ou kapab ranpli Fòmilè I-751 an poukont ou. Ou kapab ranpli Fòmilè I-751 an pou kont ou, si depòtasyon de peyi Etazini t ap lakoz gwo difikilte pou ou. Si ou pap aplike ansanm ak konjwen ou, ou kapab ranpli Fòmilè I-751 an nenpòt lè apre ou vin yon rezidan pèmanan kondisyonèl.

### Fason pou w ranpli Fòmilè I-751 an ak Fòmilè I-829 USCIS la

**Kiyès:** Rezidan pèmanan kondisyonèl (RK)

**Poukisa:** Estati rezidan pèmanan kondisyonèl la ekspire 2 zan **aprè** dat ou te vin yon RK.

**Kilè:** Rezidan pèmanan kondisyonèl k ap fè demann ansanm ak konjwen li dwe ranpli Fòmilè I-751 an. Imigran Envestisè yo dwe ranpli Fòmilè I-829. Yo dwe ranpli toulede fòmilè sa yo nan yon delè 90 jou **avan** stati rezidan kondisyonèl la ekspire. Dat ekspirasyon an ekri sou kat rezidans pèmanan w lan.

**Kote w ap jwenn fòmilè a:** Ou kapab jwenn fòmilè a sou **www.uscis.gov** oswa lè ou rele Telefòn Fòmilè USCIS lan nan 1-800-870-3676.

**Kote pou w voye fòmilè a:** Voye li nan yon Sant Sèvis USCIS. Adrès Sant Sèvis yo nan enstriksyon yo bay pou fòmilè a.

**Konbyen sa koute:** Ou dwe peye yon frè pou w voye Fòmilè I-751 an oswa Fòmilè I-829 la. Anvan ou voye Fòmilè a, tcheke dènye pri aplikasyon USCIS yo sou **www.uscis.gov/fees**.

Si ou ranpli Fòmilè I-751 an oswa Fòmilè I-829 la alè, nòmalman USCIS pral voye yon avi ba ou k ap pwolonje stati RK w la pou 12 mwa. Pandan tan sa a, USCIS pral analize fòmilè w la.

## Si w se yon viktim abi nan fanmi w

Si ou se yon viktim abi nan fanmi w, ou kapab jwenn èd lè ou rele Telefòn Nasyonal pou Vyolans nan Kay nan 1-800-799-7233 oswa 1-800-787-3224 (pou moun ki gen pwoblèm tande). Gen èd nan lang espayòl ak lòt lang.

Lwa sou Vyolans Kont Fanm lan (The Violence Against Women Act) pèmèt konjwen ak timoun sitwayen ameriken ak rezidan pèmanan ki sibi abi pou yo fè petisyon poutèt yo, oswa ranpli pwòp petisyon yo poukont yo pou vin rezidan pèmanan. Ale sou [www.uscis.gov](http://www.uscis.gov) oswa rele Telefòn Nasyonal pou Vyolans nan Kay la pou plis enfòmasyon.

### TI KONSÈY



Kenbe plizyè kopi tout fòmilè ou voye bay USCIS ak lòt biwo gouvènman an. Voye kopi, pa voye dokiman orijinal. Kèk fwa Fòmilè yo konn pèdi, kidonk kenbe kopi kapab ede evite pwoblèm.

## Jwenn asistans legal

Si w bezwen èd nan zafè imigrasyon, ou kapab itilize sèvis yon avoka imigrasyon ki gen lisans. Ou kapab tcheke asosyasyon bawo nan zòn ou pou ede w jwenn yon avoka ki kalifye.

Gen eta ki sètifye espesyalis nan lwa imigrasyon. Avoka sa yo pase tèspou pwouve yo gen konesans espesyal nan lwa imigrasyon. Men eta ki bay lis espesyalis sètifye sou sit wèb bawo eta yo: Kalifòni, Florid, Carolin di Nò ak Texas. Kèk Remak: Se responsabilite w pou w konnen si w ap pran yon avoka. USCIS pa andose oswa rekòmande okenn avoka an patikilye.



Si ou bezwen èd legal sou yon zafè imigrasyon, men ou pa gen ase lajan pou w pran yon avoka, genyen kèk opsyon asistans ki pa chè oswa ki gratis. Ou kapab mande asistans nan youn nan adrès ann apre yo:

- **Yon òganizasyon ki rekoni:** Komisyon pou Jije Ka Imigrasyon (Board of Immigration Appeals, BIA). Pou yo rekonèt yon òganizasyon, li dwe genyen ase konesans ak eksperyans pou bay imigran yo sèvis. Yon òganizasyon rekoni kapab chaje oswa aksepte sèlman ti kras frè pou sèvis sa yo. Pou w jwenn yon lis òganizasyon BIA rekonèt yo, ale sou [www.justice.gov/eoir/recognition-accreditation-roster-reports](http://www.justice.gov/eoir/recognition-accreditation-roster-reports).
- **Yon reprezantan akredite:** Se moun ki gen koneksyon ak òganizasyon BIA rekonèt yo. Reprezantan sa yo kapab mande oswa aksepte sèlman ti kras frè pou sèvis yo. Pou jwenn yon lis ajan kalifye BIA yo, ale sou [www.justice.gov/eoir/recognition-accreditation-roster-reports](http://www.justice.gov/eoir/recognition-accreditation-roster-reports).
- **Yon reprezantan kalifye:** Se moun ki bay sèvis gratis. Reprezantan sa yo oblije gen konesans sou lwa imigrasyon ak règleman tribinal yo. Pami reprezantan kalifye yo genyen etidyan ak moun ki diplome nan lekòl dwa ki gen bon repitasyon e ki gen afilyasyon pèsònèl oswa pwofesyonèl avèk ou (fanmi, vwazen, manb relijye, kòlèg travay oswa zanmi).
- **Founisè sèvis legal gratis:** Depatman Jistis la gen yon lis founisè sèvis legal gratis rekoni pou moun ki nan jijman imigrasyon. Sa se yon lis avoka ak òganizasyon ki kapab aksepte reprezante imigran nan jijman devan tribinal imigrasyon. Avoka ak òganizasyon ki nan lis la aksepte ede imigran pro bono oswa benevòlman (san kòb) sèlman nan jijman imigrasyon. Kèk ladan yo gen dwa pa kapab ede w ak dosye ki pa nan tribinal, tankou petisyon pou viza, natiralizasyon, elatriye. W ap jwenn lis la sou [www.justice.gov/eoir/free-legal-services-providers](http://www.justice.gov/eoir/free-legal-services-providers).
- **Pwogram Pro Bono:** Anjeneral, w ap jwenn lis òganizasyon ak reprezantan benevòl yo nan chak biwo lokal USCIS.

Pou w jwenn plis enfòmasyon sou fason pou jwenn sèvis legal, tanpri vizite [www.uscis.gov/legaladvice](http://www.uscis.gov/legaladvice).

## Fè atansyon ak magouy nan imigrasyon

Anpil pwofesyonèl imigrasyon se moun kalifye ak onèt, e yo kapab bay imigran bon sèvis, sepandan, gen moun ki abize imigran.

Anvan ou deside pou w resevwa èd nan zafè imigrasyon, e anvan ou peye okenn lajan, ou dwe fè kèk rechèch pou w kapab pran bon desizyon sou ki kalite èd legal ou bezwen. Pwoteje tèt ou pou w pa vin yon viktim magouy nan zafè imigrasyon.

Bagay enpòtan pou w sonje:

- Pa gen okenn òganizasyon prive oswa moun k ap bay èd ak zafè imigrasyon ki gen yon koneksyon espesyal ak USCIS. Poze kesyon konsènan moun ki fè pwomès ki parèt twò bèl oswa ki di yo genyen yon relasyon espesyal ak USCIS. Pa kwè moun ki garanti w rezilta oswa ki di w yo pral fè pwosesis la mache pi vit. Si ou pa kalifye pou yon avantaj pou imigran, menm si ou genyen yon avoka oswa yon konsiltan nan zafè imigrasyon, sa pa pral chanje sitiyasyon an.
- Gen kèk konsiltan, ajans vwayaj, biwo byen imobilye (“real estate”), ak moun yo rele “notè piblik” ki bay sèvis imigrasyon. Asire ou poze kesyon sou kalifikasyon yo e mande pou w wè kopi lèt akreditasyon BIA yo oswa yon sètifika bawo avoka. Kèk moun ki di yo kalifye pou bay sèvis legal pa kalifye tout bon vre. Moun sa yo ka fè erè ki kapab riske stati imigrasyon w lan epi ba ou gwo pwoblèm.
- Si w itilize yon konsiltan nan zafè imigrasyon oswa yon avoka, fè yon kontra alekri. Kontra a dwe nan lang anglè ak nan lang natif natal ou (si anglè se pa lang natif natal ou). Tout sèvis yo pral ba ou yo dwe ekri nan kontra a ansanm ak pri sèvis yo pral koute. Mande pou kèk referans avan ou siyen kontra a.
- Eseye evite peye lajan kach pou sèvis yo. Asire w ou genyen resi pou lajan w peye a. Asire w ou kenbe tout dokiman orijinal ou yo.
- Pa janm siyen yon fòmilè oswa yon aplikasyon ki vid. Asire w ou konprann sa w ap siyen an.

**THE WRONG HELP  
CAN HURT**  
BEWARE OF IMMIGRATION SCAMS

Pou w jwenn plis enfòmasyon sou fason pou w pwoteje tèt pou w pa viktim magouy nan imigrasyon, vizite [www.uscis.gov/avoidscams](http://www.uscis.gov/avoidscams).

Mande èd si yon konsiltan imigrasyon twonpe ou. Rele pwokirè jeneral eta oswa lokalite distri w la, depatman zafè konsomatè, oswa depatman lapolis lokal la. Ou kapab kontakte tou Komisyon Komès Federal la (Federal Trade Commission) pou w rapòte pratik lwa imigrasyon entèdi sou sit [www.ftccomplaintassistant.gov](http://www.ftccomplaintassistant.gov).

# Konsekans aksyon kriminèl pou rezidan pèmanan

Peyi Etazini se yon sosyete ki respekte lalwa. Rezidan pèmanan nan Etazini dwe respekte tout lwa yo. Si w se yon rezidan pèmanan e ou mele nan oswa ou koupab yon krim Ozetazini, ou kapab genyen gwo pwoblèm. Yo kapab mete w deyò nan peyi a, anpeche w rerantre Ozetazini si w kite peyi a, si w pèdi estati rezidans pèmanans w lan e, nan sèten ka, si w pèdi kalifikasyon pou w vin sitwayen ameriken.

Men kèk egzanp krim ki kapab afekte estati rezidans pèmanan ou lan:

- Yon krim yo defini antanke yon deli grav, tankou krim vyolans ki se deli avèk yon santans prizon pou yon ane;
- Asasinay;
- Vyòl;
- Zak agresyon seksyèl sou yon timoun;
- Trafik ilegal dwòg, zam afe, oswa trafik moun; e
- Yon krim konpòtman imoral ki se jeneralman yon krim ki fèt ak entansyon pou vòlè oswa fè fwod, yon krim kote yo fè atak fizik oswa menas, yon krim kote konpòtman danjere koze blesi fizik grav, oswa yon krim seksyèl.



Genyen konsekans grav tou pou ou antanke yon rezidan pèmanan si ou:

- Bay manti pou w resevwa benefis imigrasyon pou ou menm oswa pou yon lòt moun;
- Di ou se yon sitwayen ameriken alòske se pa vre;
- Vote nan eleksyon federal oswa eleksyon eta a oswa lokal ki rezève pou sitwayen ameriken sèlman;
- Se yon tafyatè oswa yon moun ki sou oswa ki itilize dwòg ilegal prèske tout tan;
- Marye avèk plis pase yon moun an menm tan;

- Pa okipe fanmi w oswa pa peye pansyon alimantè pou timoun oswa pou konjwen w jan lalwa mande pou fè sa;
- Yo arete w pou vyolans nan kay (vyolans nan kay se lè yon moun atake oswa asele yon manm fanmi, sa gen ladan l vyolasyon yon òdonans pwoteksyon de yon jij);
- Bay manti oswa prezante fo dokiman pou jwenn benefis piblik oswa vòlè yon ajans gouvènman;
- Pa ranpli deklarasyon enpo sou revni lè w gen pou fè l;
- Fè ekspre pa anrejistre nan Sèvis Selektif la si w se yon gason ki gen ant 18 a 26 zan; e
- Ede yon lòt moun ki pa sitwayen oswa resòtisan ameriken pou l antre Ozetazini nan fason ilegal menm si moun sa a se yon fanmi pwòch e menm si yo pap peye w pou sa.

Si ou komèt oswa yo kondane w pou yon krim, anvan ou aplike pou yon benefis imigrasyon ou dwe pale ansanm ak yon avoka imigrasyon ki gen bon repitasyon oswa yon òganizasyon kominotè ki bay imigran sèvis legal. Gade page 21 an pou enfòmasyon sou fason pou w jwenn asistans legal.





---

## **Etabli w Ozetazini**

Seksyon sa bay enfòmasyon ki kapab ede w adapte w ak lavi Ozetazini. Ou pral aprann ki jan pou w gen yon nimewo Sekirite Sosyal, jwenn yon kote pou w viv, jwenn gadri pou timoun e deplase Ozetazini.

# Jwenn yon nimewo Sekirite Sosyal

Antanke rezidan pèmanan, ou kalifye pou w resevwa yon nimewo Sekirite Sosyal ki se yon nimewo gouvènman ameriken an ba ou. Li ede gouvènman an gen kontwòl sou revni w yo ak avantaj ou kapab resevwa yo. Nimewo Sekirite Sosyal ou sèvi tou nan enstitiyon finans ak lòt ajans, tankou lekòl, pou idantifye w. Yo kapab mande pou nimewo Sekirite Sosyal ou lè w ap lwe yon apatman oswa achte yon kay.

Sekirite Sosyal se yon pwogram gouvènman ameriken ki ofri benefis pou kèk anplwaye retirete ak fanmi yo, kèk anplwaye andikape ak fanmi yo, ak sèten manm fanmi anplwaye ki mouri. Depatman gouvènman an ki anchaj Sekirite Sosyal la rele Administrasyon Sekirite Sosyal (SSA, sig anglè a).

Men sa w kapab fè pou w jwenn biwo Sekirite Sosyal pi prè w la:

- Gade sou sit wèb SSA a, **[www.socialsecurity.gov](http://www.socialsecurity.gov)**. Pou lang espayòl, ale sou **[www.segurosocial.gov/espanol](http://www.segurosocial.gov/espanol)**. Sit wèb la gen enfòmasyon limite tou nan plizyè lòt lang.
- Rele 1-800-772-1213 oswa 1-800-325-0778 (pou moun ki gen pwoblèm tandè) ant 7 è a.m. a 7 è p.m. Yo ofri sèvis entèprèt gratis.



## Si ou pa pale anglè



Biwo Sekirite Sosyal la kapab ba w yon entèprèt gratis pou li sa ede w aplike pou yon nimewo Sekirite Sosyal. Lè w rele biwo Sekirite Sosyal la, di moun ki reponn telefòn lan ou pa pale anglè. Y ap jwenn yon entèprèt pou ede w. Ou kapab jwenn asistans yon entèprèt tou lè ou vizite biwo Sekirite Sosyal la.

Sit wèb Administrasyon Sekirite Sosyal la gen enfòmasyon itil pou moun ki vini Ozetazini pou premye fwa. Seksyon “Other Languages” (“Lòt lang”) nan sit wèb la gen enfòmasyon sou Sekirite Sosyal nan plizyè lang. Ale sou **[www.socialsecurity.gov](http://www.socialsecurity.gov)**; pou espayòl, ale sou **[www.segurosocial.gov/espanol](http://www.segurosocial.gov/espanol)**.

Ou **pa** bezwen ranpli yon aplikasyon oswa ale nan yon biwo Sekirite Sosyal pou w jwenn yon nimewo Sekirite Sosyal, si **tout** kondisyon ann apre yo valab pou ou:

- Ou te mande pou yon nimewo oswa kat Sekirite Sosyal lè w te aplike pou yon viza imigran;
- Ou te aplike pou yon viza imigran ann oktòb 2002 oswa apre; e
- Ou te deja genyen 18 tan oswa plis lè w te vin Etazini.

Nan sitiyasyon sa a, Depatman Eta ak Depatman Sekirite Enteryè (Departments of State and Homeland Security) te voye enfòmasyon nesèsè yo bay Administrasyon Sekirite Sosyal la (SSA) pou l kapab ba ou yon nimewo Sekirite Sosyal. Administrasyon Sekirite Sosyal la pral ba ou yon nimewo Sekirite Sosyal pou ou epi l ap voye kat Sekirite Sosyal ou an nan menm adrès postal ou a Ozetazini kote USCIS voye Kat Rezidans Pèmanan w lan. Ou ta dwe resevwa kat Sekirite Sosyal ou nan apeprè twa semèn apre ou rive Ozetazini. Si w pa resevwa kat ou a nan twa semèn apre w rive Ozetazini, kontakte SSA san pèdi tan. Epitou, kontakte SSA si w chanje adrès postal ou **apre** ou rive men **avan** ou resevwa kat Sekirite Sosyal ou.

Ou **dwe** ale nan yon biwo Sekirite Sosyal pou jwenn yon nimewo Sekirite Sosyal si **youn** nan kondisyon ann apre yo valab pou ou:

- Ou pa t mande yon nimewo Sekirite Sosyal oswa yon kat lè w te aplike pou yon viza imigran;
- Ou te aplike pou viza imigran w lan avan oktòb 2002; oswa
- Ou potko gen 18 tan lè ou te vini Etazini.

Yon reprezantan Sekirite Sosyal pral ede w aplike pou yon nimewo Sekirite Sosyal. Pote dokiman ann apre yo avèk ou lè w al aplike nan biwo Sekirite Sosyal la:

- Yon batistè oswa yon lòt dokiman tankou paspò w ki montre kilè ak ki kote ou te fèt.
- Yon dokiman ki montre stati ou kòm imigran, ak tout otorizasyon w pou travay Ozetazini. Dokiman sa a kapab Kat Rezidans Pèmanan w oswa paspò w ki gen yon so imigrasyon oswa yon etikèt viza.

W ap resevwa nimewo Sekirite Sosyal ou pa lapòs. Ou sipoze resevwa kat Sekirite Sosyal ou nan apeprè de semèn apre Administrasyon Sekirite Sosyal la fin resevwa tout dokiman nesèsè pou aplikasyon w lan. Si SSA bezwen verifye dokiman w yo, sa kapab pran plis tan pou resevwa nimewo Sekirite Sosyal ou.

# Jwenn yon kote pou w rete

Ou kapab chwazi ki kote ou vle rete Ozetazini. Anpil moun rete ak zanmi oswa ak fanmi yo lè yo fèk vini. Lòt moun al abite nan pwòp kay yo.

Ozetazini, pi fò moun depanse apeprè 25 pousan salè yo pou peye kay. Men kèk nan opsyon lojman ou ka konsidere.

## Lwe yon kay

Gen kay ak apatman pou lwe. Gen plizyè fason pou jwenn kay ak apatman sa yo:

- Chèche afich sou bilding ki ekri “Apartment Available” (“Gen apatman disponib”) oswa “For Rent” (“Kay pou lwe”).
- Mande zanmi, fanmi ak konpayon travay si yo konnen kote ki gen kay pou lwe.
- Chèche afich “For Rent” (“Kay pou lwe”) nan espas piblik, tankou tablo afichaj nan bibliyotèk, episri ak sant kominotè zòn ou an.
- Chèche kote ki disponib pou lwe sou entènèt. Si ou pa gen yon òdinatè lakay ou, ou kapab itilize youn nan bibliyotèk piblik nan zòn ou.
- Gade nan paj jòn anyè telefònik anba “Property Management” (Jesyon Imobilye). Yo se konpayi ki lwe kay ak apatman. Konpayi sa yo ka mande w peye yon frè pou yo ede w chèche yon kay.
- Gade nan seksyon “Anons” (“Classifieds”) nan journal. Chèche paj ki gen lis “Apatman pou lwe” (“Apartments for Rent”) ak “Kay pou lwe” (“Homes for Rent”). Y ap gen enfòmasyon sou lokasyon kay ak apatman.
- Rele yon ajan imobilye ki travay nan zòn ou an.



## Rele 311 pou w jwenn enfòmasyon sou sèvis minisipal



Nan anpil vil ou kapab rele 311 pou jwenn sèvis piblik pou sitiyasyon ki pa ijan. Pa egzanp, ou ka rele 311 pou poze yon kesyon sou ranmasaj fatra oswa pou mande pou yo repare twotwa w. Kèk kote pa ofri sevis 311. Rele otorite minisipal ou pou w wè si gen 311 nan zòn lakay ou.

## Men sa pou w atann lè w lwe yon kay

Seksyon sa prezante diferan etap ou kapab gen pou franchi avan w pran lojman nan nouvo kay ou. Pou jwenn plis enfòmasyon, ale sou [www.hud.gov](http://www.hud.gov) oswa pou espayòl, ale sou [www.espanol.hud.gov](http://www.espanol.hud.gov).

**Aplikasyon pou lwe kay:** Moun ki lwe yon kay rele lokatè. Antanke lokatè, swa ou lwe kay la nan men mèt kay la (pwopriyetè kay la) oswa atravè manadjè pwopriyete a (yon moun ki responsab pwopriyete a). Yon mèt kay oswa manadjè pwopriyete kapab mande pou w ranpli yon demann lokasyon, k ap verifye si w gen lajan pou peye lwaye a.

Fòmilè an kapab mande pou w bay nimewo Sekirite Sosyal ou ak prèv ki montre w ap travay. Ou kapab itilize Kat Rezidans Pèmanan ou si w poko genyen yon nimewo Sekirite Sosyal, oswa ou kapab montre yon souch chèk ou touche nan travay ou ki pwouve w ap travay. Yo kapab mande pou w peye yon frè minim pou aplikasyon an tou.

Si ou poko ap travay, ou kapab bezwen yon lòt moun siyen kontra lokasyon an ansanm ak ou. Moun sa a rele yon ko-siyatè. Si w pa kapab peye lwaye a, ko-siyatè a ap responsab pou l peye l.

**Siyen yon afêmaj:** Ou siyen yon kontra lokasyon oswa afêmaj si mèt kay la dakò pou l lwe ou. Yon afêmaj se yon dokiman legal. Lè ou siyen yon afêmaj, ou aksepte pou w peye lwaye w alè e pou w rete nan kay la pou yon tan byen detèmine. Pifò afêmaj fèt pou yon ane. Ou kapab jwenn kay tou pou peryòd ki pi kout pase sa, tankou pou yon mwa. Ou kapab gen pou peye plis lajan pou yon afêmaj pou yon ti bout tan.

Lè ou siyen yon afêmaj, ou aksepte pou kenbe kay la pwòp e nan bon eta. Si ou andomaje kay ou lwe a, yo gen dwa fè w peye anplis pou sa. Afêmaj la gen dwa ekri kantite moun ki kapab rete nan kay la tou.

**Peje yon depo kòm garanti:** An jeneral lokatè peye yon depo sekirite anvan yo rantr nan kay la. Dabitid depo sa a reprezante yon mwa lwaye. Yo pral remèt ou depo sa a si lè w demenaje, ou kite kay la pwòp e nan bon eta. Si se pa sa, mèt kay la kapab kenbe yon pati oswa tout depo a pou li peye pou netwayaj e pou l fè kèk reparasyon.



**Avan** ou rantre nan kay la oswa apatman an, se pou w fè yon enspeksyon. Fè mèt kay la konnen si ou jwenn nenpòt pwoblèm. Pale ak mèt kay la **avan** ou kite kay la pou konnen ki reparasyon oswa netwayaj ki bezwen fèt pou yo ka remèt ou tout depo garanti w la.

**Peye lòt frè lokasyon:** Nan sèten kay oswa apatman, kòb lwaye a gen ladan l lajan pou peye pou sèvis piblik (gaz, kouran, chofaj, dlo ak ranmasaj fatra). Pou lòt lokasyon, ou dwe peye depans sa yo apa. Lè w ap chèche lojman, mande mèt kay la si kòb lwaye a kouvri sèten sèvis piblik. Si sèvis piblik yo rantre nan lwaye a, asire w enfòmasyon sa yo nan kontra w la avan w siyen l. Si sèvis piblik pa rantre nan lwaye a, chèche konnen konbyen yo pral koute avan w siyen kontra a. Depans pou sèten sèvis piblik ap koute plis pandan sezon ete (pou klimatizasyon) oswa pandan sezon ivè (pou chofaj). Gen asirans pou lokatè yo rele pafwa asirans lokatè. Asirans lan pwoteje byen pèsònèl, ofri pwoteksyon responsabilite, e l kapab kouvri lòt depans pou viv si kay w ap lwe a kraze oswa sibi domaj.

**Soti nan yon afèmaj:** Lè w soti nan yon kontra lokasyon sa rele “tèminal yon afèmaj.” Si w bezwen tèminal yon afèmaj avan dat li sipoze fini an, ou kapab gen pou w peye lwaye chak mwa jouk ou rive nan dat limit afèmaj lan, menm si ou pap rete nan kay la. Ou kapab pèdi depo sekirite w la tou si ou kite avan dat limit afèmaj la. Anvan w kite kay la, bay mèt kay la yon avi pa ekri pou di l ou pare pou w kite. Pifò mèt kay egzije yon avi omwen 30 jou avan ou kite. Avan w siyen afèmaj la, asire w ou konprann kondisyon l yo e mande konbyen jou alavans ou dwe enfòme mèt kay la avan w kite.

### **Diskite kesyon reparasyon kay la ak mèt kay ou a**

Mèt kay yo dwe kenbe kay oswa apatman w ap lwe a nan bon eta ak nan sekirite. Si kay la bezwen reparasyon:

- Premyèman, pale ak pwopriyetè w la. Fè l konnen pwoblèm ki pou rezoud la. Si mèt kay ou a pa reponn, ekri l yon lèt pou w pale l de pwoblèm lan. Kenbe yon kopi lèt la pou ou.
- Si mèt kay la kontinye pa reponn demann ou an, rele Biwo Lojman nan zòn lakay ou a. Majorite gouvènman minisipal oswa lokal yo gen moun ki fè enspeksyon nan kay yo pou verifike si gen pwoblèm. Mande Biwo Lojman an pou yo voye yon enspektè vizite kay ou a. Montre enspektè a pwoblèm lan.
- Si alafen, mèt kay la pa rezoud pwoblèm yo, donk ou kapab an mezi pou w pote yon plent legal kont li.

## TI KONSÈY



Si w demenaje, ou dwe avèti biwo lapòs ameriken an pou yo voye kourye w yo nan nouvo adrès la. Pou w chanje adrès ou sou entènèt, ale sou [www.usps.com/umove](http://www.usps.com/umove) oswa vizite biwo lapòs zòn ou an. E pa bliye ranpli Fòmilè AR-11, Chanjman Adrès la, voye l bay USCIS. Gade page 19 pou w jwenn plis esplikasyon.

## Konnen dwa w: diskriminasyon nan zafè lojman entèdi

Mèt kay pa gen dwa refize lwe w akòz ki moun ou ye. Se yon vyolasyon lalwa pou mèt kay yo rejte w akòz:

- ras oswa koulè po w;
- peyi kote w soti;
- relijyon w;
- sèks ou;
- yon andikap; oswa
- estati fanmi w.

Si w santi yo te refize lwe w yon kay poutèt youn nan rezon sa yo, kontakte Depatman Lojman ak Devlopman Iben Ameriken an (HUD) pa telefòn nan 1-800-669-9777 oswa 1-800-927-9275 (pou moun ki gen pwoblèm tande). Ou kapab depoze yon plent tou nan seksyon “Fair Housing” (“Lojman Ekitab”) nan [www.hud.gov](http://www.hud.gov) la. Gen enfòmasyon nan plizyè lang.

## Achte yon kay

Pou anpil moun, achte yon kay reprezante yon pati nan rèv ameriken an. Gen anpil avantaj nan posede yon kay men sa vle di anpil responsabilite tou.

Ajan imobilye kapab ede w jwenn yon kay pou w achte. Mande zanmi oswa kòlèg travay ou si yo kapab rekòmande w yon ajan imobilye, oswa rele yon ajans imobilye nan zòn lan pou w jwenn non yon ajan. Mande pou yon ajan ki konn zòn kote ou vle achte kay la. Gen anpil fason pou w chèche yon ajan imobilye, tankou chèche sou entènèt, chèche ajan imobilye nan seksyon “Classifieds” (“Anons”) nan jounal oswa chèche afich “For sale” (“Pou vann”) nan katye ou renmen yo.

Pifò moun bezwen fè yon prè nan bank pou peye yon kay. Sa rele yon ipotèk (“mortgage” ann anglè). Ou kapab jwenn yon ipotèk nan yon bank lokal oswa nan yon konpayi ki fè ipotèk. Lè ou gen pou w fè yon ipotèk sa vle di ou prete lajan nan yon to enterè byen spesifik e pou yon peryòd tan byen spesifik.

Enterè ou peye sou ipotèk ou a kapab soti nan deklarasyon enpo sou revni federal ou an.

Li nesèsè tou pou w achte yon asirans pou mèt kay pou ede w peye pou nenpòt domaj ki ta rive kay la. Dabitid asirans kouvri domaj ki fèt akòz move tan, dife oswa vòl. Ou ap gen pou w peye enpo lokatif sou valè kay la tou.

Yon ajan imobilye oswa yon avoka ki okipe zafè imobilye kapab ede w jwenn yon ipotèk ak yon asirans. Li kapab ede w ranpli fòmilè pou w achte kay la tou. Yon ajan imobilye pa dwe chaje w yon frè pou w achte yon kay, men ou kapab peye yon frè pou yon avoka nan zafè imobilye ede w ranpli fòmilè yo. W ap gen pou w peye frè pou w pran ipotèk ou a e pou w anrejistre fòmilè legal yo nan eta a. Frè sa yo rele frè siyati tranzaksyon an. Se pou ajan imobilye la oswa bank oswa konpayi k ap fè ipotèk la di w konbyen kòb frè sa yo ap ye avan menm ou siyen fòmilè acha final pou kay la. Pou w jwenn èd pou chèche yon ajan imobilye, pou w jwenn yon prè, ak pou w chwazi yon asirans, vizite seksyon “Buying a Home” (“Achte yon kay”) nan [www.hud.gov](http://www.hud.gov).



## TI KONSÈY



Pwoteje tèt ou kont fwod nan prè ak kont konpayi k ap prete lajan ki chaje w gwo to enterè sou ipotèk. Kèk konpayi k ap prete lajan eseye eksplwate w, tankou yo chaje w plis lajan paske ou fèk rive nan peyi a. Gen lwa ki pwoteje kont fwòd, depans ki pa nesèsè, ak diskriminasyon ki fèt lè yon moun ap achte yon kay. Pou w jwenn plis enfòmasyon sou fwod nan prè lajan ak konsèy pou anpeche sa, vizite seksyon “Buying a Home” (“Achte yon kay”) nan [www.hud.gov](http://www.hud.gov).



## Enfòmasyon siplemantè sou achte oswa lwe yon kay

Vizite seksyon “Buying a Home” (“Achte yon kay”) sou sit wèb Depatman Lojman ak Devlopman Iben Ameriken an (HUD) sou [www.hud.gov](http://www.hud.gov). Ou kapab pale tou ak yon konseye nan zafè lojman nan nimewo telefòn 1-800-569-4287. Yo bay enfòmasyon nan lang anglè ak nan lang espayòl.

Pou jwenn lòt resous itil, vizite sit wèb Sant Enfòmasyon Sitwayen Federal la nan <http://publications.usa.gov>.

## Chèche yon travay

Gen plizyè fason pou w chèche yon travay Ozetazini. Pou w ogmante chans ou pou w jwenn yon travay, ou kapab:

- Mande zanmi, vwazen, fanmi oswa lòt moun nan kominote w la enfòmasyon sou travay k ap chèche moun oswa bon kote pou travay.
- Chèche travay sou Entènèt la. Si w ap itilize yon òdinatè nan bibliyotèk ou a, mande anpwilaye bibliyotèk la pou l ede w kòmanse pwosesis la.
- Chèche siy ki make “Help Wanted” (“Nou bezwen èd”) ki sou vit biznis lokal yo.
- Ale nan biwo travay oswa biwo resous imèn pou biznis ki nan zòn ou an pou mande si y ap chèche moun pou travay.
- Vizite ajans kominotè ki ede imigran jwenn travay oswa ki ede yo jwenn pwogram fòmasyon pou travay.
- Gade sou tablo afich ki nan bibliyotèk, makèt, ak sant kominotè lokal yo pou avi sou travay k ap chèche moun.
- Tcheke depatman sèvis travay ki nan eta oswa lokalite w la.
- Gade nan seksyon “Classifieds” (“Anons”) ki nan paj “Employment” (“Travay”) nan jounal.

## TI KONSÈY



Pandan w ap chèche travay, ou ka kontre ak fo anons travay. Se vre anpil enstitisyon k ap ede chèche travay legal e yo itil, gen lòt tou ki bay manti sou sèvis yo ofri, ki fè pwomosyon òf travay ki pa egziste oswa ki deja pase oswa chaje w yon frè men wotè alavans pou sèvis ki pap menm abouti nan yon djòb. Pou w jwenn plis enfòmasyon, vizite [www.ftc.gov/jobscams](http://www.ftc.gov/jobscams).


## Aplike pou yon travay

Pifò patwon yo ap mande w pou ranpli yon aplikasyon pou travay. Se yon fòm ki gen kesyon sou adrès, fòmasyon akademik ak esperyans travay ou genyen. Yo gen dwa mande w tou pou bay enfòmasyon sou moun ou te travay ak yo avan ki kapab rekòmande w. Yo rele moun sa yo referans, e patwon an kapab vle rele yo pou poze yo kèk kesyon sou ou.

Ou kapab bezwen prepare yon rezime (curriculum vitae) ki gen lis esperyans travay ou. Yon rezime bay patwon w enfòmasyon sou ansyen travay ou te genyen, sou fòmasyon akademik ou oswa fòmasyon ou te resevwa e sou aptitud ou genyen nan travay. Lè w aplike pou yon djòb, pote rezime w avèk ou.

Yon bon rezime:

- Gen non w, adrès ou, nimewo telefòn ou ak imel ou;
- Gen yon lis ansyen travay ou ak dat lè w t ap travay yo;
- Montre nivo fòmasyon akademik ou;
- Montre nenpòt aptitud espesyal ou genyen; e
- Fasil pou li epi pa gen okenn erè.



Tcheke ajans sèvis kominotè lokal yo pou w wè si yo kapab ede w prepare yon rezime. Biznis prive kapab ede ak sa tou, men petèt y ap chaje w yon frè. Pou plis enfòmasyon sou aplikasyon pou yon djòb, vizite [www.careeronestop.org](http://www.careeronestop.org).

## Kisa benefis yo ye?

Anplis de salè w, gen kèk patwon ki ofri lòt benefis nan travay. Avantaj yo ka gen ladan yo:

- Swen medikal
- Swen dantè
- Swen pou je
- Asirans vi
- Yon plan retrèt

Patwon yo kapab peye yon pati oswa tout frè benefis sa yo. Si yo ba w yon djòb, mande ki benefis patwon an bay anplwaye.

## Entèvyou pou travay la

Patwon yo kapab vle rankontre avèk ou pou pale de travay la. Yo pral poze w kesyon sou eksperyans travay ou ak sou konpetans ou. Pou ede w pare pou entèvyou a, ou kapab pratike reponn kesyon sou ansyen travay ou yo ak konpetans ou genyen yo ak yon zanmi oswa ak yon manm fanmi w. Ou kapab poze patwon an kesyon tou nan fen entèvyou a. Se yon bon okazyon pou w gen enfòmasyon sou djòb la.

Li ta bon pou w mande:

- Kòman w ta ka dekri yon jounen nòmal nan pozisyon sa?
- Kijan m ap pran fòmasyon oswa rantre nan djòb la?
- Ki plas djòb sa nan òganizasyon an?
- Kòman w ta ka dekri anviwònman travay la?
- Ki sa w wè ki bon ak sa k difisil nan pozisyon sa?

Pandan entèvyou a, yon patwon kapab poze w anpil kesyon, men patwon pa otorize poze sèten kesyon. Pèsòn pa gen dwa poze w kesyon sou ras ou, koulè po w, sèks ou, eta sivil ou, relijyon w, peyi orijin ou, laj ou oswa nenpòt andikap ou ta ka genyen. Pou w jwenn plis enfòmasyon sou pwosesis entèvyou pou travay la, vizite [www.dol.gov](http://www.dol.gov).

## Konnen dwa w: Lalwa federal pwoteje anplwaye

Peyi Etazini gen lwa federal ki entèdi patwon fè diskriminasyon kont moun k ap chèche travay epi ki pwoteje kont reprezay ak lòt fòm diskriminasyon nan travay la.

- Lwa sou Dwa Sivil yo entèdi diskriminasyon sou baz ras, koulè, relijyon, peyi kote w fèt, sèks oswa gwosès.
- Lwa sou Diskriminasyon Laj nan Travay entèdi diskriminasyon sou baz laj.
- Lwa sou Ameriken ki Andikape ak Lwa sou Reyabilitasyon entèdi diskriminasyon paske yon moun gen yon andikap.
- Lwa sou Salè Egal Ego a entèdi diskriminasyon sou baz sèks ou.
- Lwa pou Pa Gen Diskriminasyon Jenetik la entèdi diskriminasyon sou baz enfòmasyon jenetik.

Pou w jwenn plis enfòmasyon sou pwoteksyon sa yo, vizite sit wèb Komisyon Opòtinite Travay Egal Ameriken an (U.S. Equal Employment Opportunity Commission) nan [www.eeoc.gov](http://www.eeoc.gov) oswa rele 1-800-669-4000 ak 1-800-669-6820 (pou moun ki gen pwoblèm tande).

Gen lòt lwa ki ede kenbe sekirite nan espas travay yo, ofri jou konje nan ka ijans famiyal oswa ijans medikal epi ki ofri lajan pandan yon tan ke ou nan chomaj. Vizite sit wèb Depatman Travay Ameriken an nan [www.dol.gov](http://www.dol.gov) pou jwenn plis enfòmasyon sou dwa anplwaye.

Mete sou sa, lalwa federal pwoteje anplwaye kont diskriminasyon sou baz peyi w soti oswa stati sitwayènte w. Pou jwenn plis enfòmasyon sou pwoteksyon sa yo, rele Biwo Depatman Jistis pou Konsèy Espesyal ki gen Rapò ak Pratik Imigrasyon ki legal nan Travay nan 1-800-255-7688 oswa 1-800-237-2515 (pou moun ki gen pwoblèm tande). Si ou pa pale anglè, gen entèprèt ki la pou ede w. Pou jwenn plis enfòmasyon, vizite [www.justice.gov/crt/osc](http://www.justice.gov/crt/osc).

## Kisa pou w atann ou lè yo ba w travay la

Lè w ale nan nouvo travay la pou premye fwa, yo pral mande pou w ranpli kèk fòmilè. Tankou:

- **Fòmilè I-9, Verifikasyon sou Kalifikasyon pou Travay:** Dapre lalwa, patwon an dwe tcheke pou wè si tout nouvo anplwaye yo kalifye pou travay Ozetazini. Premye jou travay la, w ap gen pou w ranpli Seksyon 1 nan Fòmilè I-9 la. Yo pa dwe mande w ranpli Seksyon 1 an jiskaske w asepte yon djòb. Nan twa jou ouvrab, ou dwe bay patwon an papyè ki montre idantite w ak otorizasyon w genyen pou travay. Ou kapab chwazi ki dokiman pou montre kòm prèv otorizasyon pou w travay Etazini, depi dokiman sa a sou lis ki nan Fòmilè I-9 la. Patwon an pral ba w yon lis

dokiman li aksepte. Egzanp dokiman akseptab se kat Rezidans Pèmanan w oswa yon kat Sekirite Sosyal ki pa gen restriksyon sou li ansanm ak yon lisans pou kondui yon eta a bay. Pou jwenn plis enfòmasyon, vizite I-9 Central nan [www.uscis.gov/I-9Central](http://www.uscis.gov/I-9Central).

- **Fòmilè W-4, Sètifika Retni sou Salè Anplwaye (Employee's Withholding Allowance Certificate):** Patwon ou dwe pran enpo federal sou chèk salè w pou voye bay gouvènman an. Yo rele sa “retni enpo”. Fòmilè W-4 la di patwon w pou l kenbe enpo e ede w kalkile montan kòrèk y ap kenbe a pou w pa dwe tout enpo ou ansanm nan fen ane a.
- **Lòt fòmilè:** Li posib w ap gen pou w ranpli yon fòmilè pou retni enpo pou eta kote w rete a e pou w ranpli lòt fòmilè pou w resevwa benefis.

Ou kapab touche chak semèn, chak de semèn oswa yon fwa pa mwa. Chèk ou ap montre kantite lajan yo retni pou enpo federal ak enpo eta a, enpo Sekirite Sosyal ak tout benefis anplwa ou peye. Kèk patwon pral voye salè w sou kanè bank ou dirèkteman; metòd sa rele depo dirèk.

## Konfime kalifikasyon w pou travay

E-Verify se yon sistèm ki baze sou entènèt patwon itilize pou konpare enfòmasyon sou yon Fòmilè I-9, Verifikasyon sou Kalifikasyon pou Travay, nan dosye USCIS ak Administrasyon Sekirite Sosyal (SSA) pou konfime yon anplwaye otorize pou l travay Ozetazini. Kèk patwon oblije patisipe nan E-Verify; lòt patwon patisipe si yo vle. Pou konnen plis sou E-Verify, vizite [www.uscis.gov/e-verify](http://www.uscis.gov/e-verify).

## Pou w konfime kalifikasyon w pou kont ou

“Self Check” se yon aplikasyon gratis sou entènèt ou kapab itilize pou w tcheke kalifikasyon travay ou si w Ozetazini epi w gen plis pase 16 an. Apre w rantre enfòmasyon yo mande yo, Self Check pral konpare enfòmasyon sa yo ak divès baz done gouvènman an pou detèmine kalifikasyon w pou travay Ozetazini. Pou plis enfòmasyon, vizite [www.uscis.gov/selfcheck](http://www.uscis.gov/selfcheck) oswa, pou lang espayòl, [www.uscis.gov/selfcheck/Espanol](http://www.uscis.gov/selfcheck/Espanol).

## Pale anglè nan travay la

Si ou pa pale anglè, eseye aprann pale l lepli vit posib. Ou ka jwenn klas anglè gratis oswa ki pa koute chè nan kominote w, pi souvan atravè lekòl leta lokal oswa lekòl siperyè kominotè. Lè w konn pale anglè, sa ede w nan travay ou, nan kominote w ak nan aktivite chak jou w yo. Gade page 68 pou w jwenn plis enfòmasyon sou fason pou w aprann pale anglè.

Si patwon w di ou **dwe** pale anglè nan travay la, li dwe pwouve pale anglè nesèsè pou w fè travay ou kòmsadwa. Se pou patwon an avize w pale anglè obligatwa **avan** yo ba w travay la. Si patwon an pa kapab montre pale anglè obligatwa pou w fè travay ou, li kapab ap vyole yon lwa federal. Si w bezwen èd oswa plis enfòmasyon, ou kapab kontakte Komisyon pou Opòtinite Anplwa Egal Ameriken (Equal Employment Opportunity Commission, EEOC). Rele 1-800-669-4000 oswa 1-800-669-6820 (pou moun ki gen pwoblèm tande) oswa vizite [www.eeoc.gov](http://www.eeoc.gov).



## Tès pou dwòg ak verifikasyon ansyen fason w t ap viv

Gen kèk travay ki kapab egzije pou w fè yon analiz pou asire yo ou pap itilize dwòg ilegal. Gen kèk travay ki egzije yon verifikasyon pase w pou yo wè si w gen dosye kriminel ki se yon envestigasyon sou aktivite ak sikonstans nan pase ak sa w ap viv kounye a.

### Pwoteksyon federal pou travayè imigran

Anpil imigran (tankou rezidan pèmanan) ak tout sitwayen ameriken pwoteje kont diskriminasyon nan travay. Lwa federal deklare patwon yo pa gen dwa fè diskriminasyon kont ou akòz stati imigrasyon w. Patwon pa kapab:

- Refize ba w travay oswa revoke w akòz estati imigrasyon w oswa akòz ou pa yon sitwayen ameriken.
- Mande pou w montre yon kat rezidans pèmanan oswa refize dokiman otorizasyon w pou travay.
- Bay travayè ki pa gen papyè travay.
- Fè diskriminasyon kont ou akòz orijin nasyonal ou oswa peyi natif natal ou.
- Fè reprezay kont nenpòt anplwaye ki pote plent pou tretman ki ekri pi wo a.

Pou w jwenn plis enfòmasyon sou dwa w oswa pou w depoze yon plent, rele Biwo Avoka Espesyal pou Pratik Travay ak Fòs Kote ki gen pou wè ak Imigrasyon nan 1-800-255-7688 oswa 1-800-237-2515 (pou moun ki gen pwoblèm tande). Si ou pa pale anglè, gen entèprèt ki la pou ede w. Pou w jwenn plis enfòmasyon, vizite [www.justice.gov/crt/osc](http://www.justice.gov/crt/osc).

# Gadri pou timoun

Pa kite timoun piti nan kay pou kont yo. Si w ap travay e timoun ou yo twò piti pou yo ale lekòl, ou bezwen jwenn yon moun pou gade yo pou ou pandan ou nan travay. Kèk fwa timoun ki nan laj pou ale lekòl bezwen yon moun pou gade yo apre lekòl. Si ou menm oswa yon lòt moun nan fanmi w pa kapab gade timoun ou yo aprè lekòl, ou bezwen chèche yon moun pou okipe yo. Sinon, sa kapab gen konsekans legal grav. Pou plis enfòmasyon sou lwa ak règleman nan eta w la, kontakte ajans sèvis pwoteksyon timoun nan zòn ou an.

## Chèche yon gadri pou timoun

Se yon desizyon ki enpòtan pou w chwazi yon moun ki pou okipe pitit ou. Pandan w ap pran desizyon sa a, panse ak kalite ansanm ak pri swen sa. Eseye jwenn yon moun ki pre lakay ou oswa travay ou.

Gen anpil resous ou kapab itilize pou jwenn yon bon gadri pou timoun. Mande lòt paran, zanmi ak konpayon nan travay ou ki moun ki gade timoun pa yo. Gen kèk eta ki gen yon ajans ki rekòmande gadri pou timoun ki kapab ba w yon lis pwogram gadri ki gen yon lisans eta a. Pwogram gadri pou timoun ki gen lisans yo ranpli kondisyon espesifik eta a mete sou pye pou pwoteje timoun ou an. Ou kapab rele biwo distri lekòl lokal ou a pou jwenn kote yo okipe lòt timoun ki nan katye w la.



### TI KONSÈY



Si w bezwen ed pou jwenn bon gadri pou timoun nan zòn lakay ou, ale sou [www.usa.gov/Topics/Parents-Care.shtml](http://www.usa.gov/Topics/Parents-Care.shtml).

## Tip gadri pou timoun

Ou gen yon kantite chwa ou kapab fè lè w ap chwazi yon moun pou okipe timoun ou, tankou:

- Yon moun vini lakay ou pou gade timoun ou yo. Tip sèvis sa a kapab chè, paske timoun ou an ap jwenn plis atansyon endividyèl. Tip swen an depann de ki moun ou pran pou travay la.
- Yo okipe timoun ou an lakay yon lòt moun ak yon ti gwoup lòt timoun. Opsyon sa kapab mwens chè pase lòt tip gadri pou timoun. Kalite swen an depann de moun k ap gade pitit ou a ak kantite timoun l ap gade lakay yo a.
- Sant gadri pou timoun yo se pwogram ki nan lekòl, legliz oswa lòt òganizasyon relijye oswa lòt kote. Sant sa yo dabitid gen diferan moun pou gade gwo gwoup timoun. Sant gadri pou timoun yo dwe respekte kondisyon eta a epi yo mande an jeneral pou moun k ap travay yo resevwa fòmasyon ak eksperyans espesyal.
- Gouvènman federal la bay lajan nan pwogram “Head Start” ak “Early Head Start” (Edikasyon Bonè) pou fanmi ki gen revni ba. Pwogram sa yo bay swen ak edikasyon pou timoun piti pou prepare yo pou lekòl. Pou w konnen plis sou pwogram sa yo, rele Depatman Sante ak Sèvis Sosyal Ameriken an nan 1-866-763-6481 oswa ale sou <http://eclkc.ohs.acf.hhs.gov/hslc>.

Gen kèk kote k ap okipe timoun pou tout yon jounen oswa pati nan jounen an selon sa paran an bezwen. Pri yo tou se yon faktè lè w ap chwazi yon moun. Tcheke pou w wè si w kalifye pou jwenn asistans eta a oswa gouvènman federal la ofri pou swen timoun. Anpil eta ofri èd finansyè bay paran ki gen revni ba k ap travay oswa k ap patisipe nan pwogram fòmasyon pwofesyonèl oswa edikasyon. Pou w jwenn enfòmasyon sou asistans gadri federal oswa eta a, vizite seksyon “Education and Child Care” (“Edikasyon ak Gadri Timoun”) nan [www.welcometousa.gov](http://www.welcometousa.gov).

## Kòman w ap fè konnen si yon moun k ap okipe timoun bon?

Panse ak kesyon fondamantal sa yo lè w ale vizite yon pwogram gadri pou timoun:

- Èske timoun yo kontan lè yo avèk pèsònèl la?
- Èske gen jwèt apwopriye pou laj timoun yo?
- Èske timoun yo ap fè aktivite ki bon pou yo?
- Èske moun k ap okipe timoun nan pale ak timoun ou an pandan ou la?
- Èske kote a pwòp epi òganize?
- Ki pwogram etid oswa woutin timoun yo suiv?

Asire w ou mande referans pou w kapab pale ak lòt paran ki nan pwogram lan.



## TI KONSÈY



Asire w moun oswa pwogram k ap okipe timoun ou an gen yon lisans oswa li akredite. Pwogram ki gen lisans lan dwe ranpli kondisyon minimòm sekirite ak swen eta a mete sou pye. Pwogram ki akredite ranpli kondisyon ki pi wo pase sa yon lisans eta mande.

## Transpò

Gen plizyè fason pou deplase Ozetazini. Anpil vil gen fòm transpò piblik diferan, tankou otobis, tren oswa machin k ap woule nan lari. Tout moun kapab pran transpò piblik pou yon ti kòb. Nan kèk kote, ou kapab achte yon kat ki valab pou fè plizyè vwayaj nan tren oswa nan otobis. Ou kapab peye tou pou chak vwayaj apa. Taksi se machin ki mennen w kote w vle ale a pou yon pri. Taksi pi chè pase transpòasyon piblik.

### Pran yon lisans pou kondui

Li kont lalwa pou w kondui san yon lisans pou kondui. Ou dwe aplike e pran yon lisans pou kondui si ou vle kondui. Se nan eta kote ou abite a pou w pran lisans pou kondui a.

Tcheke biwo leta ki bay lisans pou kondui yo pou w konnen kòman pou w jwenn youn. Biwo sa yo gen non diferan nan chak eta. Kèk nan non komen yo se Depatman Veyikil a Motè (Department of Motor Vehicles, DMV), Depatman Transpò (Department of Transportation), Administrasyon Veyikil a Motè (Motor Vehicle Administration), oswa Depatman Sekirite Piblik (Department of Public Safety). Ou kapab jwenn biwo sa yo nan anyè telefonik lan oswa pou plis enfòmasyon vizite [www.usa.gov/Topics/Motor\\_Vehicles.shtml](http://www.usa.gov/Topics/Motor_Vehicles.shtml).

Gen kèk rezidan pèmanan ki deja genyen yon lisans pou kondui nan yon lòt peyi. Ou kapab petèt chanje lisans sa a pou yon lisans pou kondui nan eta w ap viv la. Tcheke ak biwo eta w la pou w konnen si ou kapab fè sa.



## Èske se pou m achte yon machin?



Posede yon machin kapab yon fason pratik pou w sikile. Ozetazini, se pou w peye tou pou asirans machin, anrejistreman machin ou ak plak imatrikilasyon. Gwo trafik kapab fè kondui nan sèten vil difisil. Avan ou deside achte yon machin, se pou w reflechi sou tout pri ak avantaj yo. Pou plis enfòmasyon sou achte yon machin, vizite seksyon “Travel and Recreation” (“Vwayaj ak Rekreyasyon”) nan [www.usa.gov](http://www.usa.gov).

## 10 konsèy itil pou w kondui ak pridans Ozetazini

1. Kondui sou bò dwat wout la.
2. Toujou mache ak lisans pou kondui w ansanm ak kat asirans ou.
3. Toujou mete senti sekirite w.
4. Itilize bon senti sekirite ak syèj sekirite machin pou timoun.
5. Toujou mete siyal ou pou montre si w ap vire agoch oswa adwat.
6. Obeyi tout lwa ak pano siyalizasyon sikilasyon yo.
7. Si yon veyikil ijans—machin lapolis, kamyon ponpye oswa anbilans—bezwen double w, mete w sou kote wout la.
8. Pa double yon otobis lekòl si limyè wouj li yo ap limen etenn.
9. Pinga w kondui si ou sot bwè alkòl oswa ou sot pran dwòg.
10. Fè atansyon lè w ap kondui nan bwouya, glas, lapli oswa nèj.

## TI KONSÈY



Yon lisans pou kondui sèvi kòm idantifikasyon Ozetazini. Li ta bon pou w gen youn menm lè w pa posede oswa kondui yon machin tout tan.

Si ou pa konn kondui, ou kapab pran leson pou w aprann kondui. Plizyè distri lekòl leta ofri klas pou aprann elèv kondui. Ou kapab gade tou nan paj jòn nan anyè telefonik lan nan seksyon “Driving Instruction” (“Enstriksyon pou Kondui”).

**TI  
KONSÈY**



Fè otostòp (bay enkonni woulib) se pa yon bagay ou wè fasil Ozetazini. Nan anpil kote, li ilegal. Pou rezon sekirite, pinga w fè otostòp e pinga w bay moun k ap fè otostòp woulib non plis.



---

## Jere lajan w

Fason w jere lajan w kapab gen yon gwo enpak sou fiti w Ozetazini. Seksyon sa pale sou finans pèsònèl, peye enpo, ak fason ou ka pwoteje tèt ou ak lajan w.

# Finans pèsonèl ou

## Ouvri yon Kont

Ozetazini, gen de tip enstitisyon finansye ki ofri kont finansman pèsonèl se bank ak kès kredi (“credit unions”).

Yon kanè bank se yon kote sekirize pou kenbe lajan w. Bank gen plizyè tip kont. Kont kouran ak kont epay se de kont ki pi komen yo. Ou kapab ouvri yon kont pou tèt ou sèlman oswa yon kont komen ak konjwen ou oswa ak yon lòt moun. Bank yo ka chaje w yon pri pou kèk nan sèvis yo ofri w yo.

Yon kès kredi se yon lòt kote pou sere lajan w. Patwon w kapab genyen yon kès kredi ou ka rantre ladan l, oswa ou kapab anmezi pou rantre nan youn, depandan kote w ap viv. Kès kredi ofri pifò sèvis bank yo ofri, sepandan yo kapab ofri sèvis anplis. Konpare sèvis yo, pri yo, sa yo kouvri yo, lè yo ak kote bank yo ye avan w ouvri yon kont, konsa ou va chwazi youn ki satisfè bezwen w pi byen.

Lè w ap ouvri yon kont yo pral mande w pou bay prèv idantite w. Ou kapab sèvi ak kat rezidans pèmanan w lan oswa lisans pou kondui a. W ap gen pou w bay enstitisyon finans lan yon lajan tou – ki rele yon depo – pou mete nan nouvo kont ou. Lè w pran lajan sou kont ou, tranzaksyon sa rele tiraj. Ou ka fè tiraj lajan lè ou ekri yon chèk, ale nan yon gichè otomatik (automated teller machine, ATM), oswa ranpli yon fòm pou w fè tiraj nan enstitisyon finans lan.

### TI KONSÈY



Plizyè magazen ofri sèvis pou ankese chèk ak sèvis pou voye lajan nan peyi etranje, men sa koute lajan. Tcheke pou w wè si bank oswa kès kredi w la ofri sèvis sa yo pou mwens kòb.

### Byen sere lajan w

Li danjere pou w kenbe gwo kantite lajan sou ou oswa pou w kite lajan lakay ou, yo kapab vòlè l oswa li kapab pèdi. Si w mete lajan nan yon bank oswa yon kès kredi ki se yon manm Kòporasyon Asirans Depo Federal la (Federal Deposit Insurance Corporation, FDIC) oswa si li asire nan National Credit Union Administration (NCUA), kidonk lajan w asire jiska 250 000 dola. Lè w chwazi yon enstitisyon finans, asire w li se swa yon manm FDIC oswa li asire nan NCUA. enfòmasyon, vizite [www.fdic.gov](http://www.fdic.gov) oswa [www.ncua.gov](http://www.ncua.gov).

## Itilize Kont ou

Ou kapab pran lajan nan kont ou lè ou itilize yon chèk pèsònèl oswa yon kat ATM. Asire w se ou menm sèlman ak moun ki gen kont ansanm avè w la (si ou gen youn) ki gen aksè nan kont ou.

**Chèk pèsònèl:** Lè ou ouvri kont kouran w lan, w ap resevwa yon lo chèk pèsònèl. Chèk sa yo se fòmilè w ap ranpli pou peye yon bagay. Chèk yo la pou fè bank ou an konnen pou li peye moun oswa biznis ou ekri non l sou chèk la. Sere chèk sa yo yon kote ki gen sekirite e mande enstitisyon finans ou an pou kòmande nouvo chèk lè w fin itilize stòk ou a.

**Kat ATM:** Ou ka mande enstitisyon finans la yon kat ATM. Yon kat ATM se yon ti kat plastik ki konekte ak kanè bank ou. Sèvi ak kat sa a pou pran lajan oswa fè depo lajan nan kont ou nan yon machin ATM. An jeneral ou pa peye yon frè pou sèvi ak ATM pwòp bank pa w. Gen anpil chans pou yo chaje w yon frè si w itilize yon ATM ki se pwopriyete yon lòt enstitisyon finans k ap opere l.

Anplwaye bank lan ap montre w kòman pou sèvi ak yon kat ATM epi y ap ba w yon nimewo espesyal, ki rele PIN (nimewo idantifikasyon pèsònèl) pou w itilize nan ATM nan. Fè atansyon lè w ap itilize ATM yo. Pa janm bay yon moun PIN oswa kat ATM ou paske li kapab itilize l pou pran lajan sou kont ou.

**Kat debi:** Enstitisyon finans ou an kapab ba w yon kat debi pou w itilize pou kont kouran w lan. Pafwa kat ATM ou an kapab sèvi tankou yon kat debi tou. Pa janm bay yon moun PIN oswa kat debi ou paske li kapab itilize l pou pran lajan sou kont ou. Ou kapab itilize kat debi w pou w peye pou yon bagay nan yon magazen epi lajan an pral soti menm lè a sou kont kouran w pou peye magazen an.

**Chèk kès ak chèk sètifye:** Chèk sa yo se chèk enstitisyon finans kreye sou demann ou. Ou bay enstitisyon an lajan epi apre yo ba ou yon chèk pou montan lajan an alòd moun oswa biznis ou vle peye a. Enstitisyon finans kapab chaje yon frè pou chèk sa yo. Mande enstitisyon finans ou an enfòmasyon sou lòt opsyon ou ka jwenn.

## TI KONSÈY



Jere kont ou byen pou w pa vin gen pri pou w peye akòz balans negatif. Yon balans negatif rive lè ou pa gen ase lajan nan kont ou pou kouvri yon peyman oswa yon tiraj. Verifye ak enstitisyon finans ou an pou w jwenn enfòmasyon sou opsyon w yo ak pri yo.

## Kat kredi

Kat kredi pèmèt ou fè acha e peye yo aprè. Bank, kès kredi, magazen ak ponp gazolin se kèk nan biznis ki kapab ba ou yon kat kredi. Chak mwa ou resevwa yon fakti pa lapòs pou tout acha ou fè ak kat kredi w la. Si ou peye tout montan ki sou fakti la lè w resevwa l, ou pap gen pou w peye enterè. Si ou pa peye tout montan an oswa si ou voye peyman an reta, kidonk y ap chaje w enterè e petèt yon frè anplis. Kèk kat kredi gen to enterè wo anpil, kidonk gade diferan opsyon kat kredi yo pou detèmine kilès ki pi bon pou ou. Yo rele kat kredi tou kat peyman men yo pa menm. Ak yon kat peyman ou oblije peye tout balans la chak mwa, men kat kredi pèmèt ou genyen yon balans si w pa peye tout.

Fè atansyon lè w ap bay lòt moun nimewo kat kredi w, sitou lè w ap bay li nan telefòn oswa sou Entènèt. Asire w ou konnen e ou fè moun oswa biznis ki mande w nimewo a konfyans.

## TI KONSÈY



Tcheke fakti kat kredi w la chak mwa pou asire w tout sa yo chaje w yo kòrèk. Si ou wè yo chaje pou yon depans ou pa t fè, rele konpayi kat kredi a tousuit. An jeneral ou pa gen pou w peye depans ou pa t fè yo si ou enfòm konpayi kat kredi a tousuit.

Ekri nimewo tout kont yo, tout kat debi, ATM ak kat kredi ou genyen. Ekri nimewo telefòn konpayi sa yo tou. Kenbe enfòmasyon sa yo nan yon kote ki gen sekirite. Si ou pèdi bous ou oswa yo vòlè li, ou kapab rele konpayi yo pou w anile tout kat ou yo. Sa ap anpeche yon lòt moun itilize kat ou yo ilegalman.

Pou w konnen plis sou finans pèsònèl, vizite [www.mymoney.gov](http://www.mymoney.gov).



## Evalyasyon kredi w

Ozetazini, fason ou jere kredi w enpòtan anpil. Gen òganizasyon ki detèmine nivo kredi w oswa nòt kredi w. Nivo oswa nòt kredi w depann de fason ou peye dèt ou, konbyen prè ou pran, konbyen kat kredi ou genyen ak lòt faktè. Evalyasyon kredi w enpòtan anpil pou lè ou vle achte yon kay oswa yon machin, oswa fè yon prè. Men kèk bagay pou w fè pou w ka toujou genyen yon bon evalyasyon kredi:

- Peye dèt ou yo alè.
- Kenbe balans kat kredi w ba e toujou peye omwen montan minimòm yo mande pou w peye chak mwa a.

Dapre lalwa federal, ou kapab resevwa yon rapò sou kredi ou yon fwa chak ane gratis. Si ou ta renmen resevwa yon kopi rapò sou evalyasyon kredi w, rele nan 1-877-322-8228 oswa ale sou [www.annualcreditreport.com](http://www.annualcreditreport.com).

## Peye enpo

Taks oswa enpo se lajan moun peye bay gouvènman federal, eta ak otorite lokal yo. Taks sèvi pou peye pou sèvis gouvènman an ofri. Gen diferan kalite enpo, tankou enpo sou revni, enpo komèsyal, ak enpo sou pwopriyete.

**Enpo sou revni:** Enpo sou revni se lajan ki ale nan gouvènman federal, pifò nan gouvènman eta yo ak kèk otorite lokal. Revni y ap takse w se lajan ki reprezante salè w, salè travay endepandan ou fè, tep, ak vant pwopriyete. Pifò moun peye enpo nan chèk pewòl yo, kote konpayi travay la tou retire enpo a. Montan enpo sou revni ou dwe peye depann de konbyen kòb ou fè. Pousantaj enpo sou revni yo pi ba pou moun ki touche mwens lajan. Nenpòt moun ki gen yon salè, ki abite Ozetazini, e ki satisfè kèk kondisyon dwe ranpli yon fòmilè deklarasyon revni e peye tout enpo li dwe.

Depatman Enpo sou Revni Entèn (Internal Revenue Service, IRS) se ajans federal ki kolekte enpo sou revni yo. Kontribyab yo ranpli Fòmilè 1040, Deklarasyon Enpo sou Revni Endividyèl Ameriken, pou remèt IRS chak ane. Deklarasyon revni w avize gouvènman an konbyen kòb ou touche ak konbyen kòb enpo yo te pran sou chèk ou. Si yo te retire twòp lajan enpo sou chèk pewòl ou, w ap resevwa yon ranbousman. Si w pa gen ase lajan pou yo retire nan chèk ou nan enpo, ou pral oblije peye IRS.



**Enpo sou Sekirite Sosyal ak Medicare:** Yo dedui enpo federal sa yo sou chèk pewòl ou. Sekirite Sosyal ofri benefis bay kèk anplwaye ki nan retrèt ak fanmi yo, kèk anplwaye andikape ak fanmi yo, ak kèk manm fanmi anplwaye ki mouri. Enpo Medicare peye pou sèvis medikal pou pifò moun ki gen plis pase 65 an. Nan pifò ka yo, se pou w travay pandan yon total 10 zan (oswa 40 trimès) diran lavi w pou w kapab resevwa benefis Sekirite Sosyal ak benefis Medicare. Ou kapab bezwen mwens pase 10 zan travay pou w resevwa benefis pou andikap oswa pou fanmi w resevwa benefis eritye ki baze sou salè w.

**Enpo komèsyal:** Enpo komèsyal se enpo eta ak lokal. Taks sa yo ajoute sou pri w achte kèk bagay. Enpo komèsyal baze sou pri machandiz la. Revni yo kolekte nan enpo sou lavant ede peye pou sèvis gouvènman eta ak otorite lokal, tankou wout, polis ak ponpye.

**Taks sou pwopriyete:** Enpo sou pwopriyete se enpo eta ak lokal sou kay ak teren w. Nan pifò kote yo, enpo sou pwopriyete ede sipòte lekòl leta lokal yo ak lòt sèvis.



## Fòmilè W-2 w la: deklarasyon salè ak taks



Yon W-2 se yon fòmilè federal ki gen lis salè w ak enpo ou peye pou dènye ane fiskal la. Ane fiskal la kòmanse 1ye janvyè e li fini 31 desanm. Dapre lalwa, travay ou gen jiska 31 janvyè chak ane pou li voye fòmilè W-2 w la ba ou. Ou pral resevwa yon fòmilè W-2 pou chak travay ou genyen. Se pou w voye yon kopi fòm W-2 ak deklarasyon enpo sou revni federal ou bay IRS. Si w abite oswa w ap travay nan yon eta ki kolekte enpo sou revni, donk ou dwe voye yon kopi W-2 w la ak deklarasyon enpo sou revni eta w la.

## Jwenn asistans pou w okipe zafè enpo ou

Antanke yon rezidan pèmanan, ou oblije ranpli yon deklarasyon enpo sou revni federal chak ane. Deklarasyon enpo sa a kouvri kòb ou touche pou janvyè jiska desanm ane ki sot pase a. Se pou w fè deklarasyon enpo w avan 15 avril. Ou kapab resevwa èd gratis pou deklarasyon enpo sou revni w nan Sant asistans moun k ap peye enpo IRS la (IRS Taxpayer Assistance Center).

Sant asistans pou moun k ap peye enpo twouve yo nan kominote atravè peyi Etazini. Pou w jwenn yon Sant asistans pou moun k ap peye taks kote w rete a, ale sou [www.irs.gov/localcontacts/index.html](http://www.irs.gov/localcontacts/index.html). Pou w resevwa èd nan telefòn, rele IRS nan nimewo 1-800-829-1040 oswa 1-800-829-4059 (pou moun ki gen pwoblèm tandè). Pou yon lis kredi enpo ki genyen pou kounye a, vizit [www.benefits.gov](http://www.benefits.gov).

### Men kòman gouvènman an ap travay pou nou

Enpo yo peye pou sèvis gouvènman federal la ofri bay moun ki abite Ozetazini. Men kèk egzanp sèvis sa yo:

- Kenbe peyi nou an an sekirite;
- Geri e prevni maladi pa mwayen rechèch;
- Fè edikasyon timoun ak granmoun;
- Konstwi e antretni wout ak otowout nou yo;
- Bay sèvis medikal pou rezidan ki gen revni ba ak granmoun aje yo; e
- Bay èd ijans lè gen katastwòf natirèl, tankou siklòn, inondasyon, oswa tranblemanntè.

## Pwoteje tèt ou ak lajan w

### Evite vòl idantite

Vòl idantite vle di yon moun vòlè enfòmasyon pèsònèl ou, tankou nimewo Sekirite Sosyal ou oswa nimewo kanè bank ou. Yo kapab itilize enfòmasyon sa yo pou pran lajan sou kanè bank ou oswa pou yo ouvè yon kat kredi sou non w. Vòl idantite se yon krim ki grav. Men sa pou w fè pou w pwoteje tèt ou:

- Asire w ou konnen e w fè moun oswa biznis w ap bay enfòmasyon pèsònèl ou yo konfyans, sitou lè w ap bay enfòmasyon sa yo nan telefòn oswa sou Entènèt.
- Kite kat Sekirite Sosyal ou lakay ou nan yon kote ki gen sekirite. Pa mache avè l sou ou.
- Mache sèlman ak dokiman idantifikasyon oswa kat kredi ou bezwen nan moman an. Kite rès yo lakay ou nan yon kote ki gen sekirite.

- Dechire oswa detwi tout papye oswa fòmilè ki gen enfòmasyon pèsònèl ou sou yo, anvan ou jete yo nan fatra.
- Chwazi yon sèl modpas pou chak kont. Pa itilize menm modpas la, paske sa kapab mete enfòmasyon pèsònèl ou yo an danje.

Pou w pwoteje tèt ou kont vòl idantite, rele Telefòn Asistans pou Vòl Idantite Komisyon Komès Federal la nan 1-877-438-4338 oswa vizite [www.consumer.ftc.gov/features/feature-0014-identity-theft](http://www.consumer.ftc.gov/features/feature-0014-identity-theft).

## “Eskamotaj” ak lòt vòl

Daprè Komisyon Komès Federal la (FTC), “eskamotaj” se lè yon sous enkonvi voye yon imel oswa mesaj ki parèt sou ekran w (“pop-up”) ki di mesaj la soti nan yon biznis oswa yon asosyasyon w asosye ak li, tankou yon bank, yon sèvis peyman sou entènèt, oswa yon ajans gouvènman. Mesaj la kapab gen lyen pou ale sou sit wèb k ap mande pou w mete kont ou ak enfòmasyon pèsònèl ou ajou. Lyen yo nan imel la konekte ak yon sit wèb ki sanble yon sit ofisyèl òganizsyon an, men sit wèb la pa yon bon sit. Eskamotè te kreye sit wèb la pou vòlè idantite w pou yo kapab achte oswa komèt krim sou non w.

Fè atansyon ak vòl nan telefòn ki vize moun tankou imigran. Yon eskamotè kapab rele w epi l mande w lajan oswa li menase w. Yo kapab gen kèk enfòmasyon sou ou e nimewo telefòn yo kapab sanble yon nimewo ofisyèl. Ajans gouvènman pap janm rele w pou yo mande w lajan oswa menase w. Si w resevwa yon apèl konsa, fèmen telefòn lan epi rele nimewo ofisyèl la pou biznis oswa ajans gouvènman an verifye si se yon fwod.

Pou w evite yo vòlè w, men bagay enpòtan pou w sonje:

- Si ou resevwa yon imel oswa gen yon mesaj ki parèt sou ekran w (yon “pop-up”) ki mande w enfòmasyon pèsònèl oswa finansye, pa reponn.
- Pa bay nimewo kont ou oswa modpas ou nan telefòn sòf si ou rele nan yon konpayi ou konnen ki gen bon repitasyon. Si w gen kesyon sou yon konpayi tcheke biwo pwoteksyon konsomatè lokal ou a oswa tcheke Better Business Bureau.
- Revize tranzaksyon kat kredi w ak kanè bank ou kou w resevwa yo pou w gade si pa gen tranzaksyon ou pa t otorize.



- Si w gen yon òdinatè, itilize lojisyèl antiviris, anti-espion (“anti-spyware”) ansanm ak pwoteksyon tou (“firewall”). Mete yo ajou detanzantan.
- Fè atansyon lè w ap ouvri atachman oswa telechaje fichye ki nan imel ou. Si w pa konnen kiyès ki te voye mesaj la pou ou, pa ouvri atachman yo oswa pa telechaje fichye yo.
- Si w sispèk yon imel oswa yon sit wèb ap twonpe moun, rapòte enfòmasyon sa yo nan vrè bank lan, konpayi oswa ajans gouvènman an.

Si w kwè yo eskamote w, ou kapab depoze yon plent pa mwayen sit wèb FTC a nan **[www.ftccomplaintassistant.gov](http://www.ftccomplaintassistant.gov)**. Pou w konnen plis sou fason pou w evite vòl sou entènèt e pou w jere fo mesaj yo, ale sou **[www.onguardonline.gov](http://www.onguardonline.gov)**.



---

# Konprann edikasyon ak swen sante

Edikasyon kapab ede konekte ou menm ak fanmi ou avèk kominote w la. Seksyon sa bay enfòmasyon sou lekòl nan Etazini pou timoun, jèn yo ak granmoun. Seksyon sa diskite tou sistèm swen sante e li founi resous yon fason pou ou ak fanmi ou kapab gen bonjan enfòmasyon.

# Edikasyon Ozetazini

Pou asire w ke tout timoun prepare pou gen siksè, Etazini founi lekòl leta gratis soti kindègatenn rive 12yèm ane pou tout timoun nan Etazini. Kèk kominote ofri chans tou pou timoun nan laj twa zan ale nan lekòl preskolè. Seksyon sa di ou kòman pou w enskri timoun ou an lekòl, kòman lekòl fonksyone nan Etazini, ak kijan pou w ede timoun ou aprann.

Pifò lekòl leta nan Etazini se lekòl miks. Lekòl miks vle di ke tifi ak tigason ale nan klas ansanm, men, genyen kèk lekòl ki aksepte yon sèl seks. Pifò nan lekòl yo fè pati yon distri eskolè ki genyen plizyè lekòl, ki enkli diferan lekòl pou timoun diferan laj. Laj elèv yo nan chak lekòl kapab varye soti nan yon kominote ale nan yon lòt.

## Lè w ap enskri timoun ou lekòl

Youn nan premye bagay ou dwe fè se enskri timoun ou lekòl. Rele oswa vizite biwo prensipal distri lekòl lokalite w la oswa sit wèb yo a pou w konnen nan ki lekòl timoun ou dwe ale. Aktyèlman, ale lekòl obligatwa selon lalwa nan tout eta yo ansanm ak Distri Columbia. Lekòl obligatwa vle di ke gen yon laj tout timoun rive yo dwe ale lekòl. Nan pifò eta, lwa sa yo kouvri tout timoun ant laj 5 rive 16 ane. Tcheke ak Depatman Edikasyon eta w la pou w konnen laj yo oblije timoun ale lekòl nan eta w la.

Ou kapab voye timoun ou an nan yon lekòl leta oswa prive. Lekòl leta yo gratis e yo pa ofri ansèyman relijye. Eta a deside kisa timoun ou aprann nan lekòl leta, men distri eskolè lokal, direktè, pwofesè ak paran yo deside kijan pou yo anseye timoun ou an. Lekòl sibvansyone yo se yon kalite lekòl leta espesyal ki opere endepandaman de distri lekòl lokal la. Taks lokal ak eta ou peye a, ak kèk nan enpo federal ou yo, peye pou lekòl leta yo.





Lekòl prive yo se yon lòt fason ou kapab edike timoun ou. Lekòl prive yo se pwopriyete e yo sou kontwòl gwoup endepandan de gouvènman an, ki enkli gwoup relijye ak non-relijye. Elèv yo peye yon frè (yo rele ekolaj) pou yo ale nan lekòl prive. Genyen ki ofri èd finansyè pou elèv ki pa ka peye ekolaj la. Nan lòt ka, fon piblik kapab disponib sou fòm kupon pou elèv kapab ale nan lekòl prive. Kèk lekòl prive yo miks, pandan ke genyen ki pou gason oswa sèlman pou fi. Kèk eta gen kondisyon pou lisans oswa akreditasyon pou lekòl prive yo, e anpil lekòl prive chwazi pou resevwa akreditasyon pa yon asosyasyon akreditasyon. Pou aprann plis konsènan lekòl prive, kontakte depatman edikasyon nan eta w la.

Edike timoun ou adomisil se yon lòt opsyon. Yo rele sa lekòl adomisil. Kondisyon pou lekòl adomisil varye nan chak eta. Paran ki enterese nan lekòl adomisil ta dwe kontakte depatman edikasyon nan eta pa yo a pou yo jwenn plis enfòmasyon.

Pifò timoun Ameriken ale nan lekòl leta pandan anviwon 13 ane, soti nan jadendanfan rive 12yèm ane. Nan pifò lekòl, timoun ou pral ale nan yon klas (ki rele “grade”, ann anglè) sou baz de bagay: laj ak nivo edikasyon. Nan kèk ka, yon lekòl kapab bay timoun ou yon tès pou detèmine nivo l ak nan ki klas pou y ap mete l.

<b>KIJAN TIPIKMAN LEKÒL ETAZINI ÒGANIZE</b>		
<b>Lekòl</b>	<b>Klas</b>	<b>Laj</b>
Lekòl Elemantè oswa Primè	Jadendanfan ak Klas 1ye a 5yèm oswa 1ye a 6yèm ane	Timoun laj 5 an rive 11 an
Lekòl Jinyò oswa Mwayen	Klas 6yèm a 8yèm ane, 7yèm a 8yèm, oswa 7yèm a 9yèm ane	Jèn nan laj 11 a 14 an
Lekòl Segondè oswa Lise	Klas 9yèm a 12yèm ane oswa 10yèm a 12yèm ane	Adolesan laj 14 a 18 an (epi rive laj 21 an nan kèk ka)
Ansèyman aprè segondè oswa ansèyman siperyè	Lekòl Siperyè Kominotè Piblik ak Prive, Kolèj oswa inivèsite de ane oswa kat ane, lekòl fòmasyon pwofesyonèl	Tout granmoun ki kalifye kapab ale

Sa se yon lis repons pou kesyon paran poze souvan sou lekòl leta yo se:

### **Konbyen tan ane skolè a dire?**

Ane skolè a dabitid kòmanse nan mwa out oswa septanm epi fini nan mwa me oswa jen. Nan kèk kote, timoun yo ale lekòl tout ane a. Timoun yo ale lekòl lendi pou rive vandredi. Kèk lekòl ofri pwogram avan oswa apre lè lekòl nòmal pou timoun ki gen paran k ap travay. Yo kapab chaje ou yon frè pou pwogram avan- oswa apre lekòl sa yo, men kèk sèvis asistans espesyal ki kapab disponib nan distri eskolè w la.

### **Ki kote pou m enskri timoun mwen lekòl?**


Rele oswa vizite biwo prensipal distri lekòl lokalite w la oswa sit wèb yo a pou w konnen nan ki lekòl timoun ou dwe ale.

### **Ki dokiman mwen bezwen pou m enskri timoun mwen?**

Ou bezwen dosye medikal timoun ou an ak prè vè li te resevwa sèten iminizasyon (yo rele yo vaksen tou) pou pwoteje yo kont maladi. Ou kapab bezwen prè vè tou pou idantifikasyon, tankou batistè, ak prè vè ke w ap viv nan menm kominote ak lekòl la. Si ou pèdi dokiman sa yo, mande pèsònèl lekòl la kòman pou w jwenn nouvo dokiman. Pou evite reta, fè sa anvan ou eseye enskri timoun ou a.

### **Ki sa pou mwen fè si timoun mwen pa pale anglè?**

Si pitit ou pa pale anglè, distri eskolè a pral evalye abilite linguistik timoun ou an. Apre sa, lekòl la ap bay timoun ou an sèvis li bezwen pou aprann anglè e patisipe nan pwogram akademik pou nivo li. Distri eskolè a responsab pou mete a dispozisyon timoun ou sèvis apwopriye pou satisfè bezwen linguistik timoun ou an, e pou enfòmè ou nan yon lang ou kapab konprann konsènan sèvis timoun ou an pral resevwa. Ou kapab kontakte lekòl timoun ou an pou w poze kesyon sou pwosesis sa. Anplis sèvis linguistik pandan jou lekòl regilye, kèk lekòl ofri pwogram aprè-lekòl ak asistans pou ede elèv yo amelyore nan anglè deyò lekòl la. Se lekòl timoun ou an pral di w ki kalite ed yo bay elèv ki bezwen aprann anglè.



## E si timoun mwen an gen yon andikap?

Tout elèv Etazini gen dwa pou resevwa edikasyon piblik gratis, kit li gen andikap ou non. Si timoun ou an gen yon andikap, li kapab resevwa edikasyon espesyal gratis ak sèvis apwopriye. Yo pral mete timoun ou an nan yon sal klas nòmal, si sa apwopriye pou bezwen li. Pafwa timoun ou an kapab bezwen edikasyon espesyal oswa sèvis apwopriye deyò sal klas regilye. Ou kapab patisipe lè pèsònèl lekòl la ap pran desizyon pesonèl konsènan fason pou pi byen anseye timoun ou an. Lekòl la responsab pou kominike avèk ou konsènan desizyon sa yo nan yon lang ou ka konprann. Pou plis enfòmasyon sou fason pou w gen aksè ak sèvis ak lòt resous yo, vizite <http://idea.ed.gov>.

## Timoun mwen an pa t lekòl avan li te rantre Etazini. Pandan konbyen tan li kapab ale nan lekòl leta gratis?

Nan pifò eta yo, elèv yo ka ale nan lekòl leta gratis jiskaske yo gradye lekòl segondè oswa rive nan limit laj la, ki se dabitid 21 an. Si yon elèv gen mwens ke 22 zan, li kapab gen posiblite enskri nan yon lekòl segondè epi chèche pran yon diplòm regilye lekòl segondè. Si yon etidyan pa te gradye nan lekòl segondè nan laj 22 ane, li kapab enskri nan klas Lekòl Segondè pou Granmoun (ASE). Klas ASE yo ede prepare elèv yo pou yo jwenn yon ekivalan otorize diplòm lekòl segondè (tankou sètifika Akonplisman Edikasyon Jeneral (General Educational Development, GED)) nan plas yon diplòm lekòl segondè regilye. Rele biwo distri lekòl lokalite w la oswa Depatman Edikasyon eta w la pou chèche konnen ki kote yo bay klas GED.

## Kòman timoun mwen an prale lekòl?

Pafwa Etazini timoun yo konn mache ale lekòl. Si lekòl la twò lwen oswa si li pa san danje pou mache, yo kapab pran yon bis oswa transpò piblik, tankou metwo oswa tren. Anpil lekòl leta gen bis gratis ki pran epi depoze elèv yo nan yon stasyon bis tou pre lakay ou. Lòt lekòl leta mete a dispozisyon elèv ki kalifye yo tikè yon fason pou yo kapab itilize transpò piblik lokal gratis oswa pou yon pri redui. Pou w konnen si timoun ou an kapab pran bis pou lekòl oswa resevwa tikè pou transpò piblik, kontakte biwo distri eskolè nan zòn ou. Si ou genyen yon machin, ou kapab patisipe nan yon pwogram woulib ansanm ak lòt paran ki nan zòn ou an pou pataje responsabilite kondui timoun nou yo lekòl.



## Pwogram federal manje nan lekòl

Pou amelyore aprantisaj, gouvènman ameriken an bay manje ki bon pou sante e ki pa koute chè oswa ki gratis pou plis pase 26 milyon timoun chak jou ki gen lekòl. Patisipasyon nan Pwogram Manje Lematen nan Lekòl ak Pwogram Nasyonal Manje Midi nan Lekòl baze sou kantite lajan fanmi an touche ak kantite moun ki nan fanmi an. Pwogram Espesyal pou Lèt la bay timoun ki pa patisipe nan lòt pwogram federal manje nan lekòl yo lèt pou bwè. Pou plis enfòmasyon konsènan pwogram sa yo nan Depatman Agrikilti Ameriken an, vizite [www.fns.usda.gov/cnd](http://www.fns.usda.gov/cnd).

### Kisa timoun mwen an pral manje nan lekòl la?

Timoun yo kapab pote dejene yo lekòl la oswa achte manje nan kafeterya lekòl la. Epitou gouvènman ameriken an bay ti dejene ak manje midi gratis oswa ki pa koute chè ki bon pou sante timoun ki pa gen posiblite pou achte manje nan lekòl la. Rele oswa ale nan lekòl timoun ou an pou chèche konnen si lekòl la patisipe nan pwogram federal manje nan lekòl la. Pale ansanm ak pèsònèl lekòl la pou chèche konnen si timoun ou yo kalifye pou patisipe nan pwogram sa a.



### Kiyès ki peye pou liv ak aktivite lekòl yo?

Dabitid, lekòl leta yo bay liv gratis. Elèv yo dabitid oblije achete pwòp founiti eskolè yo, tankou papyè ak kreyon. Si ou pa kapab peye pou founiti sa yo, kontakte lekòl timoun ou an. Kèk lekòl kapab fè w peye yon ti frè pou founiti yo oswa aktivite espesyal yo, tankou sòti lekòl la òganize. Anpil lekòl ofri pwogram espò ak mizik apre lekòl. Ou kapab bezwen peye yon frè pou timoun ou an patisipe nan kèk pwogram sa yo.

### Kisa timoun mwen an pral aprann?

Chak eta etabli yon objektif akademik kle pou lekòl yo. Objektif kle sa yo demontre kisa tout elèv yo ta dwe konnen epi nan ki nivo yo ta dwe ap pèfòme. Distri lekòl lokal yo deside kijan yo dwe anseye enfòmasyon sa yo. Pifò lekòl anseye anglè, matematik, etid sosyal, syans ak edikasyon fizik. Pafwa yo ofri kou nan domèn atistik, mizik ak lang etranje.

### **Kijan yo evalye travay timoun mwen an?**

Pwofesè yo bay pwèn (ki rele tou nòt) baze sou travay timoun ou an fè pandan ane lekòl la. Nòt yo dabitid baze sou devwa, egzamen, prezans ak konpòtman nan klas. Timoun ou an pral resevwa yon kanè plizyè fwa nan yon ane. Kèk lekòl pral voye kanè timoun ou direkteman ba ou. Kanè sa ap di w ki pwogrè timoun ou an ap fè nan chak matyè. Lekòl yo gen diferan fason yo bay elèv yo nòt. Gen kèk ki sèvi ak nòt lèt ki gen A oswa A+ pou travay ekselan ak D oswa F pou travay medyòk oswa si yo pa pase. Gen lòt ki mete rezime pèfòmans timoun ou an yo ak mo tankou “ekselan”, “bon”, oswa “bezwen amelyore”. Nan anpil ka, elèv yo pase tès espesyal, ke lekòl yo bay pou evalye elèv yo. Mande pèsonèl lekòl la kijan yo bay elèv yo nòt nan lekòl la.

### **Kòman mwen kapab pale ak pwofesè timoun mwen an?**

Pifò lekòl yo gen konferans ak paran yo regilyèman pou w kapab rankontre ak pwofesè timoun ou an. Ou ka toujou pran randevou yon reyinyon pou w pale ak pwofesè oswa administratè lekòl yo pou pale sou fason timoun ou an ap travay lekòl. Si ou pa pale oswa konprann anglè, distri eskolè a pral mete yon entèprèt kalifye a dispozisyon w pou kalite reyinyon sa yo. Distri eskolè a gen obligasyon tou pou l ba ou enfòmasyon sou lòt sijè nan yon lang ou konprann.

### **E si timoun mwen an ta manke jou lekòl?**

Li enpòtan anpil pou timoun yo ale lekòl. Paran yo dwe ekri yon lèt bay pwofesè a oswa rele lekòl la pou eksplike poukisa timoun yo an pa ale lekòl. Fè pwofesè a konnen davans si timoun ou an pap vini lekòl. Elèv yo dwe dabitid fè travay yo mande a lè yo te absan lekòl la. Mande lekòl timoun ou an ki kalite enfòmasyon ou bezwen bay si timoun ou an te absan lekòl.



## Men sa ou kapab fè

Pifò lekòl leta ak prive yo gen Asosyasyon Paran Pwofesè (Parent Teacher Association, PTA) oswa Òganizasyon Pwofesè Paran (Parent Teacher Organization, PTO). Gwoup sa yo ede paran yo jwenn enfòmasyon sou sa k ap pase nan lekòl timoun yo ak kijan yo kapab patisipe nan aktivite lekòl yo. Nan pifò lekòl yo, nenpòt moun kapab patisipe, menm granparan yo. PTA/PTO yo sipòte lekòl tou, yo finanse aktivite espesyal yo epi yo ofri volontè pou ede nan sal klas yo.

Ou kapab patisipe menm si ou pa pale oswa konprann anglè. Anpil lekòl gen enfòmasyon espesyal pou paran ki pa konn anglè. Fè lekòl la konnen ke ou pral bezwen sèvis entèprèt pou w kapab patisipe. Rele oswa ale nan biwo lekòl ou a pou konnen ki lè PTA/PTO lekòl timoun ou an rankontre epi ki jan ou kapab patisipe. Ou kapab pale ak pwofesè timoun ou an epi mande si gen fason ou ka volontè oswa mete men.

## E si timoun mwen an ta tonbe nan pwoblèm?

Anpil lekòl gen yon lis règleman oswa politik koreksyon ke elèv yo dwe obeyi, ki souvan rele kòd konduit. Mande lekòl timoun ou an enfòmasyon sou kòd konduit li a. Lekòl la kapab korije elèv ki pa respekte règleman lekòl la lè li mande pou yo rete apre jounen lekòl l afini oswa lè li anpeche yo patisipe nan espò oswa lòt aktivite eskolè. Yo pa pèmèt pinisyon kòporèl nan lekòl Etazini nan pifò eta yo.

Yo kapab mete timoun yo deyò lekòl pou yon ti tan oswa mete yo deyò nèt lekòl la si yo aji mal e yo pa suiv règleman lekòl yo souvan. Si yo mete timoun ou an deyò, li pap kapab ale nan menm lekòl la ankò. W ap oblije rankontre ak pèsonèl lekòl la pou w konnen kijan pou timoun ou an retounen lekòl.

## Èske timoun mwen an an sekirite lekòl la?

Pifò lekòl leta ameriken yo se yon kote san danje pou aprann. Pale ak yon pwofesè, konseye lekòl, direktè oswa lòt administratè si w gen enkyetid sou sekirite timoun ou an.

## Fason pou bloke entimidasyon ant elèv

Entimidasyon se konpòtman ostil, agresif vèbal oswa fizik nan mitan timoun nan laj pou lekòl. Entimidasyon kapab rive pandan oswa apre peryòd lekòl la. Pandan pifò entimidasyon ki dokimante yo rive anndan batiman lekòl la, entimidasyon rive tou nan espas tankou lakou rekreyasyon, nan bis oswa sou Entènèt. Pou w aprann plis sou kijan pou anpeche entimidasyon oswa pou w koresponn ak li, vizite [www.stopbullying.gov](http://www.stopbullying.gov).

# Edikasyon siperyè: kolèj ak inivèsite

Aprè lekòl segondè, jenn moun ak lòt granmoun ka kontinye edikasyon yo nan yon lekòl siperyè kominotè pandan de ane oswa kolèj teknik oswa kat ane nan kolèj oswa inivèsite. Yo rele enstitisyon aprè segondè oswa enstitisyon ansèyman siperyè. Nòmalman, kat premye ane edikasyon aprè segondè a rele edikasyon premye nivo (“undergraduate studies”) ki ap bay yon lisans (“Bachelor’s Degree”), e fòmasyon aprè yo rele etid pou diplòm (“graduate studies”). Gen enstitisyon ansèyman siperyè piblik ak prive. An jeneral, kolèj ak inivèsite piblik yo koute mwens pase sa ki prive yo, espesyalman pou rezidan eta a kote kolèj oswa inivèsite a ye. Adilt yo kapab chwazi tou pou ale lekòl fòmasyon pwofesyonèl pou aprann fè yon travay espesifik, tankou repara òdinatè oswa vin yon asistan swen sante.



Elèv ki nan ansèyman siperyè yo chwazi yon sijè espesifik pou etidye plis afon (sijè sa a rele “sijè prensipal”, “major” ann anglè). Chwazi yon sijè konsantrasyon ap ede yo prepare pou travay oswa pou plis edikasyon nan sijè sa a.

ANSÈYMAN SIPERYÈ		
Tip diplòm	Tip lekòl	Ane lekòl
Sètifika	Lekòl siperyè kominotè/Lekòl Vokasyonèl	Sis mwa a de zan
De ane (Associate)	Lekòl Siperyè Kominotè	De ane
Bakaloreya	Kolèj oswa Inivèsite pandan Kat ane	Kat ane
Metriz	Inivèsite	De ane
Doktora	Inivèsite	De zan a uit an
Pwofesyonèl	Lekòl Espesyalize	De zan a katran

Yon edikasyon nan inivèsite oswa kolèj ka koute chè, men genyen pwogram pou ede ou peye pou pri edikasyon. Pifò elèv prete lajan oswa aplike pou èd finansyè oswa bous pou ede yo peye pou lekòl yo. Gen kèk lekòl ki bay èd finansyè yo rele bous etid. Ou kapab vizite biwo èd finansyè nan lekòl ou pou w aprann plis konsènan bous etid yo. Kèk bous etid ak don lajan la sèlman pou sitwayen ameriken, resòtisan ameriken, rezidan pèmanan, oswa lòt etranje ki kalifye. Gouvènman ameriken an bay elèv èd finansyè tou. Pou aprann plis konsènan èd finansyè, gade pi ba a oswa vizite [www.StudentAid.gov](http://www.StudentAid.gov).

## Èd Finansyè Federal pou Elèv Lekòl Siperyè

Gouvènman ameriken an bay èd finansyè pou ede elèv peye lajan pou edikasyon yo nan yon lekòl siperyè, lekòl teknik, lekòl vokasyonèl, oswa lekòl pou diplòm ki kalifye. Asistans finansyè federal kouvri depans tankou ekolaj, frè, chanm ak akseswa, materyèl eskolè ak transpò. An jeneral, elèv kalifye pou èd sa a sou baz bezwen finansyè yo, men se pa selon nòt yo fè. Gen twa kalite èd federal:

- Don: lajan ou pa gen pou w remèt.
- Travay pandan etid: lajan ou touche lè w travay pandan ou lekòl.
- Prè: lajan ou prete a kounye a e ke w dwe remèt pita ak enterè.

Pou plis enfòmasyon sou èd finansyè federal, rele 1-800-433-3243 oswa vizite sit wèb Depatman Edikasyon Ameriken an nan [www.StudentAid.ed.gov/resources](http://www.StudentAid.ed.gov/resources). Gen enfòmasyon disponib ann espayòl.

### Fè atansyon ak magouy nan zafè èd finansyè



Fè atansyon lè w ap chèche enfòmasyon sou èd finansyè pou elèv. Evite òf ki sanble egzajere oswa òf ki pwomèt ou rezilta ann echanj lajan. Chak ane, anpil fanmi pèdi plizyè milyon dola nan bous etid magouy. Si ou viktim magouy oswa pou plis enfòmasyon, rele Komisyon Federal sou Echanj la nan 1-877-382-4357 or 1-866-653-4261 (pou moun ki gen pwoblèm tande). Ou ka vizite sit wèb yo tou nan [www.consumer.ftc.gov/articles/0082-scholarship-and-financial-aid-scams](http://www.consumer.ftc.gov/articles/0082-scholarship-and-financial-aid-scams).



# Lekòl pou granmoun

Ou pa oblije sispann aprann lè w vin granmoun. Nan Etazini, nou ankouraje moun pou yo aprann pandan tout vi yo. Si ou gen 16 zan oswa plis e ou pa fini lekòl segondè, ou kapab enskri nan klas Edikasyon Segondè pou Granmoun (Adult Secondary Education, ASE). Klas ASE yo ede prepare elèv yo pou jwenn yon ekivalan otorize diplòm lekòl segondè (tankou sètifika Akonplisman Edikasyon Jeneral (General Educational Development, GED)) nan plas yon diplòm lekòl segondè regilye.

Yon sètifika GED se yon ekivalan popilè pou yon diplòm lekòl segondè, malgre kèk eta kapab mande ou pran yon lòt tès ki sanble ak GED oswa satisfè lòt kondisyon yon fason pou ou ka jwenn yon ekivalans a diplòm oswa sètifika lekòl segondè. Ekivalans diplòm oswa sètifika pou lekòl segondè (tankou yon GED) montre ke ou te aprann konesans ak teknik akademik nan nivo lekòl segondè. Pou w gen yon GED, ou dwe pase tès nan kat domèn diferan: rezonman atravè abiltè nan lang (lekti ak ekri), etid sosyal, syans ak rezonman matematik. Pifò patwon nan Etazini konsidere yon diplòm GED egal ak yon diplòm lekòl segondè nòmal. Nan plizyè zòn, kou preparatwa pou GED yo gratis oswa bon mache. Chèche GED sou entènèt ak lòt klas lekòl pou granmoun, oswa rele biwo distri eskolè nan zòn pa w la pou enfòmasyon.

Anpil granmoun pran klas pou aprann plis sou sijè ki enterese yo oswa pou aprann nouvo abiltè ki kapab ede yo nan travay yo. Anpil sistèm lekòl leta ak lekòl siperyè kominotè lokal ofri klas nan plizyè sijè diferan pou granmoun. Nòmalman, klas sa yo pa koute anpil e nenpòt moun kapab enskri. Tcheke sistèm lekòl lokal ou a oswa lekòl siperyè kominotè w la pou konnen si gen klas ki disponib, konbyen yo koute e kòman pou w enskri.



# Aprann anglè

Gen anpil kote ou kapab aprann pale, li ak ekri anglè. Anpil timoun ak granmoun enskri nan Klas Anglè kòm yon Dezyèm Lang (English as a Second Language, ESL). Klas sa yo ede moun ki pa konn pale anglè aprann lang lan. Klas sa yo rele tou klas anglè pou moun ki pale lòt Lang (English for Speakers of Other Languages, ESOL) oswa Klas alfabetizasyon anglè.

Timoun ki pa konn pale anglè ap aprann li nan lekòl. Lekòl leta Etazini yo bay èd ak ansèyman pou tout elèv ki bezwen aprann anglè.

Granmoun ki pa konprann anglè yo kapab enskri nan yon klas ESL ke yo bay nan yon pwogram edikasyon piblik kominotè ak pwogram pou granmoun oswa nan yon lekòl lang prive. Lekòl timoun ou an kapab ofri sèvis alfabetizasyon famiyal, sansibilizasyon paran, ak fòmasyon pou paran ki pa pale anglè. Kontakte lekòl timoun ou an pou w cheche konnen si yo ofri pwogram sa yo.

Souvan distri lekòl yo ak lekòl siperyè kominotè yo ofri pwogram edikasyon piblik kominotè ak pwogram pou granmoun nan kominote lokal yo. Pwogram sa yo kapab bay klas ESL ansanm ak leson nan men volontè lokal. Souvan pwogram sa yo gratis oswa yo kapab koute yon ti kòb. Klas yo kapab fèt lajounen oswa leswa. Rele lekòl siperyè kominotè lokal ou a oswa biwo distri lekòl la pou w konnen kote pwogram ESL ki pi pre w la ye.

Pifò gran vil yo gen lekòl lang prive tou ki bay kou ESL lajounen oswa leswa. Montan lajan pou klas lang prive yo souvan baze sou kantite lè ansèyman an, e yo jeneralman pi chè pase klas piblik yo. Ou kapab chèche sou Entènèt lekòl lang prive nan zòn pa w la.

Gen kèk òganizasyon, bibliyotèk, ak gwoup relijye ki ofri kou ESL gratis tou oswa ki pa koute chè. Tcheke bibliyotèk piblik lokal ou a, ajans sèvis sosyal oswa kote w ale legliz la. Moun k ap travay nan bibliyotèk lokal la kapab ba w enfòmasyon sou pwogram yo tou e yo kapab montre w kote pou w jwenn liv ESL, kasèt, CD ak pwogram òdinatè nan bibliyotèk la.

Pou w jwenn pwogram ESL ki pi prè w, vizite [www.literacydirectory.org](http://www.literacydirectory.org). Ou kapab etidye sou entènèt tou si w vizite [www.usalearns.org](http://www.usalearns.org).

## Rle 211 pou w jwenn enfòmasyon sou Sèvis Sosyal yo

Ou kapab rele 211 nan anpil eta pou w jwenn èd sèvis sosyal ou bezwen. Rele 211 pou w konnen kote ou kapab enskri nan klas ESL ki nan katye w. Ou kapab rele 211 tou si w bezwen èd pou w jwenn pwogram manje, kay, oswa lòt sèvis sosyal. Gen kèk eta ak konte ki poko ofri sèvis 211 la. Pou w wè si 211 disponib nan zòn pa w la, vizite [www.211.org](http://www.211.org).

## Swen sante

Jeneralman, moun nan Etazini peye pou pwòp swen medikal yo swa direktman oswa atravè asirans. Swen medikal koute chè, konsa ou gen enterè travay pou yon patwon ki ofri w asirans sante oswa achte asirans sante ak mwayen pa w. Li enpòtan pou ou ak fanmi ou gen asirans sante pi bonè posib.

Anplwayè yo kapab ofri asirans sante kòm yon benefis pou anplwaye yo. Kèk patwon peye tout frè pou kouvri swen sante w chak mwa pandan ke kèk lòt peye sèlman yon pati nan montan an. Frè mansyèl la rele yon “prim” (“premium”, ann anglè). Ou kapab gen pou w peye yon pati nan prim lan. An jeneral, patwon yo dedui pati prim anplwaye a sou chèk li. Kèk patwon pral pèmèt ou achte asirans pou fanmi ou tou. Ou pral petèt gen pou w peye plis pou kouvèti sa.

Si ou gen asirans sante, doktè ka voye fakti a bay konpayi asirans sante w la. Konpayi asirans sante a ka peye yon pati oswa tout bil yo. Souvan ou dwe peye yon montan bay doktè a oswa founisè sèvis la chak fwa ou itilize sèvis swen sante yo a. Pafwa, yo rele sa yon “kotpa”.

Si ou pa gen asirans sante, kèk doktè ap atann ke ou peye pou tout swen yo ba w la. Ou kapab gen posiblite jwenn asistans swen sante federal oswa eta a. Eta yo bay kèk kalite asistans pou timoun nan fanmi ki gen revni ba, fanm ansent, ak moun k ap viv avèk andikap. Kèk eta gen pwogram asistans ke eta a finanse.



Si ou bezwen swen medikal ijan, ou kapab ale nan sal ijans nan lopital ki pi prè w la. Pifò lopital avèk sèvis ijans gen obligasyon dapre lwa federal pou trete moun ki gen pwoblèm medikal ijan menm si moun lan pa kapab peye, sepandan, founisè swen sante a kapab voye yon fakti pou sèvis medikal li te bay la.

Lè w ap pran desizyon konsènan sante w, li enpòtan pou ou konnen ki kote pou w jwenn enfòmasyon tou nèf, pi fyab la. Pou yon gran varyete resous nan domèn sante, vizite **www.healthfinder.gov**.

## Mache Asirans Sante a

Mache asirans sante a (oswa echanj asirans sante) se yon fason pou w jwenn asirans sante bon kalite ki koresponn a bidjè w e ki satisfè bezwen ou yo. Li kapab ede w si patwon w pa ba w asirans bon mache oswa si ou pa kalifye pou kouvèti anba Medicare, Medicaid, oswa Pwogram Asirans pou Timoun (Children's Health Insurance Program, CHIP). Mache a pral pèmèt ou konpare kèk modèl plan asirans sante prive, jwenn repons pou kesyon w yo, chèche konnen si ou kalifye pou sipò finansye pou ede ou peye pou kouvèti, e enskri w nan yon plan swen ki satisfè bezwen ou yo. Rezidan pèmanan yo ak kèk lòt moun ki nan yon sitiyasyon legal kapab kalifye pou asirans nan Marketplace la. Pou dènye enfòmasyon yo, vizite **www.HealthCare.gov**.

### Jwenn yon enstitisyon swen sante ki pa chè

Pifò nan kominote yo gen omwen yon sant sante ki founi sèvis gratis oswa pou ba pri. Pafwa yo rele yo klinik oswa sant sante kominotè. Pou w jwenn kalite resous sa yo tou pre ou, chèche sou entènèt oswa mande yon òganizasyon sèvis pou imigran si yo konnen enstitisyon ki bay sèvis swen sante gratis oswa pou ba pri nan zòn pa w la.

Depatman Sante ak Sèvis Imen Ameriken finanse enstitisyon swen sante nan anpil kote nan tout peyi a ki founi swen sante debaz pou imigran. Pou w jwenn yon doktè tou pre ou, vizite **http://findahealthcenter.hrsa.gov**.

## Pwogram sante federal ak pwogram sante eta a


**Medicare:** Medicare se yon pwogram asirans sante pou moun ki gen laj 65 an oswa plis, pou moun ki gen mwens ke 65 an ki gen sèten andikap, oswa moun ki gen maladi renal nan dènnye etap. Medicare peye pou swen elemantè ak kèk sèvis si ou malad oswa blese. Pou plis enfòmasyon konsènan fason pou enskri nan Medicare, vizite [www.medicare.gov/MedicareEligibility/home.asp](http://www.medicare.gov/MedicareEligibility/home.asp).

Medicare gen plizyè pati ladan l, pa egzanp Pati A, Pati B ak Pati D.

- Pati A se asirans lopital ki ede kouvri swen moun ki entène nan lopital, enstitisyon espesyalize nan swen enfimyè, ospis ak swen sante adomisil. Pifò moun pa peye yon prim nan Pati A a paske yo te peye enpo Medicare pandan yo t ap travay. Si ou pa kalifye pou w pa peye okenn prim nan Pati A, ou kapab gen posiblite achte Pati B a si ou satisfè kèk kondisyon.
- Pati B a se asirans medikal ki ede kouvri kèk sèvis, tankou sèvis doktè, swen anbilatwa, ekipman medikal dirab, sèvis sante adomisil, ak lòt sèvis medikal asnanm ak kèk sèvis prevantif. Pou Pati B a, ou peye yon frè mansyèl.
- Pati D a kouvri preskripsyon medikaman pou ede w peye lajan pou kèk medikaman doktè preskri pou tretman. Ou kapab enskri, si w vle, nan yon plan pou preskripsyon (Medicare Part D), e ou kapab peye yon frè adisyonèl chak mwa pou kouvèti sa a.

Rezidan pèmanan kapab resevwa Medicare Pati A ak Pati B ak kouvèti pou preskripsyon medikaman si yo ranpli sèten kondisyon. Rezidan pèmanan ki gen 65 an oswa plis enskri otomatikman nan Medicare Pati A lè yo kòmanse resevwa benefis Retrèt Sekirite Sosyal yo. Si ou poko gen 65 an men ou kalifye pou lòt rezon, rele biwo Sekirite Sosyal ki pi prè w la pou w jwenn enfòmasyon sou fason pou w enskri. An jeneral, se pou w te travay Etazini pandan 10 an (oswa 40 trimès) diran lavi w pou w kapab resevwa benefis Medicare Pati A a san w pa gen yon frè mansyèl w ap peye. Pou plis enfòmasyon konsènan Medicare e pou w telechaje *Medicare & You*—livrè ofisyèl gouvènman ameriken an pou Medicare—vizite [www.medicare.gov](http://www.medicare.gov). Gen enfòmasyon disponib ann espàyòl.

**Medicaid:** Medicaid se yon pwogram federal ansanm ak eta a pou moun ki pa touche anpil lajan. Chak eta gen pwòp règleman yo sou Medicaid. Medicaid peye pou sèvis medikal, tankou konsiltason kay doktè ak ospitalizasyon. Rezidan pèmanan ki rantr Etazini an 22 out 1996 kapab kalifye pou resevwa Medicaid



si yo ranpli sèten kondisyon. Rezidan pèmanan ki rantr Etazini 22 out 1996 oswa aprè, kapab kalifye pou resevwa Medicaid si yo te abite Etazini pou yon peryòd 5 an oswa plis e si yo satisfè sèten obligasyon. Pou plis enfòmasyon konsènan sèvis Medicaid nan eta pa w la, vizite [www.medicaid.gov](http://www.medicaid.gov).

### **Pwogram Asirans Sante Timoun (Children's Health Insurance Program, CHIP):**

Pitit ou yo kapab an mezi pou yo resevwa swen lasante gratis oswa ki pa chè ditou si yo ranpli sèten kondisyon. Si ou fè twòp lajan pou w kalifye pou Medicaid (Asistans Medikal pou Demini), kèk eta gen yon pwogram asirans pou bebe, timoun, ak adolesan. Asirans lan peye pou vizit kay doktè, medikaman sou preskripsyon, swen lopital, ak lòt sèvis swen sante. Nan majorite eta yo, timoun ki gen laj 18 ane ak sa yo ki pi jèn, ki pa gen asirans sante kapab kalifye si fanmi yo ranpli kondisyon ki egzije yon sèten limit nan revni yo. Timoun yo kapab resevwa swen medikal gratis oswa ki pa chè san sa pa afekte estati imigrasyon paran yo.



### **Plis enfòmasyon konsènan Medicaid ak CHIP**

Chak eta gen pwòp règleman pou Medicaid (Asistans Medikal pou Demini) ak CHIP, konsa li enpòtan pou w chèche enfòmasyon sou pwogram lan nan eta pa w la. Pou enfòmasyon, rele 1-877-543-7669 oswa vizite [www.insurekidsnow.gov](http://www.insurekidsnow.gov).

## **Lòt pwogram asistans federal**

Ou menm oswa manm nan fanmi w kapab kalifye pou lòt benefis federal, sa depann de estati w kòm imigran, kantite tan ou genyen nan Etazini, ansanm ak nivo revni w. Pou w aprann plis sou ki sèvis ki ka disponib pou ou, vizite [www.benefits.gov](http://www.benefits.gov).

### **Pwogram Èd Alimantè (Supplemental Nutrition Assistance Program, SNAP)**

Kèk imigran, timoun ladan l tou, kapab kalifye pou Pwogram Èd Alimantè a (SNAP). SNAP mete lajan a dispozisyon ou pou ede w achte manje nan boutik. Gen kèk eta ki kapab gen pwòp pwogram pou kupon alimantè yo ke eta a finanse e yo kapab gen règleman diferan pou kalifikasyon imigran yo. Pou enfòmasyon sou SNAP ak kondisyon kalifikasyon yo, vizite [www.fns.usda.gov/snap](http://www.fns.usda.gov/snap). Enfòmasyon sou SNAP disponib nan 36 diferan lang nan [www.fns.usda.gov/documents-available-other-languages](http://www.fns.usda.gov/documents-available-other-languages).

## Sèvis pou Reskape Vyolans Familyal

Imigran ak timoun yo ki se viktim vyolans familyal kapab kalifye pou resevwa sèvis ak benefis federal, tankou mezonabri pou fanm yo abize oswa kupon alimantè. Pou plis enfòmasyon sou sèvis sa yo, vizite [www.womenshealth.gov/violence-against-women](http://www.womenshealth.gov/violence-against-women).

## Asistans Tanporè pou Fanmi ki nan Bezwen (Temporary Assistance for Needy Families, TANF)

Asistans Tanporè pou Fanmi ki nan Bezwen se yon pwogram federal ki bay eta yo lajan pou ofri asistans ak opòtinite travay bay fanmi ki gen revni ba. Pwogram yo diferan selon eta yo e gen eta ki gen pwòp pwogram asistans ke eta a finanse. Pou plis enfòmasyon ak kondisyon kalifikasyon, vizite [www.acf.hhs.gov/programs/ofa/programs/tanf](http://www.acf.hhs.gov/programs/ofa/programs/tanf).

## Asistans pou imigran ki andikape

Imigran ki andikape ka kalifye pou Medicaid, SNAP, ak Lajan pou Sekirite Siplemanntè. Pou enfòmasyon sou Revni Sekirite Siplemanntè a, vizite [www.socialsecurity.gov/ssi](http://www.socialsecurity.gov/ssi).

## Sant Karyè Santralize (One-Stop Career Centers)

Gouvènman federal finanse sant karyè ki bay rekòmandasyon sou fòmasyon, sèvis konsèy sou karyè, anons pou travay ak lòt sèvis anplwa. Yo konn bay klas ESL ak fòmasyon pou abilite nan travay pou imigran nan kèk nan sant sa yo tou.

Pou w jwenn yon Sant Karyè Santralize tou prè ou, vizite [www.careeronestop.org](http://www.careeronestop.org) oswa [www.doleta.gov](http://www.doleta.gov).







---

## **Kenbe kay ou ak fanmi w an sekirite**

Ijans se evénman sanzatann ki kapab mete moun oswa pwopriyete an danje. Ijans kapab frape nenpòt moun nenpòt lè. Seksyon sa a di ou fason ou kapab prepare w pou ijans ak fason pou w jwenn èd lè sa rive.

# Prepare w

Prepare w pou ijans avan yo rive. Pou enfòmasyon sou fason pou w prepare pou yon ijans, vizite **www.ready.gov**. Sit wèb konplè sa a founi enfòmasyon sou fason pou w pare w pou yon ijans pou ou kapab kenbe kay ou ak fanmi ou an sekirite.

Men kèk bagay ou kapab fè pou w an sekirite:

- Asire w pòt ou yo gen bon seri e kenbe yo klete tout tan. Pa bay moun ou pa konnen kle pòt ou. Si yon etranje frape sou pòt ou, mande ki moun li ye ak kisa li vle avan ou ouvri pòt la.
- Alam pou lafimen fè yon gwo bri lè genyen lafimen lakay ou oswa nan apatman w lan. Asire w ou genyen alam pou lafimen nan plafon tou pre chann akouche yo ak nan chak etaj lakay ou. Tcheke alam yon fwa pa mwa pou asire w li mache. Ranplase pil yo nan alam pou lafimen w lan de fwa pa ane.
- Chèche konnen ki kote lopital, lapolis ak stasyon ponpye yo ye. Kenbe tout nimewo telefòn enpòtan yo tou prè telefòn ou kote ou ka jwenn yo fasilman nan ka yon ijans.
- Chèche konnen kote tiyo prensipal pou gaz, elektrisite ak dlo yo ye lakay ou. Asire w ou konnen kòman pou w fèmen yo ak men w. Si ou pa konnen fason pou w jwenn yo, mande mèt kay la, konpayi sèvis lokal, oswa vwazen yo.
- Prepare yon ti sak pou katastwòf ki gen ladan li yon flach, radyo pòtab, pil siplemantè, dra, yon twous premye swen, e bon kantite manje konsèrv oswa nan bwat ak dlo nan boutèy pou omwen twa jou. Mete ladan li tou sache pou fatra, papyè ijyenik ak manje pou bèt kay la, si sa nesèsè. Mete tout bagay sa yo ansanm yon kote ki fasil pou w jwenn.
- Pratike ansanm ak fanmi w fason pou sòti kite kay la nan ka ta gen yon dife oswa lòt ijans. Asire w timoun ou yo konnen son alam pou lafimen an e kisa pou yo fè si yo tande li. Planifye yon kote pou rankontre ansanm ak fanmi w si ou ta bezwen kite kay la. Chwazi yon kote espesifik andeyò kay ou e yon lòt kote andeyò katye lakay ou, si ou pa ta kapab retounen lakay. Mande yon zanmi oswa yon manm fanmi ki rete nan yon lòt zòn pou yo se moun prensipal fanmi ou pral rele si yo separe nan yon ijans. Asire w tout moun konnen pou yo rele moun sa a e yo genyen nimewo telefòn li.



- Mande enfòmasyon sou plan ijans nan lekòl timoun ou an. Asire w ke timoun ou an konnen sa pou li fè nan ka yon ijans ak kote ou ka rankontre l. Timoun ou an ta dwe konnen nimewo telefòn ak adrès ou.

## Men sa ou kapab fè



Pou ede w kenbe katye w an sekirite, chèche konnen vwazen ou yo. Pale ansanm avèk yo sou ki sa pou yo fè lè gen yon ijans nan zòn ou an. Si ou genyen vwazen ki andikape, gade pou w wè si yo bezwen èd espesyal.

Anpil wazinaj gen yon Sistèm vijilans, ki anseye rezidan yo fason pou yo ede tèt yo nan idantifye ak rapòte aktivite sispèk nan wazinaj yo. Si genyen yon Sistèm vijilans Katye nan zòn lakay ou, ou kapab pote w volontè pou patisipe. Si ou ta renmen

kòmanse yon Sistèm vijilans Katye, rele depatman polis lokal ou a pou èd. Pou plis enfòmasyon, vizite [www.nnw.org](http://www.nnw.org).

Lè ou ede lòt moun rete an sekirite, ou ede kominote w ak nasyon w. Ou kapab patisipe plis nan kominote w lan atravè Konsèy Kò Sitwayen lokalite w la (Citizen Corps Council). Pou plis enfòmasyon, vizite [www.citizencorps.gov](http://www.citizencorps.gov).

## Premye swen

Aprann fason pou bay yon kout men nan kèk ka ijans, tankou lè yon moun ap senyen oswa ap toufe. Sa rele premye swen. Ou kapab suiv yon kou fòmasyon pou premye swen nan Lakwa Wouj ki nan lokalite w la. Rele biwo Lakwa Wouj ki nan lokalite w la oswa Konsèy Nasyon Sekirite pou mande enfòmasyon sou klas nan zòn lakay ou. Pou plis enfòmasyon, vizite [www.redcross.org](http://www.redcross.org) oswa [www.nsc.org/learn/Safety-Training/Pages/first-aid-training.aspx](http://www.nsc.org/learn/Safety-Training/Pages/first-aid-training.aspx).

Kenbe yon twous premye swen lakay ou, nan travay ou ak nan machin ou. Yon twous premye swen genyen atik ou kapab itilize pou ti blesi oswa doulè, tankou pansman, sèvyèt antiseptik, medikaman pou doulè, sache ki vin glase byen vit, ak gan. Ou kapab achte yon bon twous premye swen nan famasi ki nan lokalite w.

## Sant kontwòl pwazon

Anpil bagay lakay ou kapab anpwazone w si ou vale yo. Se bagay tankou pwodui netwayaj, medikaman, penti, alkòl, kosmetik e menm kèk plant. Kenbe bagay sa yo lwen timoun piti.

Si yon moun vale yon pwodui ki anpwazone, rele Sant Kontwòl Pwazon tousuit nan nimewo 1-800-222-1222. Ou kapab jwenn èd 24 sou 24, ak 7 jou pa semèn. Kenbe sibstans pwazon an avèk ou lè w ap rele konsa ou ka di operatè a kisa li ye. Si ou pa pale anglè, di operatè a sa pou yon entèprèt kapab ede w. Apèl nan Sant Kontwòl Pwazon an konfidansyèl e gratis.

# Rete enfòmè

Depatman Sekirite Enteryè (DHS) rekonèt ke chak moun gen responsabilite pou sekirite nasyon an e ta dwe konsyan de gwo nivo risk pou atak teworis nan Etazini. DHS gen yon sistèm pou ede moun konprann risk yon atak teworis oswa nenpòt lòt menas pou sekirite nasyon an. Sistèm sa rele Sistèm Nasyonal Rekòmandasyon sou Teworis (National Terrorism Advisory System, NTAS).

Alèt NTAS yo pibliye lè genyen yon enfòmasyon kredib ki se yon menas a sekirite nasyon an. De kalite alèt yo se:

- **Menas alèt ki grav:** Alèt sa avèti yon menas teworis kredib, espesifik, dirèk kont Etazini.
- **Menas alèt ki elve:** Alèt sa avèti sou yon menas teworis kredib kont Etazini.

Pou plis enfòmasyon, vizite [www.dhs.gov/alerts](http://www.dhs.gov/alerts).

Si ou ta renmen resevwa dènye enfòmasyon sou telefòn, vizite [www.twitter.com/NTASAlerts](http://www.twitter.com/NTASAlerts).

Gouvènman Ameriken an kapab itilize NTAS a pou bay piblik la enfòmasyon nan ka yon ijans. Sekretè Sekirite Enteryè a ka itilize sistèm sa pou bay piblik la enfòmasyon imedya lè yon atak teworis frape. Eta a ak otorite lokal yo kapab itilize NTAS la tou pou bay piblik nan zòn yo a enfòmasyon sou ijans.



Si gen yon atak teworis, yon dezaz natirèl, oswa yon lòt ijans, koute sa otorite lokal yo di pou w fè. Koute radyo oswa televizyon pou kèk enstriksyon. Fòk ou genyen yon televizyon oswa radyo lakay ou ki mache ak pil sizoka pa gen kouran tanporèman nan zòn ou an.

## Men sa ou kapab fè

DHS ap ede ameriken aprann ki danje ki posib, pou yo kapab pare pou reyaji pandan yon atak teworis oswa katastwòf natirèl. DHS bay enfòmasyon pou ede ou kenbe fanmi ou, kay ou, ak kominote ou pi an sekirite. Rele 1-800-BE-READY oswa vizite [www.ready.gov](http://www.ready.gov).

Ou kapab jwenn kopi yon gid pou sitwayen ki rele “Are You Ready?” *Yon Gid Apwofondi pou Preparasyon Sitwayen*, ki genyen ti konsèy sou fason pou w rann fanmi ou, kay ou, ak kominote ou pi an sekirite. Ou ka jwenn gid sa a nan Ajans Federal pou Jesyon Ijans (FEMA) si w vizite [www.ready.gov/are-you-ready-guide](http://www.ready.gov/are-you-ready-guide). Ou kapab jwenn materyèl sou sit wèb DHS la nan [www.ready.gov/publications](http://www.ready.gov/publications).

# Fè fas a yon ijans

## Èd pou ijans nan telefòn

Nan Etazini, 911 se yon nimewo ou kapab rele sou nenpòt telefòn pou jwenn èd pou ijans. Ou ta dwe eutilize 911 sèlman nan ka yon ijans. Anseye fanmi ou konsènan lè li apwopriye ak lè li pa bon pou rele 911. Sa se yon lis egzanp.

### Rele 911 pou:

- Rapòte yon dife;
- Rapòte yon krim k ap dewoule;
- Mande èd pou ijans medikal;
- Rapòte gaz k ap flite; e
- Rapòte aktivite sispèk, tankou moun k ap rele anmwè, moun k ap mande sekou, oswa bal k ap tire.



### Pa rele 911 pou:

- Mande espikasyon wout;
- Mande enfòmasyon sou sèvis piblik;
- Chèche konnen si yon moun nan prizon;
- Rapòte sitiyasyon ki pa ijans;
- Mande enfòmasyon sou kontwòl animal; oswa
- Pale ak yon ofisye polis.

Rele 911 pou ijans grav, kote lavi moun an danje sèlman. Lè moun rele 911 pou move rezon sa kapab anpeche yon lòt moun resevwa sekou yo bezwen. Si ou gen yon kesyon pou lapolis, rele nimewo ki pa nimewo ijans lan pou depatman lapolis ki ekri nan paj ble ànyè telefònik ou an.

### **Kisa ki rive lè mwen rele 911?**

- Yo reponn apèl 911 yo dabitid nan 12 segond. Yo kapab mande pou w tann. Lè operatè a reponn, pral gen yon silans nan telefòn lan pandan plizyè segond. Pa rakwoche. Rete tann operatè a pale.
- Si ou pa pale anglè, di operatè a ki lang ou pale. Yon entèprèt dwe vin sou liy lan.
- Operatè 911 lan pral poze w kesyon pou li konnen ki tip ijans e ki kote ijans lan ye. Rete kalm epi reponn kesyon sa yo. Eseye rete nan telefòn lan ansanm ak operatè a jiskaske ou fin reponn tout kesyon yo.



### **Moun ki fè respekte Lalwa nan Etazini**

Nan Etazini, genyen ajans ki fè respekte lalwa federal, lwa eta ak lwa lokal ki pwoteje piblik la. Nan kominote w la, ofisye ki pou fè respekte lalwa yo se polis oswa cherif. Chèche konnen nimewo telefòn biwo lapolis ki prè lakay ou e kenbe li bò kote telefòn ou an. Sonje ofisye polis yo la pou pwoteje ou ak fanmi ou kont danje. Pa pè rapòte yon krim, espesyalman si w se viktim lan. Kèk kriminèl abize imigran paske yo panse ou pa pral rapòte krim lan bay lapolis. Si yon ofisye polis kanpe w:

- Ou pa bezwen pè.
- Fè politès epi kowopere.
- Di ofisye a si ou pa pale anglè.
- Si ou nan yon machin, pa sòti nan machin lan jiskaske ofisye a di w sòti.
- Kite men w kote ofisye a kapab wè yo. Pa ale fouye nan pòch ou oswa nan lòt kote nan machin lan.

## Asistans pou dezas natirèl

Dezas Natirèl kapab frape nenpòt lè e nenpòt kote. Dezas natirèl vini sou anpil fòm, tankou van tanpèt, siklòn, inondasyon, oswa tranblemanntè. Nan ka ou ta afekte pa yon dezas natirèl, chèche èd ak resous sou dezas nan [www.disasterassistance.gov](http://www.disasterassistance.gov) oswa nan rele 1-800-621-FEMA (3362) oswa 1-800-462-7585 (pou moun ki gen pwoblèm tandè).

## Si ou wè yon bagay, se pou w pale (If You See Something, Say Something™)

Ofisye federal ak eta yo ap mande tout moun ki abite nan Etazini pou ede yo konbat teworis. Gade sa k ap pase bò kote w, espesyalman lè w ap pran bis piblik, tren ak avyon. Si ou wè yon objè sispèk yo kite poukont li, tankou yon valiz, sak yo pote nan do, oswa sache an papyè, rapòte li toutsuit bay ofisye lapolis ki pi prè a oswa lòt otorite. Pa ouvri oswa deplase objè a ou menm. Pou plis enfòmasyon, vizite [www.dhs.gov](http://www.dhs.gov).







---

# Aprann konnen peyi Etazini

Etazini se yon demokrasi reprezantatif, e sitwayen yo jwe yon wòl enpòtan nan gouvènman peyi a. Nan seksyon sa, ou pral aprann kijan sitwayen yo kontribiye nan bay gouvènman Ameriken an fòm li, kijan Etazini te fonde epi grandi, ak kijan gouvènman nou an fonksyone.

# Nou menm pèp la: Wòl yon sitwayen ameriken

Nan Etazini, gouvènman an pran pouvwa pou li gouvène nan men sitwayen li. Nou gen yon gouvènman ki sot nan pèp la, pa mwayen pèp la, e pou pèp la. Sitwayen ameriken fòme gouvènman yo ak règleman li yo, kidonk yo oblije aprann sou zafè piblik ki enpòtan yo e patisipe nan kominote yo. Sitwayen ameriken yo vote nan eleksyon lib pou chwazi ofisyèl enpòtan gouvènman an, tankou prezidan, vis prezidan, senatè ak depite yo. Tout sitwayen kapab rele ofisyèl yo eli yo pou bay yon opinyon, mande enfòmasyon, oswa mande èd sou sijè espesifik.

Gouvènman nou an fonde sou plizyè prensip enpòtan: libète, opòtinite, egalite ak jistis. Ameriken pataje valè sa yo, valè sa yo ba nou yon idantite sivik ki komen.

Gouvènman ameriken an pwoteje dwa chak moun. Etazini genyen tout kalite moun ki gen diferan orijin, kilti ak relijyon. Gouvènman nou an ak lwa nou yo fèt yon jan pou pèmèt sitwayen ki gen orijin ak kwayans diferan genyen menm dwa. Yo pa kapab pini oswa fè pèsòn mal paske yo genyen yon opinyon oswa kwayans ki diferan de sa pifò moun panse.

## **Avèk, pa mwayen, e pou pèp la: Kisa demokrasi ye?**

Mo “demokrasi” a vle di “gouvènman pa mwayen pèp la.” Demokrasi kapab genyen diferan fòm nan diferan peyi. Nan Etazini, nou genyen sa yo rele “demokrasi reprezantatif”. Sa vle di sitwayen yo chwazi ofisyèl pou reprezante vizyon ak sousi yo nan gouvènman an.

# Kòmman peyi Etazini te kòmanse

Premye kolon yo ak moun ki te vin etabli Etazini yo souvan t ap sove akòz tretman enjis, espesyalman pèsekisyon relijye, nan pwòp peyi yo. Yo t ap chèche libète ak nouvo opòtinite. Jodi a, anpil moun vin Etazini pou menm rezon sa yo.

Avan li te devni yon nasyon separe e endepandan, Etazini te fòme ak 13 koloni ke Grann Bretay t ap dirije. Moun ki te abite nan koloni yo pa t gen lapawòl sou ki lwa ki te pase oswa kijan yo t ap gouvène yo. Yo te espesyalman kont zafè “peye enpo san reprezantasyon” an. Sa vle di sitwayen yo te peye enpo, men yo pa t gen lapawòl sou ki jan govènman yo t ap fonksyone.

Pou rive nan ane 1776, anpil moun te santi ke sistèm sa pa t jis e yo ta dwe gouvène tèt yo. Reprezantan nan koloni yo pibliye yon Deklarasyon Endepandans. Dokiman enpòtan sa a deklare koloni yo te lib, endepandan e yo pa t gen lyen ak Grann Bretay ankò. Thomas Jefferson te ekri Deklarasyon Endepandans lan. Ann apre li te vin twazyèm prezidan Etazini.


Yo te adopte Deklarasyon Endepandans lan 4 jiyè 1776. Ameriken yo selebre 4 jiyè chak ane kòm jounen endepandans paske se anivèsè nasyon nou an.

Peyi Etazini te batay pou libète li nan men Grann Bretay nan Gè Revolisyonè a. Jeneral George Washington te gouvène fòs militè revolisyon ameriken an. Yo konnen li antanke “Papa peyi nou an.” Ann apre, li vin premye prezidan Etazini.



Aprè koloni yo te genyen gè a, yo te vini fòmè eta yo. Chak eta genyen pwòp gouvènman li. Moun nan eta sa yo te vle kreye yon nouvo fòmilè gouvènman pou reyini eta yo nan yon sèl nasyon. Jodi a, gouvènman santral sa a, gouvènman nasyonal nou an, rele gouvènman federal. Peyi Etazini kounye a genyen 50 eta, Distri Kolonbya (the District of Columbia) (yon zòn espesyal ki se syèj gouvènman federal la)); tèritwa Gwam, Samowa Ameriken, ak Zil Vyèj Ameriken yo; ak Kòmmonwèlf Zile Nò Maryana yo ak Pòtoriko.

### Peti Etazini ak trèz koloni orijinal yo



Trèz koloni yo te fonde nan lòd sa a: Vijini (Virginia), Masachousèt (Massachusetts), Merilann (Maryland), Konektikèt (Connecticut), Wod Aylann (Rhode Island), Delawè (Delaware), Nou Enmchè (New Hampshire), Kawolin Nò (North Carolina), Kawolin Sid (South Carolina), Nou Jèze (New Jersey), Nouyòk (New York) ak Jòjya (Georgia).

## “Tout moun te kreye egalego”

Anpil ameriken konnen mo sa yo ki nan deklarasyon endepandans lan pa kè:


“Nou kwè nan verite ki byen klè sa yo, tout moun te kreye egalego, e kreyatè yo a ba yo kèk dwa ke pèsòn pa kapab retire tankou lavi, libète ak pousuit kè kontan.”

Sa vle di tout moun fèt ak menm dwa fondamantal yo. Gouvènman an pa kreye dwa sa yo, e okenn gouvènman pa kapab retire dwa sa yo.

## Kreye “yon inyon ki pi pafè”

Pandan plizyè ane aprè revolisyon ameriken an, eta yo eseye plizyè fason pou yo mete tèt ansanm nan yon gouvènman santral, men gouvènman sa a te twò fèb. Kidonk reprezantan ki sòti nan chak eta yo te fè yon rasanbleman nan Filadèlfi (Philadelphia), Pennsilvani (Pennsylvania) nan ane 1787 pou yo kreye yon nouvo gouvènman santral ki pi fò. Reyinyon sa a se te konvansyon konstitisyonèl la. Aprè chak deba yo, lidè nan chak eta yo te ekri yon dokiman ki dekri nouvo gouvènman sa a. Dokiman sa te rele Konstitisyon Etazini an. Konstitisyon an dekri kijan yo ta pral òganize nouvo gouvènman an, kijan yo ta pral chwazi manm ofisyèl gouvènman an, ak ki dwa nouvo gouvènman santral la ta pral garanti sitwayen yo. Jodi a, konstitisyon an se youn nan dokiman ki pi enpòtan nan istwa ameriken.

## Drapo Etazini an



Drapo Etazini an te chanje atravè istwa peyi nou an. Kounye a li genyen 13 riban pou reprezante 13 premye koloni ameriken yo. Li genyen 50 etwal, youn pou chak eta yo. Yo te ekri im nasyonal ameriken an konsènan drapo a, e yo rele li “Riban ki briye ak etwal la” (“The Star-Spangled Banner”). Drapo a rele tou “Glwa Lontan an” oswa “Etwal ak Riban yo.”

Manm konvansyon konstitisyonèl la te apwouve konstitisyon an le 17 septanm 1787, e aprè sa tout 13 eta yo te dwe apwouve l. Gen kèk moun ki te santi konstitisyon an pa t fè ase pou pwoteje dwa chak moun. Eta yo te dakò pou apwouve konstitisyon an si yo te ajoute ladan li yon lis dwa endividyèl. Eta yo te apwouve Konstitisyon an an 1788 e li te antre an vigè an 1789. Chanjman nan konstitisyon an rele “amandman”. Premye 10 amendman nan Konstitisyon an te ajoute an 1791. Premye 10 amendman sa yo drese lis dwa chak moun. Yo rele yo Deklarasyon Dwa yo.



Se lalwa ki gouvène peyi Etazini. Manm ofisyèl gouvènman an pran desizyon ki baze sou lwa sa yo. Yo konnen konstitisyon an antanke “lwa siprèm peyi a” paske chak sitwayen, ansanm ak tout manm ofisyèl gouvènman an, e tout lwa yo kreye oblije suiv prensip konstitisyon an. Lwa yo se menm pou tout moun. Pouvwa gouvènman federal la limite. Pouvwa ke konstitisyon an pa bay gouvènman federal la rete dirèkteman nan men eta yo.

### **“Nou menm pèp [la]”**

“Nou menm pèp [la]” (“We the People”, ann anglè) se premye mo ki nan konstitisyon peyi Etazini an. Konstitisyon an kòmanse pa esplikè poukisa yo te ekri li e ki sa l te sanse akonpli. Seksyon sa a rele “preyanbil” la. Men preyanbil konstitisyon an:

“Nou menm pèp peyi Etazini, pou nou kapab fòme yon inyon ki pi pafè, etabli jistis, asire trankilite nan peyi nou, bay defans komen, ankouraje byennèt jeneral, e pwoteje benediksyon libète pou tèt nou ansanm ak tout desandan nou, nou òdone e etabli konstitisyon sa a pou Etazini d Amerik.”

## “Deklarasyon dwa”: 10 premye amandman yo

Premye chanjman nan konstitisyon yo te fèt pou pwoteje sitwayen an patikilye e pou limite pouvwa gouvènman an. Deklarasyon dwa a site libète enpòtan ke yo pwomèt pèp ameriken an. Dwa sa yo genyen ladan yo:

- **Libète lapawòl:** Ou lib pou w panse ak pale jan ou vle.
- **Libète relijyon:** Ou lib pou w pratike nenpòt relijyon oswa pa pratike yon relijyon.
- **Libète laprès:** Gouvènman an pa kapab deside kisa ki dwe enprime oswa rapòte nan medya yo.
- **Libète pou w reyini oswa rasanble nan lokal piblik yo:** Ou lib pou w rankontre avèk lòt moun yon fason peizib.
- **Libète pou pwoteste kont aksyon gouvènman yo e pou w mande chanjman:** Ou lib pou w defye aksyon gouvènman an si ou pa dakò ak yo.



Nan pifò ka, yon Deklarasyon Dwa pwoteje dwa w pou pote zam.

Deklarasyon dwa a garanti “pwosè ekitab”. Pwosè ekitab se yon seri pwosedi legal espesifik yo dwe suiv lè yo akize yon moun kòmkiwa li fè yon krim. Ofisye polis ak sòlda pa kapab stope e fouye yon moun san yon bon rezon, e yo pa kapab fouye lakay moun san pèmisyon yon tribinal. Lè yo akize moun pou yon krim yo garanti yo yon jijman rapid avèk yon jiri ki fèt ak moun menm jan ak yo. Yo garanti yo reprezantasyon legal epi yo kapab rele temwen pou pale pou yo. Ou pwoteje tou kont zak kriyèl ak pinisyon dwòl.

### Chanje Konstitisyon an

Yo rele konstitisyon peyi Etazini an yon “dokiman vivan” paske sitwayen ameriken, atravè reprezantan eta ak nasyonal yo, kapab chanje li lè sa nesèsè. Chanjman sa yo rele “amandman”. Se yon pwosesis long e difisil pou amande Konstitisyon an, e li te amande 27 fwa sèlman. Apa de deklarasyon dwa a, kèk modifikasyon enpòtan se trèzyèm lan, ki entèdi esklavaj, epi katòzyèm lan, ki garanti tout sitwayen menm pwoteksyon selon lalwa.

# Kòmman gouvènman federal la fonksyone

13 koloni orijinal yo te viv sou pouvwa total wa Angletè a. Nan nouvo gouvènman santral yo a, ameriken yo te vle anpeche yon konsantrasyon pouvwa nan men yon sèl gouvènman ofisyèl oswa yon sèl biwo. Konstitisyon an te kreye twa pouvwa pou gouvènman federal la, pou yo te ka balanse pouvwa a. Twa pouvwa oswa branch yo genyen responsabilite separe. Nou rele sistèm gouvènman sa a “sistèm ekilib pouvwa” (“checks and balances”). Sa vle di okenn nan branch gouvènman an pa kapab vin gen twòp pouvwa paske li ekilibre ak de lòt branch yo.

## Gouvènman federal la

Twa branch gouvènman federal la se:



### **Pouvwa Lejislatif la**

Palman ameriken an ak biwo asosye yo



### **Pouvwa Egzekitif la**

prezidan an, vis prezidan an, ak depatman yo nan gouvènman federal la



### **Pouvwa Jidisyè a**

Lakou Siprèm Etazini an ak tribinal federal yo nan tout peyi a



# Pouvwa Lejislatif la: Palman an

Sitwayen peyi Etazini yo vote nan eleksyon lib pou chwazi moun pou reprezante yo nan Palman peyi Etazini. Palman an genyen responsabilite pou fè lwa yo pou nasyon nou an. Chanm Depite yo ansanm ak Sena a fòme Palman an.

## Chanm Depite Etazini an

Moun nan chak eta yo vote pou chwazi manm Chanm Depite a. Gen 435 manb ki kapab vote nan Chanm Depite a, ke yo rele “Lachanm” tou. Kantite reprezantan nan chak eta yo depann de kantite moun ki rete nan eta sa a. Eta yo separe an distri. Moun ki rete nan chak distri yo vote pou yon moun pou reprezante distri yo a nan chanm lan. Chak reprezantan sèvi pandan de ane, epi pèp la genyen yon lòt chans pou vote pou yo oswa pou chwazi yon lòt moun pou reprezante yo. Reprezantan yo kapab sèvi nan Palman an endefiniman.

Genyen senk lòt delege nan Lachanm; se reprezantan Distri Kolonbya a, Kòmounwèlf Zile Maryana yo, ak tèritwa Gwam yo, Samowa Ameriken ak Zile Vyèj Etazini yo. Yon kominyonè rezidan reprezante Pòto Riko.

Chanm Depite yo fè lwa yo, men li genyen kèk responsabilite espesyal. Se sèl Chanm Depite a ki kapab:

- Pwopoze lwa sou enpo.
- Deside si yo dwe rele yon ofisyè gouvènman an ke yo ta akize de yon krim kont peyi a nan jijman devan Sena a. Yo rele sa “destitasyon” (“impeachment”, ann anglè).



## Sena ameriken an

Genyen 100 senatè nan Sena a. Moun nan chak eta vote pou chwazi de (2) senatè pou reprezante yo nan Palman an. Senatè yo sèvi pou sis ane, e pèp la genyen yon lòt chans pou vote pou yo oswa pou chwazi yon lòt moun pou reprezante yo. Senatè yo kapab sèvi nan Palman an endefiniman. Senatè yo fè lwa yo, men yo genyen reponsablite espesyal tou.

Se sèl Sena a ki kapab:

- Di “wi” oswa “non” pou nenpòt akò prezidan an siyen ak lòt peyi oswa òganizasyon peyi yo. Yo rele sa “trete”.
- Apwouve oswa refize moun prezidan an chwazi pou travay nan nivo elve, tankou jij nan Lakou Siprèm oswa ofisyè pou dirije depatman federal yo, tankou Depatman Edikasyon oswa Depatman Sante ak Sèvis Imen.
- Fè yon jijman pou yon ofisyèl gouvènman ki te anba akizasyon Chanm Depite a.

### Manm ofisyèl gouvènman yo ap sèvi sitwayen yo

Nan Etazini, tout moun kapab rele reprezantan oswa senatè yo eli yo. Vizite [www.house.gov](http://www.house.gov) oswa [www.senate.gov](http://www.senate.gov) pou idantifye reprezantan oswa senatè w. Ou kapab rele 202-224-3121 pou w mande pou biwo reprezantan w lan oswa senatè w la. Apèl sa a pa gratis. Ou ka ekri reprezantan w lan oswa senatè w lan pou poze kesyon oswa bay opinyon w sou lejislasyon ak gouvènman federal la, oswa si ou genyen yon pwoblèm epi ou bezwen èd ak benefis federal.

#### Pou ekri reprezantan w lan:

“The Honorable...” (ajoute tout non reprezantan an)  
Chanm Depite Ameriken  
Washington, DC 20515

#### Pou ekri senatè w la:

“The Honorable...” (ajoute tout non senatè w la)  
United States Senate  
Washington, DC 20510

Ou kapab vizite sit wèb Palman an pou w jwenn enfòmasyon sou aktivite k ap fèt kounye a nan Lachanm ak nan Sena a e sou pwòp reprezantan ak senatè w yo, ansanm ak adrès sit wèb yo.

- Pou Chanm Depite a, vizite [www.house.gov](http://www.house.gov).
- Pou Sena a, vizite [www.senate.gov](http://www.senate.gov).

## Men sa ou kapab fè

Chèche enfòmasyon sou reprezantan ak senatè w yo e ki sa y ap fè pou reprezante w nan Palman an. Ou ka fè sa lè ou chèche atik sou yo nan jounal lokal ou a e vizite sit wèb yo. Tout senatè ak reprezantan yo gen biwo lokal nan kominote lakay yo. Ou kapab jwenn enfòmasyon biwo sa yo nan anyè telefonik oswa si w chèche non yo sou Entènèt. Si ou ale vizite Washington, DC, ou kapab fè yon vizit gratis nan Kapitol Etazini, kote Palman an travay.

## Pouvwa Egzekitif la: Prezidan an

Prezidan an se chèf pouvwa ekzekitif la e li responsab pou l sipòte e fè respekte lwa peyi a. Prezidan an genyen anpil lòt responsabilite tou, tankou etabli règ nasyonan, pwopoze lwa bay Palman an, e chwazi ofisyèl nan nivo elve ak manm pou Lakou Siprèm lan. Prezidan an se chèf lame ameriken tou e yo rele li kòmandan an chèf.

Sitwayen yo vote nan eleksyon pou prezidan ak vis-prezidan chak katran. Prezidan an kapab sèvi sèlman de (2) manda. Chak manda dire katran. Vis prezidan an ap vin prezidan si prezidan an mouri, demisyone, oswa pa kapab fonksyone ankò.

Ou kapab jwenn enfòmasyon sou prezidan an lè ou vizite sit wèb pou mezon blanch lan, ki se biwo ak kay prezidan an, nan [www.whitehouse.gov](http://www.whitehouse.gov).

## Pouvwa Jidisyèl a: Lakou Siprèm

Konstitisyon an kreye Lakou Siprèm lan, tribinal ki pi wo nan Etazini. Genyen nèf jij nan Lakou Siprèm. Yo rele yo “justice” (jij, ann anglè). Prezidan an chwazi manm Lakou Siprèm lan, e yo sèvi tout tan yo kapab sèvi. Lakou Siprèm lan kapab anile ni lwa eta yo ak lwa federal yo si yo gen konfli ak konstitisyon an. Genyen tribinal federal tou tankou Tribinal Distri Ameriken ak Kou Dapèl Ameriken.

Pou w aprann plis konsènan Lakou Siprèm Etazini, vizite [www.supremecourt.gov](http://www.supremecourt.gov).

# Gouvènman eta ak otorite lokal

Aprè gouvènman federal la, chak eta gen konstitisyon pa li ak pwòp gouvènman li. Chak gouvènman eta yo gen twa branch tou: lejislatif, egzekitif ak jidisyè.

Dirijan Pouvwa Egzekitif eta a rele “gouvènè”. Moun nan chak eta vote nan eleksyon yo pou chwazi gouvènè yo ak reprezantan yo nan lejislati eta a. Lejislati eta a fè lwa ki aplike nan chak eta. Lwa sa yo pa kapab ale kont Konstitisyon ameriken an. Chak Pouvwa Jidisyè eta a sipòte lwa eta a.

Chak eta gen otorite lokal. Gen gouvènman vil oswa konte oswa pafwa gen toulède. Yo bay e yo kontwole anpil sèvis nan kominote lokal ou a, tankou lekòl leta ak bibliyotèk, depatman polis ak ponpye, ak sèvis dlo, gaz ak kouran. Moun nan kominote lokal yo dabitid vote pou manm ofisyèl gouvènman lokal yo, men yo nome kèk ofisyèl lokal. Otorite lokal yo gen diferan fòm. Genyen ki gen majistra kòm dirijan yo, gen kèk ki gen konsèy vil oswa konsèy konte. Kominote lokal yo gen komite lekòl tou, yon gwoup sitwayen ki eli oswa ki nome pou sipèvize lekòl leta yo.



## Men sa ou kapab fè

Anpil reyinyon otorite lokal yo fèt pòt ouvè pou piblik la e yo fèt aswè pou nenpòt moun kapab asiste. Pa egzanp, ou kapab ale nan yon reyinyon konsèy vil oswa komite lekòl pou aprann plis sou sa k ap pase nan kominote w lan. Lè ak lokal reyinyon sa yo dabitid pibliye nan jounal lokal oswa sou sit wèb otorite lokal la. Kèk reyinyon otorite lokal disponib sou chèn televizyon lokal pa kab.

# Viv Ozetazini

Ou kapab aprann plis konsènan Etazini si w vizite pak nasyonal yo, ki gen kèk nan sit istorik eksepsyonèl nasyon an. Ou kapab fè eksperyans Etazini w lan nan pak nasyonal tankou:

- Pak Nasyonal Yellowstone, avèk pi gwo koleksyon mondyal Sous Dlo cho, ki gen Old Faithful ladan l tou.
- Pak Istorik Nasyonal Endepandans, kote ki genyen Sal Endepandans la ak Klòch Libète a.
- Pak Nasyonal Mammoth Cave, ki genyen sistèm gwòt ki pi long nan mond lan.
- Pak ak Rezèvwa Nasyonal Denali, kote genyen Mòn McKinley, mòn ki pi wo nan Nò Amerik la.



Sistèm Pak Nasyonal la enkli plis pase 400 moniman nasyonal, chan batay, sit istorik, rivaj ak lòt ankò. Pak nasyonal yo lokalize nan chak eta, Distri Kolonbya, ak senk tèritwa ameriken yo.

Pou w aprann plis konsènan pak nasyonal nou yo, vizite sit wèb Sèvis Pak Nasyonal la nan [www.nps.gov](http://www.nps.gov).



---

## **Pou w vini yon sitwayen ameriken**

Natiralize sitwayen ameriken bay rezidan pèmanan yo nouvo dwa ak privilèj. Sitwayènte tou mache avèk nouvo responsabilite. Seksyon sa a diskite rezon pou w konsidere natiralize sitwayen ameriken e li dekri sa ou bezwen fè pou w vin yon sitwayen ameriken.

# Poukisa pou w vin yon sitwayen ameriken?

Pou w vin yon sitwayen ameriken, ou dwe gen volonte pou w:

- Sèmante pou rete fidèl ak Etazini;
- Abandone fidelite w pou tout lòt peyi; e
- Sipòte e defann peyi Etazini ak Konstitisyon li.

Lè ou vin yon sitwayen ameriken, ou aksepte tout responsabiltè yon ameriken genyen. Ann echanj, ou genyen sèten dwa ak privilèj. Rezidan pèmanan yo gen pifò nan menm dwa ak sitwayen ameriken yo, men gen rezon ki pi enpòtan pou w konsidere vin yon sitwayen ameriken, tankou:

- **Vote:** Se sèlman sitwayen ameriken ki kapab vote nan eleksyon federal yo. Nan pifò eta yo, se sèlman sitwayen ameriken ki gen dwa pou vote nan eleksyon.
- **Sèvi nan yon jiri:** Se sèlman sitwayen ameriken ki kapab sèvi nan yon jiri federal. Nan pifò eta yo, se sèlman sitwayen ameriken ki gen dwa sèvi nan yon jiri. Sèvi nan yon jiri se yon responsabiltè enpòtan pou sitwayen ameriken.
- **Vwayaje ak yon paspò ameriken:** Yon paspò ameriken pèmèt ou jwenn asistans nan men gouvènman ameriken an lè ou aletranje, lè sa nesesè.
- **Fè manm fanmi w antre Etazini:** Sitwayen ameriken yo jeneralman gen priyorite lè y ap fè pètisyon pou fè manm fanmi yo rantre definitivman nan peyi sa a.
- **Resevwa sitwayènte pou timoun ki fèt aletranje:** Nan pifò ka, yon timoun sitwayen ameriken ki fèt aletranje vin otomatikman yon sitwayen ameriken.





- **Vin kalifye pou travay federal:** Kèk travay nan ajans gouvènman yo oblije pou w gen sitwayènte ameriken.
- **Vin yon ofisyèl ki eli:** Se sèlman sitwayen ameriken ki kapab vin manm nan ofis federal (Sena oswa chanm reprezantan ameriken) ak kèk fonksyon eta ak fonksyon lokal.
- **Kenbe dwa rezidans ou:** Yo pa kapab retire dwa yon sitwayen ameriken genyen pou l rete Etazini.
- **Vin kalifye pou lajan federal ak bous d etid:** Anpil nan lajan ed finansye, tankou bous pou kolèj ak lajan gouvènman an bay pou rezon byen espesifik, lajan sa yo disponib sèlman pou sitwayen ameriken.
- **Resevwa benefis gouvènman:** Gen kèk benefis gouvènman an ki disponib sèlman pou sitwayen ameriken.



## Pou w jwenn enfòmasyon sou natiralizasyon

Moun ki gen laj 18 ane oswa plis ki vle vin sitwayen ameriken dwe chèche Fòmilè M-476, Yon Gid pou Natiralizasyon (A Guide to Naturalization). Gid sa a genyen enfòmasyon enpòtan kondisyonèl pou satisfè pou natiralizasyon. Li dekri tou fòmilè ou pral bezwen yo pou w kòmanse pwosesis natiralizasyon an.

Pou wè si ou kalifye pou w aplike pou natiralizasyon, vizite Sant Resous pou Sitwayènte nan [www.uscis.gov/citizenship](http://www.uscis.gov/citizenship). Itilize Fòmilè N-400, Aplikasyon pou Natiralizasyon, pou aplike pou natiralizasyon. Ou dwe peye yon frè pou w depoze Fòmilè N-400 la. Pou tcheke frè pou ranpli Fòmilè N-400 oswa nenpòt fòmilè USCIS, vizite [www.uscis.gov/fees](http://www.uscis.gov/fees).

Pou jwenn Fòmilè M-476 ak N-400, rele Telefòn Fòmilè USCIS la nan 1-800-870-3676 oswa pran yo sou [www.uscis.gov](http://www.uscis.gov).

Pou enfòmasyon pi espesifik konsènan pratik ak kondisyon kalifikasyon pou natiralizasyon, repase Màyèl Prensip USCIS la nan [www.uscis.gov/policymanual](http://www.uscis.gov/policymanual). Màyèl Prensip la se depo santralize sou entènèt pou prensip imigrasyon yo.

# Natiralizasyon: Pou w vini yon sitwayen ameriken

Pwosesis pou vin yon sitwayen ameriken rele “natiralizasyon”. Ou kapab aplike pou natiralizasyon lè ou ranpli kondisyon sa yo:

## Kondisyon pou natiralizasyon

1. Rezidans kontinyèl: Ou abite Etazini antanke yon rezidan pèmanan pou yon kantite tan espesifik.
2. Prezans fizik: Montre ke ou te prezan fizikman nan Etazini pou yon peryòd tan espesifik.
3. Tan nan eta oswa distri USCIS la: Montre ke ou te viv nan eta a oswa distri USCIS la pou yon kantite tan espesifik.
4. Bon repitasyon: Montre ke ou te konpòte w nan yon fason ki legal e akseptab.
5. Anglè ak sivik: Ou konnen lang anglè debaz la ak enfòmasyon sou istwa peyi Etazini ak gouvènman an.
6. Fidelite a konstitisyon an: Konprann e aksepte prensip Konstitisyon Etazini an.

Ou kapab kalifye pou kèk eksepsyon ak modifikasyon si:

- Ou se yon resòtisan ameriken;
- Ou se yon anplwaye aletranje nan yon kategori ki kalifye w;
- Ou te fè sèvis militè ki kalifye w; oswa
- Ou se madanm, pitit, oswa paran kèk sitwayen ameriken.

Konsilte Fòmilè M-476, Yon Gid pou Natiralizasyon (A Guide to Naturalization), pou plis enfòmasyon nan [www.uscis.gov/natzguide](http://www.uscis.gov/natzguide). Eitou ou kapab ale wè yon avoka imigrasyon oswa yon lòt ajan kalifye BIA. Gade page 21 pou plis enfòmasyon.

## 1. Rezidans kontinyèl

“Rezidans kontinyèl” vle di ou oblije abite Etazini antanke yon rezidan pèmanan pou yon sèten kantite tan. Majorite moun oblije yon rezidan pèmanan ki an rezidans kontinyèl pandan senk an (oswa twa zan si ou marye ak yon sitwayen ameriken) anvan yo kapab kòmanse pwosesis natiralizasyon an.

Dat ou te vin rezidan pèmanan (dabitid dat la sou Kat Rezidans Pèmanan w lan) se dat senk ane w yo kòmanse. Si ou te kite peyi Etazini pou yon kantite tan long, dabitid sis mwa oswa plis, ou ka “kraze” rezidans kontinyèl ou a.

Si ou kite peyi Etazini pou yon ane oswa plis, li posib ou kapab retounen si ou gen yon pèmi pou w retounen. Ou dwe aplike pou pèmi pou retounen an avan ou kite peyi Etazini. Gade page 17 pou enfòmasyon sou fason pou w aplike pou yon pèmi pou w retounen. Nan prèske tout sitiyasyon yo, okenn nan tan ou te fè Etazini avan ou te kite peyi a pa pral konte pou tan rezidans kontinyèl la. Sa vle di ou pral bezwen kòmanse rezidans kontinyèl ou a ankò **aprè** ou retounen Etazini, e ou kapab bezwen rete tann jiska kat ane ak yon jou anvan ou ka aplike pou natiralizasyon.

Anplis, si ou dwe kite Etazini pou kèk rezon travay, ou kapab bezwen ranpli Fòmilè N-470, Aplikasyon pou Prezève Rezidans pou Natiralizasyon, yon fason pou w prezève pozisyon ou kòm rezidan pèmanan yon fason pou ou kapab chèche jwenn natiralizasyon.

Sonje si ou pa Etazini pandan aplikasyon natiralizasyon w lan ann atant sa kapab vin koze pwoblèm nan kalifikasyon w, espesyalman si ou aksepte travay aletranje.

KENBE REZIDANS KONTINYÈL ANTANKE YON REZIDAN PÈMANAN		
Si ou kite Etazini pou:	Estatè rezidans ou kapab:	Pou w kenbe estatè w la ou dwe:
Plis pase sis mwa	Petèt kraze	Pwouve ke ou te kontinye abite, travay, e/oswa genyen rapò ak peyi Etazini (pa egzanp peye enpo) pandan ou te pati a.
Plis pase yon ane	Kraze	Nan pifò ka yo, ou oblije rekòmanse rezidans kontinyèl la ankò. Aplike pou yon pèmi pou w kapab retounen avan ou vwayaje, si w gen entansyon retounen Etazini antanke yon rezidan pèmanan. Ou kapab bezwen pou w ranpli Fòmilè N-470, Aplikasyon pou Prezève Rezidans pou Natiralizasyon an.

## Pezève rezidans ou pou rezon natiralizasyon: Egzanpsyon pou absans pandan yon ane

Si ou travay pou gouvènman ameriken an, yon enstitisyon rechèch ameriken ki rekoni, oswa kèk konpayi ameriken, oswa si ou se yon manm klèje a k ap sèvi aletranje, ou petèt kapab prezève rezidans kontinyèl ou a si:

1. Ou te prezan fizikman e w te abite Etazini san ou pa t kite l pou omwen yon ane aprè ou te vin yon rezidan pèmanan.
2. Voye Fòmilè N-470, Aplikasyon pou Prezève Rezidans pou Natiralizasyon an, avan ou kite peyi Etazini pou yon ane. Ou dwe peye yon frè pou w depoze Fòmilè N-470 la. Pou tcheke frè pou ranpli Fòmilè N-470 la oswa nenpòt fòmilè USCIS, vizite [www.uscis.gov/fees](http://www.uscis.gov/fees).

Pou plis enfòmasyon, kontakte Telefòn Fòmilè USCIS la nan 1-800-870-3676 e mande pou Fòmilè N-470. Ou kapab jwenn fòmilè a tou sou sit wèb USCIS la nan [www.uscis.gov](http://www.uscis.gov).

### TI KONSÈY



Yon pèmi pou retounen (Fòmilè I-131, Otorizasyon Vwayaj) ak Fòmilè N-470, Aplikasyon pou Prezève Rezidans pou Natiralizasyon pa menm bagay. Ou kapab montre yon pèmi pou retounen nan plas kat rezidans pèmanan w lan (si ou te andeyò peyi Etazini pandan mwens ke 12 mwa) oswa nan plas yon viza (si ou te andeyò peyi Etazini pandan plis ke 12 mwa) lè ou retounen Etazini aprè yon absans tanporè. Sepandan, si ou swete aplike pou natiralizasyon e ou te absan pou plis pase 12 mwa, ou kapab bezwen ranpli tou Fòmilè N-470 la yon fason pou w prezève rezidans ou nan objektif pou w natiralize.

## Egzanpsyon pou pèsonèl militè

Si w ap sèvi nan lame kounye a oswa ou te fèk fini sèvis nan lame ameriken, kondisyon rezidans kontinyèl la ak prezans fizik yo kapab pa gen anyen pou wè ak ou. Ou kapab jwenn plis enfòmasyon nan Fòmilè M-599, Enfòmasyon sou Natiralizasyon pou Moun ki nan Lame a (Naturalization Information for Military Personnel). Chak baz militè dwe genyen yon moun an patikilye pou okipe aplikasyon natiralizasyon epi sètifye yon Fòmilè N-426, Demann pou sètifikasyon sèvis lame oswa sèvis maritim (Request for Certification of Military or Naval Service). Ou dwe voye Fòmilè N-426 la ansanm ak fòmilè aplikasyon w yo. Pou w jwenn fòmilè ou bezwen yo, rele Telefòn Asistans Militè USCIS la nan 1-877-CIS-4MIL (1-877-247-4645). Ou kapab jwenn plis enfòmasyon nan [www.uscis.gov/military](http://www.uscis.gov/military) oubyen ou kapab rele nimewo sèvis kliyantèl la nan 1-800-375-5283.

## 2. Prezans fizik

Prezans fizik vle di ou te la Ozetazini. Si ou se yon rezidan pèmanan ou oblije fizikman prezan Etazini pou omwen 30 mwa pandan senk dènye ane sa yo (oswa 18 mwa pandan twa dènye ane sa yo, si ou marye ak yon sitwayen ameriken) anvan ou aplike pou natiralizasyon.

### **Ki diferans ki genyen ant “prezans fizik” ak “rezidans kontinyèl”?**

“Prezans fizik” se kantite jou ou te fè andedan peyi Etazini e yo pa konte ladan l tan ou pase andeyò peyi Etazini. Chak jou ou pase andeyò peyi Etazini soustrè nan total “prezans fizik” ou a. Si ou kite peyi Etazini pou yon kantite tan ki long oswa si ou fè plizyè ti vwayaj kout andeyò peyi Etazini, petèt ou pap kapab rive ranpli kondisyon “prezans fizik” ou a. Pou w konte tan “prezans fizik”, ou dwe adisyone ansanm tout tan ou te pase Etazini. Epi retire tout vwayaj ou te fè andeyò peyi Etazini. Ti vwayaj kout ale Kanada ak Meksik konte ladan l tou. Pa egzanp, si ou ale Meksik pou yon wikenn, ou oblije mete vwayaj la ladan li lè w ap konte konbyen jou ou pase andeyò peyi a.

“Rezidans kontinyèl” se total tan ou te abite antanke yon rezidan pèmanan Ozetazini anvan ou aplike pou natiralizasyon. Si ou pase twòp tan andeyò peyi Etazini pandan yon sèl vwayaj, ou ka kraze “rezidans kontinyèl” ou a.

## 3. Tan nan eta oswa distri USCIS la

Pifò moun oblije rete nan distri USCIS la oswa eta kote yo aplike pou natiralizasyon an pandan omwen twa mwa. Etidyan yo kapab aplike pou natiralizasyon kote yo ale lekòl la oswa kote fanmi yo rete (si yo depann de paran yo pou sipò).

## 4. Bon repitasyon

Pou w kalifye pou natiralizasyon, ou oblije se yon moun ki gen bon repitasyon. Yo konsidere yon moun pa gen bon repitasyon si li komèt sèten krim pandan senk ane avan l aplike pou natiralizasyon oswa si li bay manti pandan antrevi natiralizasyon an.

## Konpòtman ki kapab montre yon mank bon repitasyon

- Kondui pandan w sou oswa ou sou regilyèman
- Jwèt ilegal
- Pwostitasyon
- Bay manti pou w resewa benefis imigrasyon
- Pa peye pansyon alimantè oswa pa pran swen timoun selon ekzijans tribinal
- Pèsekite yon moun akòz ras, relijyon, peyi orijin, opinyon politik oswa gwoup sosyal li

Si ou komèt kèk krim, ou pap kapab janm vin yon sitwayen ameriken e yo pral petèt mete w deyò nan peyi a. Krim sa yo se “baryè” pou natiralizasyon. Krim ki rele deli grav (si yo komèt 29 novanm 1990 oswa aprè), ki gen ladan yo: ansasinay, vyòl, abi seksyèl sou timoun, atak vyolan, trayizon, ak trafik dwòg ilegalman, trafik zam afe, oswa trafik moun se kèk egzantp baryè pèmanan pou natiralizasyon. Nan pifò ka yo, imigran yo te libere oswa lage pou sèvi nan fòs lame ameriken paske yo se imigran e imigran ki abandone (kraze rak) pòs lame ameriken yo pap janm kapab vin yon sitwayen ameriken.

Yo kapab refize w sitwayènte tou si ou konpòte w kèk lòt fason ki montre ou manke bon repitasyon.

Gen lòt krim ki tanporèman anpeche natiralizasyon. Lè yo tanporèman anpeche natiralizasyon sa vle di an jeneral yo anpeche w vin sitwayen pou jiska senk ane apre ou te komèt krim lan. Tankou:

- Nenpòt krim kont yon moun avèk entansyon pou fè moun lan mehanste;
- Nenpòt krim kont yon pwopriyete oswa kont gouvènman an ki gen rapò ak fwod;
- De oswa plis krim ki gen santans lè yo konbine yo ki bay senk ane oswa plis;
- Enfraksyon lwa sou sibstans ki kontwole yo (pa egzantp lè w itilize oswa vann dwòg ilegal); e
- Pase 180 jou oswa plis pandan senk dènye ane yo nan detansyon oswa nan prizon.

Rapòte nenpòt krim ou te komèt lè w ap aplike pou natiralizasyon. Sa vle di tout krim yo te retire nan dosye w oswa krim ou te komèt avan ou te gen 18 an. Si ou pa di USCIS anyen sou yo, yo kapab refize w sitwayènte e yo kapab pousuiv ou.

## 5. Anglè ak sivik

Jeneralman, ou dwe montre ou gen yon baz pou w li, ekri ak pale anglè. Ou dwe genyen tou yon konesans debaz sou istwa ak gouvènman ameriken an (yo rele sa tou “sivik”). Ou gen obligasyon pou w pase tès anglè ak sivik pou w pwouve konesans ou.

Anpil lekòl ak òganizasyon kominotè ede moun prepare pou egzamen sitwayènte yo. Ou kapab jwenn kesyon pou tès la nan [www.uscis.gov/citizenship](http://www.uscis.gov/citizenship) ak [www.uscis.gov/teststudymaterials](http://www.uscis.gov/teststudymaterials). USCIS ofri yon gwoup materyèl etid gratis, tankou bwochi, kat rapèl, tès pratik ak videyo. Ou kapab jwenn enfòmasyon konsènan klas sitwayènte ak anglè nan [www.uscis.gov/citizenship](http://www.uscis.gov/citizenship).



## 6. Fidelite a konstitisyon an

Ou dwe sipòte e defann peyi Etazini ak konstitisyon an volontèman. Ou deklare atachman w oswa lwayote w pou peyi Etazini ak konstitisyon an lè ou prete Sèman pou fidelite a. Ou vin yon sitwayen ameriken lè ou prete Sèman pou fidelite.

Nan kèk sitiyasyon, kapab gen modifikasyon nan Sèman pou fidelite a. Si ou montre ke ou gen yon andikap fizik oswa nan devlopman ki fè ou pa kapab konprann siyifikasyon Sèman an, yo kapab pase sou sa.

Si ou genyen yon aplikasyon natiralizasyon ann atant epi ou demenaje, ou oblije fè USCIS konnen nouvel adrès ou an. Ranpli Fòmilè AR-11, Chanjman Adrès la, nan entèval 10 jou apre w demenaje. Pou plis enfòmasyon oswa chanje adrès ou sou entènèt, vizite [www.uscis.gov/addresschange](http://www.uscis.gov/addresschange) oswa rele Sèvis Kliyantèl nan 1-800-375-5283. Ou dwe fè USCIS konnen **chak fwa** ou chanje adrès.

## Egzanpsyon, Eksepsyon, ak Akomodasyon

### Eksepsyon pou lang anglè ak dwa sivik

Gen moun ki aplike pou natiralizasyon ki genyen kondisyon diferan pou ranpli pou egzamen akòz laj yo epi kantite tan yo genyen depi yo abite Etazini.

## EGZANPSYON POU EGZIJANS ANGLÈ AK DWA SIVIK

Si ou:	Abite antanke rezidan pèmanan Etazini pandan Etazini pandan:	Ou pap pran:	Ou oblije pran:
Gen 50 an oswa plis	20 tan	Egzamen anglè	Egzamen sivik nan lang ou
55 an oswa plis	15 ane	Egzamen anglè	Egzamen sivik nan lang ou
Gen 65 ane ou plis	20 tan	Egzamen anglè	Egzamen sivik senplifye nan lang ou

Si ou pa bezwen pran egzamen anglè a, ou oblije vini ak pwòp tradiktè ou pou w pran egzamen sivik la.

### Eksepsyon medikal

Si ou gen yon andikap fizik oswa nan devlopman oubyen difikilte mantal, ou kapab chèche yon eksepsyon sou egzijans pou Anglè ak/oswa Dwa sivik. Pou jwenn plis enfòmasyon, rele Telefòn Fòmilè USCIS la nan 1-800-870-3676 epi mande pou Fòmilè N-648 oswa pran yon kopi sou sit wèb USCIS la nan [www.uscis.gov/n-648](http://www.uscis.gov/n-648).

### Akomodasyon pou andikap

USCIS fè tout efò posib pou ede aplikan avèk andikap yo konplete pwosesis natiralizasyon. Pa egzanp, si ou itilize yon chèz woulant, USCIS pral asire l ke ou kapab fè anprent, pase entèvyou, e natiralize nan yon lokal ki fasilite aksè pou chèz woulant. Si ou soud oswa gen pwoblèm tande e w bezwen yon entèprèt pou lang siy, USCIS pral fè aranjman avèk ou pou gen youn nan entèvyou a. Si ou bezwen yon aranjman akòz andikap, tanpri rele Sèvis Kliyantèl la nan 1-800-375-5283 oswa 1-800-767-1833 (pou moun ki gen pwoblèm tande) pou w mande yon aranjman.

## Seremoni natiralizasyon

Si USCIS apwouve aplikasyon pou natiralizasyon w lan, ou oblije ale nan yon seremoni epi prete Sèman pou fidelite a. USCIS pral voye ba ou yon Fòmilè N-445, Avi Seremoni Sèman Natiralizasyon, pou di w lè ak dat seremoni w lan. Ou oblije ranpli fòmilè sa a epi pote li nan seremoni w lan.



Si ou pa kapab ale nan seremoni an, ou kapab mande yon lòt dat pou seremoni w lan. Pou mande pou yon lòt jou, ou dwe voye Fòmilè N-445 la tounen nan biwo USCIS ki nan lokalite w la ansanm ak yon lèt ki esplike poukisa ou pa kapab ale nan seremoni an.

Ou pral remèt kat rezidans pèmanan w lan bay USCIS lè ou anrejistre pou seremoni an. Ou pap bezwen kat ou a ankò paske ou pral resevwa yon Sètifika Natiralizasyon nan seremoni an.

Ou pa yon sitwayen ameriken toutotan ou pa prete Sèman pou fidelite a. Yon ofisyèl pral li chak pati Sèman an dousman e l ap mande w pou repete mo yo. Aprè ou fin prete Sèman an, ou pral resevwa Sètifika Natiralizasyon w lan. Sètifika sa a pwouve ou se yon sitwayen ameriken.

Seremoni Sèman pou fidelite a se yon evènman piblik. Anpil kominote genyen seremoni espesyal chak ane nan Jounen Endepandans lan, 4 jiyè. Tcheke pou w wè si kominote w la genyen yon seremoni sitwayènte espesyal 4 jiyè e tcheke ki jan ou kapab patisipe. Anpil moun vini ansanm ak fanmi yo pou selebre aprè seremoni an.

## Ou sou bon wout la

Nou espere ou te jwenn gid sa a itil. Li te ekri pou ede w kòmanse lavi w nan Etazini, epi pou ede w konprann dwa w ak responsabilite w antanke yon rezidan pèmanan. Gid sa a di w fason ou kapab mete men pou patisipe nan kominote w la. Li fè w konnen tout bagay ou dwe aprann si ou vle natiralize kòm sitwayen ameriken. Vizite sit wèb USCIS la nan [www.uscis.gov](http://www.uscis.gov) pou aprann plis. W ap jwenn lòt materyèl itil nan [www.welcometousa.gov](http://www.welcometousa.gov).

Paske ou isit kounye a, ou gen yon chans pou w fè eksperyans tout bagay ke lavi nan peyi sa a kapab ofri. Nou swete w byenvini kòm rezidan pèmanan e nou swete w yon lavi ki chaje siksè nan Etazini.









**U.S. Citizenship  
and Immigration  
Services**

[www.uscis.gov](http://www.uscis.gov)